Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**A. S. Sagdullaev, V. A. Kosteckiy**

# ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍ

*6-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq*

*Tolıqtırılǵan hám dúzetilgen ózbekshe*
*5-basılıwınan qaraqalpaqsha 6-basılıwı*

*Ózbekistan Respublikası*
*Xalıq bilimlendiriw ministrligi*
*tárepinen usınılǵan*

**«Yangiyoʻl Poligraf Servise»**
**Tashkent – 2017**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**UO‘K: 94(100)=512.121(075.3)**
**KBK: 63.3(5O‘)ya72**
**S 16**
**Sagdullayev, A.**
**Áyyemgi dúnya tariyxı 6-klass**: 6-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq / A. Sagdullaev, V. Kosteckiy - Tolıqtırılǵan hám dúzetilgen ózbekshe 5-basılıwınan qaraqalpaqsha 6-basılıwı. A. S. Sagdullaev, V. A. Kostecki – Tashkent.: «Yangiyo‘l poligraf servise», 2017. - 192 b.

UO‘K: 94(100)=512.121(075.3)
ISBN 978-9943-382-90-9 KBK: 63.3(5O‘)ya72

**Pikir bildiriwshiler:**

*Akademik, tariyx ilimleriniń doktorı* **Yu. F. Buryakov**,
*Tariyx ilimleriniń kandidatı* **Ó. M. Mablanov**,
*Tariyx ilimleriniń kandidatı* **N. T. Palbonov**.

Sabaqlıq materialları ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń tariyx páni boyınsha standartlastırılǵan oqıw baǵdarlamaları tiykarında qayta islengen. Mámleketlik bilimlendiriw standartlarına sáykes. Sabaqlıq Ózbekistan hám sırt el eller tariyx oqıtıwshılarınıń is tájiriybesi tiykarında islep shıǵıldı. SamISI janındaǵı 1-akad. Litcey jámáátine ayrıqsha minnetdarshılıq bildiremiz.

**Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

© «Yangiyo‘l Poligraf Servis», 2013, 2017
© A. Sagdullayev, V. Kostetskiy, 2013, 2017

ISBN 978-9943-382-90-9

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

Avtorlardan ....................................................................................5

I-BÓLIM
EŃ ÁYYEMGI DÚZIM

1 - §. Áyyemgi tariyx – civilizaciyanıń baslanıwı ..............................8
2 - §. Eń áyyemgi adamlardıń rawajlanıwınıń
dáslepki basqıshları .................13
3 - §. Urıwshılıq jámiyeti .........................................................18
4 - §. Eneolit hám qola ásiri diyqanları ..........................................22
5 - §. Temir ásirine ótiw dáwirinde Orta Aziyanıń rawajlanıwı .......25

I-BÓLIM
ÁYYEMGI SHÍǴÍS HÁM ORTA AZIYA

6 - §. Nil alabı hám onıń xalqı......................................................28
7 - §. Ayyemgi Mısr...................................................................32
8 - §. Áyyemgi Mısr dini.............................................................35
9 - §. Piramidalar hám maqbaralar ...............................................37
10 - §. Áyyemgi Mısr mádeniyatı..................................................40
11 - §. Mesopotamiya civilizaciyalar .............................................43
12 - §. Bobil patshalıǵı...............................................................49
13 - §. Aldıńǵı Aziya mámleketleri ...............................................53
14 - §. Ahamoniylar mámleketi ....................................................57
15 - §. Áyyemgi Hindistan civilizaciyaları .....................................61
16 - §. Eramızǵa shekemgi I mıńjıllıqtaǵı Hindistan .......................65
17 - §. Áyyemgi Qıtaydıń civilizaciyaları.......................................68
18 - §. Eramızǵa shekemgi III – eramızdıń II ásirlerindegi Qıtay...72
19 - §. Ózbekistan aymaǵındaǵı dáslepki mámleketler.................75
20 - §. Zardushtiylik ...................................................................80

III-BÓLIM
ÁYYEMGI GRECIYA

21 - §. Antik tariyxınıń baslanıwı..................................................84
22 - §. Áyyemgi Greciyanıń gúlleniwi ...........................................86
23 - §. Grek koloniyaları .............................................................91
24 - §. Afinada demokratiya.........................................................93



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

25 - §. Grek-parsı urısları ........................................................98
26 - §. Greciyanıń Makedoniya tárepinen basıp alınıwı ..............102
27 - §. Puqara tárbiyası ........................................................104
28 - §. Áyyemgi Greciya mádeniyatı........................................107
29 - §. Áyyemgi Greciya alımlar hám oyshıllar ............................ 111
30 - §. Áyyemgi Greciya mifleri................................................. 115

## IV – BÓLIM

## ERAMÍZǴA SHEKEMGI VI – ERAMÍZDÍŃ III ÁSIRLERINDEGI ORTA AZIYA

31 - §. Orta Aziyada Ahamoniylerdiń ústemligi ............................ 118
32 - §. Orta Aziya xalqınıń grek-makedon basıp alıwshılarına qarsı gúresi .........123
33 - §. Salavkiyler mámleketi hám Grek-Baktriya patshalıǵı .......129
34 - §. Áyyemgi Xorezm, Qańha hám Dovon mámleketi.............133
35 - §. Kushan patshalıǵı .........................................................137
36 - §. Ullı Jipek jolı ..............................................................142

## V-BÓLIM

## ÁYYEMGI RIM

37 - §. Áyyemgi Italiya .............................................................145
38 - §. Rim respublikası............................................................148
39 - §. Rim respublikasınıń turmısı ............................................152
40 - §. Jer Orta teńizinde ústemlik ushın gúres...........................155
41 - §. Qullar hám gladiatorlar...................................................160
42 - §. Rim respublikasınıń qulawı ............................................164
43 - §. Rim imperiyasınıń qulawı ..............................................168
44 - §. Áyyemgi Rim mádeniyatı.................................................172
Juwmaqlaw.............................................................................179
Taryixıy atamalar sózliǵi .......................................................181
Juwmaqlawshi tákirarlaw.......................................................184
ÁyyemgI dúnya tariyxına tiyisli tarıyxıy hám geograflyalıq atamalar...................185
Áyyemgi dúnya tariyxındaǵı atamalar .....................................186
Áyyemgi dúnya tariyxı sánelerde..............................................187



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Avtorlordon

5-klasta «Tariyxtan gúrrińler» menen tanısqan edińiz. Siz endi uzaq ótmish haqqındaǵı bilimler qalay jámlengenin bilip aldıńız.

6-klasta alıs-alıs zamanlarǵa sayaxatımızdı dawam ettiremiz, eń áyyemgi mámleketler hám xalıqlar tariyxı, mádeniyat hám úrp-ádetleri menen tanısıp shıǵamız.

Mesopotamiya, Mısr, Greciya, Rim mámleketleri hám Orta Aziyanıń dáslepki mámleketleri húkimdarlıǵı dáwirinen berli mıń jıllar ótti. Biraq, áyyem zamanlarda adamlar jaratqan kóplegen nárselerden búgin de kúndelikli turmısımızda paydalanıp kelmektemiz. Bul miynet quralları, gúlal buyımlar, dóńgelek, tastan islengen suw ótkizgishler, gezlemeler, jazıw hám basqalar bolıp tabıladı. Áyyemgi zaman avtorları jazıp qaldırǵan shıǵarmalar házirge shekem adamlarǵa bilim hám tárbiya bermekte.

Ilimpazlar jer betinde bir waqıtları júz bergen waqıyalardı qaytadan tiklew ushın qanshadan-qansha kúsh-ǵayrat jumsadı. Olar, áyyemgi qalalardı taptı, qazıw jumısların alıp bardı, terige, gúlal zatlarǵa, papirusqa, sonday-aq, teńgelerge jazılǵan sırlı jazıwlardı oqıdı. Siz endi arxeologiyalıq tabılmalar neler haqqında aytıp beretuǵının bilesiz. Áyyemgi jazıwlardı úyreniw menen epigrafika, teńgelerdi izertlew menen bolsa numizmatika degen arnawlı pánler shuǵıllanadı.

Insaniyat júdá ápiwayı miynet quralların̂an ónermentshilik dúrdanaların islew, ıqsham ǵana turaq jay qurıwdan qalalar qurıwǵa shekemgi bolǵan uzaq joldı basıp ótti. Eń áyyemgi qalalar hám mámleketlerdiń qurılıw dáwirin ilimpazlar civilizaciya dep ataydı. Dáslepki civilizaciyalar tariyxı Áyyemgi Shıǵıstan, soń Greciyadaǵı Krit atawınan baslanǵan edi. Áyyemgi civilizaciyalar jáhánniń kóp ǵana úlkeleri sıyaqlı Orta Aziyada, sonıń ishinde Ózbekistan aymaǵında da payda boldı.



**Áyyemgi jazıw úlgileri**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jer betinde adam payda bolǵannan baslap, biziń eramızǵa shekemgi 476-jılı Batıs Rim imperiyası qulaǵanǵa shekem bolıp ótken waqıyalar, tariyx iliminde Áyyemgi dúnya tariyx dep ataladı. Bul tariyx hár qıylı arxeologiyalıq hám jazba derekler tiykarında úyreniledi.

Áyyemgi dúnya tariyxı Áyyemgi Shıǵıs, Greciya hám Rim sarayınıń xızmetkerleri hám patshalarınıń hár qıylı jılnamaları (waqıyalardıń jılma-jıl kórsetilip barılıwı), nızamlar jıynaǵı, biografiyalarında (ómirbayanı) sáwlelendirilgen. Olarda basıp alıwlar hám urıslar, shirkewler, saraylar hám qorǵanlar qurılısı, ónermentshilik hám diyqanshılıq, eski pánler hám kórkem óner haqqında gúrriń etiledi.

Alımlar oqıǵan eski tekstler, mısalı «Piramidalar tekstleri» hám «Marhumlar kitabı» mısrlılar tariyxı haqqında, «Rigveda» – hindler, al «Avesto» Orta Aziya xalıqları tariyxınan gúrriń etedi.

Nil oypatındaǵı Mısr piramidaları kompleksi, Dajla hám Frot aralıǵındaǵı Bobil, Hind oypatındaǵı Moxenjodaro, Irandaǵı Persepol, Greciya, Rim hám Orta Aziyanıń kóplegen áyyemgi qalaları pútkil dúnyaǵa belgili.

Biraq, áyyemgi dúnya tariyxına tiyisli ele ashılmaǵan sırlar az emes. Múmkin birewińizge olardı ashıw nesip eter. Tariyx bizge kóp nárseni úyretedi. Onı «ullı oqıtıwshı» dep biykarǵa aytpaydı. Sonlıqtan hár birimiz óz Watanımızdıń tariyxın biliwimiz hám basqa eller xalıqlarınıń tariyxına hám mádeniyatına húrmet penen qarawımız kerek. Bul sabaqlıqtı oqıy otırıp, kóplegen túsiniksiz, qıyın sózlerge, tariyxıy atama hám frazalarǵa dus kelesiz. Olardı yadlaw, este saqlaw kerek boladı.



**Teńgelerdegi jazıwlar**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Sabaqlıq teksti menen islesiw

Bul másláhátlerimizdi diqqat penen oqıń, olar úyrenilip atırǵan temańızdı eslep qalıwıńızǵa járdem beredi.

Úyge tapsırmalardı tayarlawda tómendegilerge itibar beriń:

1.Sabaqta jazıp alǵanlarıńızdı bir neshe ret oqıń.

2. Oqıwdan burın temadaǵı kishi temashalarına itibar beriń, sabaqta neler haqqında aytılǵanın esleń.

3. Hár bir tema aqırında berilgen sorawlardı oqıń. Sonda siz jazǵanlarıńızdı oqıǵanıńızda nelerge itibar beriw zárúrligin hám oqıǵanlarıńızdı qanday tártipte bayan etiw kerekligin bilip alasız.

4. Tekstti tiyisli bólimlerge bóliń hám hár biriniń tiykarǵı mazmunın óz sózlerińiz benen aytıń, keyin pútkil temanı sóylep beriń. Ayta almasańız, qıyın jerlerin qaytadan oqıń. Tákirarlań. Sabaqlıq tekstin yadlap alıw zarúr emes.

5. Tekstti oqıw barısında onda esletilgen súwret hám kestelerdi tabıń, túsiniklerin oqıń, tekstte ushırasqan qalalardıń, mámleketlerdiń atların kartadan tabıń.

6. Sorawlarga juwap beriń hám tema aqırındaǵı tapsırmalardı orınlań.

Eger siz hár bir paragraf sońıńda berilgen tayanısh konspektleri boyınsha tariyxtı úyreniwge qarar etseńiz tómendegi wazıypalardı orınlawıńız kerek:

1. Sabaqlıq paragrafları tekstti tayanısh konspekt sózler menen salıstırıp kóredi.

2. Konspektten paydalanıp paragraftı bir neshe ret aytıp beriń.

3. Tayanısh sózlerdi yadtan aytıp beriwge háreket etiń (tereń pikirlegennen keyin ǵana ózlestiriw kerek).

4. Bir neshe saattan keyin jáne bir ret tayanısh konspektin tákirarlań.

Biz, sabaqlıq avtorları, ustazıńız benen birge Sizge uzaq ótmishke sayaxat etiwge, mádeniy estelikler menen tanısıw hám áyyemgi dúnya tariyxın úyreniwge járdem beremiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# I-BÓLIM
# EŃ ÁYYEMGI DÚZIM

## 1-§. Áyyemgi tariyx – civilizaciyanıń baslanıwı



Áyyemgi qala qorǵanları

### Áyyemgi tariyxtı úyreniw

Insaniyattıń áyyemgi tarıyxın túrli taraw ilimpazları úyrenip shıqtı. *Arxeologlar* áyyemgi zamanlarda adamlar jasaǵan eski mákan jaylarda qazıw jumısların ámelge asıradı.

Áyyemgi adamlardıń qaldıqların (skelet hám bas súyegi) dıqqat penen tekserip kórgen *antropologlar* olardıń sırtqı kórinisin qaytadan jaratıwǵa, mıń jıllar dawamında adamlardıń sırtqı kórinisinde júz bergen ózgerislerdi kózden ótkeriwge háreket etedi.

*Etnograflar*, házirde tiri qáwim hám xalıqlardı, áyyemgi adamlardıń saqlanıp qalǵan kóp ǵana dástúrleri, xojalıq hám mádeniy úrp-ádetlerin úyrenedi.

***Ózińizdi sınań!***

***Arxeologlar* – ...    *Etnograflar* – ...**
***Antropologlar* – ...**



Áyyemgi qoljazbalardıń qaldıqları

### Áyyemgi tariyx boyınsha dárekler

Biz úlkemizdiń áyyemgi tariyxın qalay úyrenemiz? Úlkemizdiń eń áyyemgi tariyxınıń keń tarqalǵan deregi arxeologlar tárepinen tabılǵan materiallıq derekler esaplanadı. Miynet quralları, gúlal ıdıslar, qural-saymanlar, taǵınshaqlar, qullası, áyyemgi insan qolı menen jasalǵan hámme nárseler solar qatarına kiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jazba dereklerdiń tabılıwı menen ilimpazlarǵa áyyemgi mıń jıllıqlar tariyxın tiklew ańsatlastı. Orta Aziya tariyxı boyınsha eń áyyemgi jazba derek zardushtiylerdiń muqaddes kitabı «*Avesto*» esaplanadı. Onda jurtımızdıń áyyemgi tariyxıy wálayatları *Baktriya, Soǵdiana, Xorezm* xalqı mádeniyatı tariyxı haqqında bayan etiledi.

Áyyemgi dáwır tariyxına baylanıslı jáne bir jazba derek Behistun jartasları jazıwları esaplanadı. Behishtun jartasları Irandaǵı Kirmanshah qalası janında jaylasqan.

Parsı patshası Dara I diń buyrıǵı menen jartasqa oyıp jazılǵan úsh tildegi áyyemgi parsı,elam hám bobıl tilindegi jazıwlarda ol ózi basıp alǵan eller hám xalıqlar atap aytqanda, Xorezm, Sogdiana, Baktriya mámleketleri atap ótiledi.

**Biziń eramızǵa shekemgi V ásirde** áyyemgi grek tariyxshısı Gerodot túrli ellerge sayaxat etip, toǵız kitaptan ibarat “Tariyx” shıǵarmasın jazdı. Onda úlkemizdiń áyyemdi xalqı haqqında maǵlıwmatlar beriledi.

**B.e. shekemgi I ásir** aqırlarında ótken áyyemgi grek tariyxshısı hám geografı Strabon “Geografiya” shıǵarmasında Orta Aziya xalıqlarınıń mádeniyatı haqqında maǵlıwmatlar keltiredi.

**Eramızdıń I ásirinde** áyyemgi Rim tariyxshısı Kvint Kursiy Ruf Aleksandr tariyxı” degen shıǵarma jazǵan. Aleksandr Makedonskiydıń Oraylıq Aziyaǵa askeriy atlanısları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı keltirgen.

**Eramızdıń II ásirinde** jasaǵan grek tariyxshısı Arrian da “Aleksandrdıń áskeriy



«Avesto» qoljazbasınıń beti



Áyyemgi grek tariyxshısı – Gerodot



Gúlal ıdıstaǵı jazıw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

atlanısları" («Aleksandr anabasisi») degen shıǵarma jazǵan.

Usı derekler, sondayaq, sońın ala jaratılǵan ilimiy jumıslar sebepli alımlar jurtımızdıń áyyemgi tariyxın úyreniwge miyassar boldı.



Orta Aziya tawları

### Ózińizdi sınań!

***Gerodot – ...***
***Strabon – ...***
***Arrian – ...***
***Kvint Kursiy Ruf – ...***
***Behistun jazıwları – ...***

## Ózbekistan hám jáhán civilizaciyası

Ózbekistan geografiyalıq jaqtan bir qansha úlken aymaqtı iyelegen. Ámiwdárya hám Sırdárya aralıǵı, Ferǵana, Zarafshan oypatları hám Surxandárya oazisi óziniń ónimdarlı hám ıssı klimatı menen adamzattıń eń áyyemgi mákanlarınıń birine aylanǵan. Qolaylı geografiyalıq zonada jaylasqanlıǵınan Shıǵıs hám Batıs ellerin baylanıstırǵan. Bunda Ózbekistannıń áyyemgi qalaları arqalı ótken Ullı Jipek jolınıń áhmiyeti oǵada úlken.



Dáslepki ańshılar Áwmetli awdan soń

Ózbekistan adamzat mádeniyatı tariyxınıń eń áyyemgi orınlarınan biri esaplanadı.

Bul jerde jergilikli xalıq bir neshe júz mıń jıllıqlar dawamında jasaǵan. B.e.shekemgi VI–V ásirlerde jurtımızdıń xalqı, wálayatları haqqında maǵlıwmatlarǵa iye bolǵan. Orta Aziyanıń eń iri dáryası – Ámiwdárya hám Sırdárya, Hindikush, Pamir, Tyan-Shan tawlarınan baslanatuǵın tez aǵatuǵın dárya suwları menen tolıp teńizge quyılǵan. Dáryalardıń oazisleri boylap áhmiyetli saw-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da jolları ótken. Bunnan 5-4-mıń jıllar burın Orta Aziyanıń áyyemgi xalqı menen Áyyemgi Shıǵıs elatları arasında keń mádeniy baylanıslar baslanǵan. Eski ziyarat orınların qazıw payıtında arxeologlar Hindistan, Iran hám Mesopotamiya ónermentleri tárepinen tayarlanǵan gúlal hám metall ıdıslar, zergerlik buyımların tapqan.



**Tolıp aǵıp atırǵan Ámiwdárya**

## Eń áyyemgi dúzimdi dáwirlestiriw

Dúnyadaǵı barlıq xalıqlar alǵashqı jámiyetlik dúzimin bastan keshirgen.

Adamzattıń rawajlanıwındaǵı birinshi basqısh adamlardıń alǵashqı toparǵa birlesiwi bolıp, bul topar ózinde eń áyyemgi adamlardıń úlken jámáátin birlestirgen edi.

**Este saqlań!**

Alıs ótmishte Orta Aziyada jasawshı xalıqlar menen Áyyemgi Shıǵıs elleri arasında keń mádeniy baylanıslar baslanǵan.

**Eń áyyemgi qáwimshilik dúzimi** – adamzat tariyxınıń barlıq miynet quralları ortalıq bolǵan, barlıq adamlar teń miynet etken bir dáwir esaplanadı.

**Alǵashqı topar** – turmıs hám miynettiń ulıwmalıǵı tiykarında birlesken eń áyyemgi adamlar jámááti bolıp tabıladı.

**Alǵashqı** topar áste-aqırın bólinip ketip, tuwısqanlardıń óz aldına awqamına – urıw jámáátine aylana basladı.

**Urıw** – birgelikte jasaǵan hám miynet etken, ulıwma miynet quralları hám qural-jaraqlarǵa iye bolǵan aǵayinler jámááti esaplanadı.



**Adamlar jámáát bolıp miynet etken**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Jabayı atlar úyirin awlaw**

Dáslepki urıw jámáátleri hayal yaǵnıy ana dógereginde jámlese baslaǵan. Adamzat tariyxındaǵı bul basqısh ana áwladları dáwiri – matriarxat dáwiri dep ataladı.

Biraz keyin, miynet quralları hám xojalıq júrgiziw formaları qáliplesken sayın jámááttegi jetekshilik roli áste aqırın er adamnıń biyligine óte basladı, endi er adam qáwimge basshı bolıp qaldı. Ilimpazlar adamzat tariyxındaǵı bul dáwirdi *patriarxat* – ata urıwı dep atadı. Patriarxat penen eń áyyemgi qáwimshilik dúzimi de aqırına jetti.

Eń áyyemgi adamlar dáslepki miynet quralların tastan jasaǵanı sebepli arxeologlar adamzat tariyxı baslanıwın «tas dáwiri» dep ataǵan. Tas dáwiri bir qansha uzaq dawam etken. Sonıń ushın da onı tómendegi basqıshlarǵa bóledi, atap aytqanda:



**Tastan jasalǵan miynet quralları**

– áyyemgi tas dáwiri – paleolit (grekshe «paleos» – «áyyemgi» hám «litos» – «tas» sózlerinen);

– orta tas dáwiri – mezolit («mezos»–«orta»);

– jańa tas dáwiri – *neolit* («neos»–«*jańa*»);

– mıs-tas dáwiri – *eneolit* (latınsha «eneus» – «*mıs*») hám grekshe «litos» – «*tas*» sózlerinen).

**Este saqlań!**

Paleolit:
- **alǵashqı** → eramızdan 1 million – 100 mıń jıl burın.
- **orta** → eramızdan 100–40 mıń jıl burın.
- **sońǵı** → eramızdan 40–12 mıń jıl burın.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Tayanısh konspekt*

materiallıq, zatlar → miynet quralları
materiallıq, zatlar → tağınshaqlar
materiallıq, zatlar → qural-jaraqlar

tariyxıy derekler ↑ materiallıq, zatlar
tariyxıy derekler ↓ jazba derekler

jazba derekler → «Avesto»
jazba derekler → Gerodot
jazba derekler → Strabon
jazba derekler → Kvint Kursiy Ruf
jazba derekler → Arrian

→ arxeologlar
→ antropologlar
→ etnograflar
→ paleolit → mezolit → neolit → eneolit
→ matriarxat → patriarxat



**Sońģı paleolit dáwiri mákan jayı**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Nege arxeologlar adamzat tariyxınıń baslanıwın «tas dáwiri» dep ataģan?
2. Tas dáwirlerin sanap beriń. Nege olar bulay atalģan?
3. Ilimpazlar tariyxtı qayta tikleytuģın dereklerdiń atın aytıp beriń.
4. Tariyxtı úyreniwde paydalanılģan qanday materiallıq dereklerdi bilesiz?
5. Arxeologiya, antropologiya hám etnografiya sıyaqlı pánler haqqında nelerdi bilesiz?

## 2-§. Eń áyyemgi adamlardıń rawajlanıwınıń dáslepki basqıshları

### Eń áyyemgi adamlar



**Taw sarqıraması**

Adam qalay payda bolģanlıģı haqqında ilimiy, diniy, ápsanalıq kóz-qaraslar bolıp, biz bul máseleni ilimiy tiykarda, antropologiya hám arxeologiyalıq maģlıwmatlarģa súyengen halda úyrenemiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jer betindegi alǵashqı adamlar qáddi-qáwmetin tik tutıp júretuǵın, miynet quralların jasaw hám olardı qollanıwdı biletuǵın olarǵa haywanat dúnyasınan ajıralıp turıwına imkaniyat bergen.



**Ayıwdı awlaw**

Júdá ápiwayı tas miynet qurallarınjasawdı biletuǵın eń áyyemgi adam súyekleri, qaldıqların ilimpazlar túrli aymaqlardan tawıp úyrengen, solardan, Qubla Afrikadan – *avstralopitek*, Shıǵıs Afrikadaǵı Zinj oypatlıǵınan – *zinjantrop*, Yava atawınan (Indoneziya) – *pitekantrop*, Qıtay aymaǵınan – *sinantrop*, Germaniyadan – *neandertal* hám Franciyadaǵı Kromanyon úńgirinen – házirgi túrdegi adam – *kromanyon* súyekleri tabılǵan.

Jer betinde klimat jıllı bolǵan waqıtlarda insan mákan jayları kishkene dáryalar yamasa saylar átirapındaǵı tóbeliklerde jaylasqan edi. Alǵashqı paleolittiń sońǵı dáwirlerinde Ullı muzlaw dáwiri baslandı. Eń dáslepki adamlar qattı sınaqqa dus keldi. Bul jaǵday adamlardı jańasha turmıs sharayatına iykemlesiwine májbúrledi. Bunday payıtlarda kúshliler ǵana jasap qalǵan.

**Este saqlań!**
Orta Aziyada tastan islengen áyyemgi miynet quralları Ferǵana oypatlıǵındaǵı *Selingur* mákanınan hám Tashkent oypatlıǵındaǵı *Kólbulaq* aymaǵınan da tabılǵan.

## Áyyemgi adamlardıń kásibi

Tariyx pánińde eń áyyemgi adamlar alǵashqı adamlar dep ataladı. Olardıń mákanları Afrika, Aziya hám Evropanıń kópǵana mámleketlerinen tabılǵan.

Orta Aziyada tastan jasalǵan áyyemgi miynet qurallari Ferǵana oypatlıǵındaǵı Selungur mákan jayınan hám Tashkent átirapındaǵı Kólbulaqtan da tabılǵan. Bunday turpayı tas qurallarınıń ushı bir tárepke qaratıp egelgen edi. Arxeologiya iliminde pániñde bul tas qurallarıı *shopperler* dep atalǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Miynet quralları adamlarǵa azıq-awqat tabıw ushın zárúr bolǵan. Dáslepki miynet quralları bir qansha ápiwayı edi. Ushı qayralǵan tas hám tayaq penen qurallanǵan adam haywanlardı awlaǵan, ushı ótkir tayaq járdeminde ósimliklerdiń jewge bolatuǵın tamırları hám tamır miywelerin qazıp alǵan.

Tábiyat insanǵa neni inam etse, adam sonı alǵan, tapqan azıǵı menen qanaatlanǵan. Sonıń ushın da adamlardıń eń áyyemgi kásibi bolǵan *terimshilik* hám *ańshılıq ózlestiriwshi xojalıq* dep ataladı.

Baysın tawlarında tabılǵan *Tesiktas* úńgiri orta paleolit dáwiri mádeniyatınıń dúnyaǵa belgili bir esteligi esaplanadı. Tesiktas úńgirinen tas quralları, haywanlar hám olardıń bólekleri, taw eshkisi, kiyik, jabayı at, qaplan, qoyan, mayda kemiriwshiler, sondayaq quslardıń súyekleri tabılǵan.

Tesiktas úńgirinen qazıp alınǵan, tas ásirine tiyisli 8-9 jasar neandertal balanıń súyekleriniń qaldıqları eń áhmiyetli tabılma bolıp tabıladı.

Balanıń denesi qábirge kómilgen. Óliktiń átirapına taw eshkisi shaqları shanshıp shıǵılǵan. Óliktiń jerleniwi dáslepki diniy isenimler menen baylanıslı.



**Tesiktas úngiri tabılmaları**

***Ózińizdi sınań!***

***Shopperler – ...***
***Ózlestiriwshi xojalıq – ...***

## Diniy isenimniń payda bolıwı

Miynet iskerligi, átiraptaǵı dúnya haqqında toplanǵan bilimler áste aqırın insannıń pikirlew qábiletin hám sanasın ózgertip bardı.




**Paleolit dáwiri mákan jayları**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Neandertal bala (Tesiktas)**

Adamlar ózlerine túsiniksiz bolǵan qubılıslar haqqında oylay basladı: kún menen tún, jıl máwsimleriniń almasıwı, vulkanlardıń atılıwı, jer silkiniw hám basqa tábiyat qubılısları adam pikirin ózine tartqan.

Mine, usı qubılıslardıń sebeplerin túsine almaǵan insan gúldirmama, jasın, samal, jawın sıyaqlı tábiyat kúshlerine sıyına baslaǵan.

Ańshılıq hám terimshilik rawajlanǵan dáwirde insan ózin tábiyǵıy jaratılıstan hám qorshap turǵan ósimlikler hám haywanatlar áleminen ajıratpaǵan. Olar tábiyattı janlı dep esaplaǵan. Adamlar tábiyattaǵı hár qıylı qubılıslar negizinde ǵayrı tábiyǵıy kúshler jasırınǵan dep oylaǵan. Olar áne usı kúshlerge sıyına baslaǵan.



**«Áyyemgi súwretshi»**

Adamlar toparrı jámáátiniń belgili bir haywan yamasa ósimlik túri menen tuwısqanlıq qarım-qatnaslarındaǵı isenim *totemizm* dep ataladı.

Adamlardı qorshap turǵan ortalıqta tiri janlar hám ruwxlardıń bar ekenligin úyrenetuǵın ilimdi *animizm* dep ataydı.

Áyyemgi adamlar anaw yaki mınaw buyımlardıń áwmet keltiriwine yamasa qáwipqáterlerdi joq etiwine de isenim bildirgen. Bul sıyınıwdıń túrine *fetishizm* ataması berilgen.



**Oqjay menen ań awlaw**

Sońǵı paleolitke tiyisli bolǵan jartas súwretleriniń tabılıwı eń áyyemgi adamlarda diniy isenimler bolǵanlıǵı haqqında aytıp beredi. Jartas súwretlerinen eń áyyemgileri Ispaniyadaǵı *Altamir*, Franciyadaǵı *Lasko* hám Bashqurtstandaǵı *Kapova* úńgirinen tabılǵan.

Adamlar súwretler kelesi awda ózlerine járdem beredi, dep isengen. Súwretler aldında



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

haywanlardıń háreketine uqsatıp oyınǵa túsken, aw kórinislerin qıyalına keltirgen, nayza ılaqtırıwdı úyrengen.

Áyyemgi jartas súwretleri qımbatlı tariyxıy hújjetlerdir. Olar insan neler haqqında oylaǵanı, qorshaǵan ortalıqtı qay kóriniste pikirlegeni, qaysı haywanlardı awlaǵanı, qanday miynet quralları hám qural-jaraqtan paydalanǵanın bilip alıw hám túsiniwge járdem beredi.

Adamnıń ózin qorshap turǵan ortalıqtı túsiniwge umtılıwı eń áyyemgi súwretlew kórkem óneri rawajlanıwı ushın tiykar bolıp xızmet etti.

**Este saqlań!**
Jartas súwretlerinen eń áyyemgileri Ispaniyadaǵı **Altamir**, Franciyadaǵı **Lasko**, Bashqurtstandaǵı **Kapova** úńgirinen tabılǵan.

### *Tayanısh konspekt*

- dáslepki paleolitt → avstralopitek, zinjantrop, pitekantrop va sinantrop
- órta paleolit → neandertal → Tesiktas
- sóńǵı paleolit → kromanyon
- Eń áyyemgi jartas súwretler → Altamir, Lasko, Kapova úngiri
- diniy isenimler → totemizm → animizm → fetishizm



**Dáslepki súwretshiler**



**Awǵa tayarlıq máresimi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Qıstıń baslanıwı**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Eń áyyemgi adamlar haqqında nelerdi bilesiz?
2. Ózbekistan aymaǵındaǵı qaysı paleolit mákan jayın bilesiz?
3. Eń alǵashqı adamnıń shuǵıllanǵan islerin sanap beriń.
4. Diniy isenimlerdiń payda bolıw sebeplerin aytıń.
5. Dáslepki jartas súwretleri qaysı dáwirde payda boldı?

## 3-§. Urıwshılıq jámiyeti

### Sońǵı paleolit dáwiri



**Kromanyon**

Sońǵı paleolit dáwirinde **(b.e.sh. 40–12 mıń jıllıqlarda)** tastan nárseler jasaw texnikası hám miynet quralların jasaw usılları ózgerdi. Adamnıń aqıl sanası, sırtqı kórinisi de ózgerip bardı. Bul dáwirde házirgi kórinistegi adam – kromanyon adamı jasaǵan edi.

Sońǵı paleolit dáwiri adamınıń mákan jayları Samarqand qalası aymaǵınan, Tashkent wálayatı Ahangaran dáryası oypatındaǵı Kólbulaq mákan jayınıń joqarı mádeniy qatlamlarınan, sondayaq, Ferǵana oypatlıǵınan tabılǵan.



**Úńgirde jasaytuǵın arıslan.** *Tiklengen*

Sońǵı paleolit dáwirinde adamlar bir qansha jetilisken kesiwshi, jarǵılawshı hám jonıwshı miynet quralların isleytuǵın bolǵan. Insan endi taǵınshaqlar – monshaqlar, tumarlar hám júzikler de jasay basladı.

Solay etip, sońǵı paleolitte adamzat óz rawajlanıwında taǵı da bir basqıshqa ilgeriledi. Adamlar tuwısqanlarınan ibarat bolǵan ıqsham toparlarǵa – urıw jámáátlerine birlesti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Urıwshılıq jámiyeti**



**Reńli taslardan islengen monshaq**

Urıw aǵzaları bir jerde jasaǵan. Bir jerde jasap atırǵan bir qansha urıwlar qáwimdi payda etken.

Turaq jaylar qurılısı sońǵı paleolit dáwiri adamlarınıń áhmiyetli jańalıǵı boldı. Kiyim-kenshek tayarlawda haywanlar terisinen paydalanıldı. Insan bul dáwirde jasalma jol menen (aǵashtı bir-birine ısqılaw, shaqmaq tastı bir-birine urıw arqalı) *ot jaǵıwdı* da úyrenip aldı.



**Mamont súyeginen qurılǵan turaq jay**

## Mezolit dáwiri

Mezolit dáwiri (*orta tas dáwiri*) **eramızǵa shekemgi 12-7 mıń jıllıqlardı** óz ishine aladı.

Mezolit dáwiri baslanıwı menen Muzlıq dáwiri aqırına jetti, bul jaǵday klimattıń biraz jılıwına hám adamlar turmısında ózgerisler bolıwına alıp keldi.

Mezolit dáwirinde insan *oq jay j*asawdı úyrenip aldı. Oq jay oylap tabılıwı menen insanda shapqır haywanlar hám quslardı awlaw imkaniyatı payda boldı.

Mezolit dáwiri aqırında insan haywanlardı qolǵa úyrete basladı. Ańshılar iytti qolǵa úyretti, iytler menen birge ańǵa shıqqanda olja



**Órt shıǵarıw processi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Miynet quralın jasaw (islew)**

aldıńǵısına qaraǵanda mol-molaqay boldı. Tiriley uslap alınǵan haywanlardı (qozılar, ılaqlar, dońızlar)di endi adamlar óltirmey, azıq awısıǵı sıpatında saqlap qoyatuǵın boldı.

Mezolit dáwiri aqırında Aldıńǵı Aziyada xojalıqtıń jańa tarmaqları – **alǵashqı gúndeli diyqanshılıq hám sharwashılıq** payda boldı.

Búgingi kúnde Orta Aziyada mezolit dáwirine tiyisli júzden aslam mákan jaylar ashılǵan. Ferǵana oypatshılıǵınıń taw aldı hám tawlı rayonlarında Tashkent átirapında hám de Ózbekistannıń qublasında bunday qonıslar kóplep ushırasadı. *Obishir, Qosılıw* hám *Mashay* qonısları sonday aq, *Zarautsay* jırasındaǵı jartas súwretleri bir qansha tolıq izertlengen.

**Este saqlań!**
**Óndiriwshi xojalıq** diyqanshılıq xojalıǵı bolıp, ol zárúr ónimlerdi ózi islep shıǵarǵan.

## Diyqanshılıq hám sharwashılıqtıń payda bolıwı

Neolit – jańa tas dáwirinde insan Ayyemgi Shıǵıstıń túrli wálayatlarında islep shıǵarıwshı xojalıq – diyxanshılıq hám sharwashılıqqa óte basladı. Orta Aziyada neolit dáwiri **eramızǵa shekemgi 6–4-mıń jıllıqlar** menen dáwirlestiriledi. Arxeologlar neolit dáwiriniń baslanıwın ılaydan jasalǵan ıdıs-tabaqlar jaratılıwı menen belgileydi.



**Tastan islengen miynet quralları – mikrolitler**

Bul dáwirde insan mezolit dáwirinde payda etilgen mayda tas qurallardı – *mikrolitler* jasawdı, tastı qayta islewdiń burın tanıs bolmaǵan usılların: sıypaq etiw, jarǵılaw, sırlaw hám tesiksheler oyıwdı qollana baslaǵan.

Neolit dáwirinde qáwimler otırıqshı turmıs tárizine ótip, turaqlı turaq jaylar qura baslaǵan. Usı dáwirde paxsa úyler qurıwdı basladı. Áste-aqırın urıw jámáátleriniń otırıqshı mákan jayları qáliplesip bardı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Otırıqshı turmıs tárizi hám miynet qurallarınıń jáne de jetilisiwi jámáátlerdiń diyqanshılıqqa ótiw imkaniyatın payda etti. Diyqanshılıq hám sharwashılıqtıń rawajlanıwı ónermentshiliktiń payda bolıwına alıp keldi.

***Ózińizdi sınań!***

***Mikrolitlar – ...***
***Óndiriwshi xojalıq – ...***



**Ilaydan islengen hám otta pisirilgen ıdıs**

Ilaydan islengen hám otta pisirilgen ıdıslar jasaytuǵın taraw – gúlalshılıq, talshıqlar hám júnnen kiyim-kenshek tayarlaw tarawı – toqımashılıq ónermentshiligi neolit dáwiriniń áhmiyetli oylap tabılıw hám jańalıqları bolıp tabıladı.

***Tayanısh konspekt***

**Sońǵı paleolit dáwiri (b.e. shekemgi 40–12-mıń jıllıqlar)**

- kromanyon adam
- ottıń oylap tabılıwı
- Kólbulaq mákanı (Tashkent wálayatı), Samarqand aymaǵı, Ferǵana oypatı urıw jámáátleri
- taǵınshaqlar, turaq jaylar qurılısı, kesetuǵın, jarǵılaytuǵın miynet quralları



**Gúlal ıdıs soǵıw**

**Mezolit dáwiri (b.e. shekemgi 12-7-mıń jıllıqlar)**

- oq jay, haywanlardı qolǵa úyretiw
- Obishir, Qosılıw, Mashay, Zarautsay
- diyqanshılıq hám sharwashılıq (Aldıńǵı Aziya)

**Neolit dáwiri (b.e. shekemgi 6-4-mıń jıllıqlar)**

- óndiriwshi xojalıq
- mikrolitler, gúlalshılıq, toqımashılıq
- otırıqlı turmıs keshiriw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Gúlal ıdıslar



Oq jay oqlarınıń ushı



Qoladan islengen ilgeshek hám tas monshaqlar. *B.e.sh. XVII ásir*

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Sońǵı paleolit adamınıń sırtqı kórinisin súwretlep beriń.
2. Sońǵı paleolit dáwiriniń áhmiyetli oylap tabılıwların aytıń.
3. Ózbekistan aymaǵınan tabılǵan mezolit dáwirine tiyisli qaysı arxeologiyalıq esteliklerdi bilesiz?
4. Neolit dáwirine tiyisli arxeologiyalıq qazılmalardı kóz aldıńızǵa keltiriń. Bul jerlerde nelerdi tawıp alıw múmkin?

## 4-§. Eneolit hám qola ásiri diyqanları

### Metall dáwiriniń tiykarǵı ózgeshelikleri

Neolit dáwiri aqırında adamlar oylap tabıw hám jańalıqlar arasında eń ullılarınan birin jaratıwǵa miyasar boldı: birinshi mıstan paydalanıw, onnan miynet quralları jasawǵa ótildi.

Mıstan jasalǵan miynet qurallar tastan jasalǵanları menen birdey paydalanılıwı dáwirine *eneolit – mıs-tas* ásiri dep ataladı. Bul dáwir **eramızǵa shekemgi 4–3-mıńjıllıqtın ortalarına** tuwrı keledi.

Metallurgiyanıń rawajlanıwı adamlardıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatına úlken tásir jasadı. Eramızǵa shekemgi IV mıń jıllıqta áyyemgi Shıǵısta dáslepki qalalar hám mámleketler payda bola basladı.

Orta Aziyanıń qublasında *jasalma suwǵarıwǵa tiykarlanǵan diyqanshılıq* payda boldı, qam gerbishten kóp bólmeli jaylar qurıla baslandı, buyımlardı pisiriw ushın *gúlal gúzelerden* paydalanıwǵa kirisildi.

Keramika buyımlar haywanlar, quslar hám ósimlik tárizli naǵıslar (japıraqlar, gúller) menen bezetiletuǵın boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Adamlar mıstı eritip qalayı, qorǵasın yaki alymin qosıp, bronzanı alıwdı úyrendi. Qola mısqa qaraǵanda bir qansha qattılıǵı sebepli **eramızǵa shekemgi III mıńjıllıq** ortalarınan baslap áste-aqırın miynet quralları, qural-jaraq hám bezeniw zatların tayarlawda paydalanılatuǵın tiykarǵı materialǵa aylanıp qaldı.

Qola miynet qurallarına iye bolǵan adamlar endi atızlarǵa bir qansha jaqsı tárbiya beriw hám egin maydanların keńeytiw imkaniyatın qolǵa kirgizdi. Nátiyjede olardıń erkinde artıqsha awıl xojalıq ónimleri payda boldı. Sharwashılıq áste-aqırın diyqanshılıqtan bólinip shıǵa basladı.

## Patriarxattıń baslanıwı

Tariyxtıń derlik barlıq dáwirlerinde urıwlıq jámáátindegi tiykarǵı juwapkershilikli jumıslar hayallarǵa júkletilgen bolıp (balalardı tárbiyalaw, awqat tayarlaw, haywan terilerin tazalaw, kiyim-kenshek tayarlaw), jámáátte olardıń, ásirese, jası úlken hayallardıń ornı erkeklerge qaraǵanda anaǵurlım bálent bolǵan.

Gúnde menen jer aydap, diyqanshılıq etiw, sharwashılıq, ónermentshiliktiń payda bolıwı menen urıwdı jeterli ónimler menen támiyinlew er adamlardıń qolına ótti. Hayallar úy xojalıq jumıslarına aylanısa basladı.

Endi urıwlıq shańaraǵında er adamlar áhmiyetli orın iyeley basladı Tuwısqanlıq er adamnıń atı menen belgilenetuǵın boldı ham patriarxat dáwiri baslandı. Shańaraq ata tárepten jaqın aǵayinleriniń bir neshe áwladlarınan qáliplesken boldı.

## Qola (Bronza) dáwiri diyqanlarınıń qonısları

B.e. shekemgi 3-mıńjıllıq aqırları – 2 mıńjıllıqqa tiyisli tariyxıy orınlardan biri Zaraf-

**Este saqlań!**

*Patriarxal shańaraq* – ata tárepten jaqın aǵayinlerdiń bir neshe áwladlarınan quralǵan shańaraq esaplanadı.



**Jılanlardıń kórinisi túsirilgen tas tumar.** *B.e.sh. 2-mıńjıllıq*



**Qoladan islengen bilezik.** *B.e.sh. XII ásir*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Jarqutan mákan jayı qazılmaları

shan dáryası basseynindegi **Zamanbaba** kóli átirapında tabılǵan. (Buxara wáláyatı, Qarakól rayonı). Xorezm oypatlıǵında da bronza dáwirine tiyisli tariyxıy orınlar úyrenilgen.

Arxeologlar Surxandárya oypatında áyyemgi diyqanlardıń qonıslarınan biri bolǵan **Sapallıtóbeni** taptı (Muzrabat rayonı). Qazıwlar dawamında bul jerden qam gerbishten turaq jay, gúlal buyımlar, qoladan islengen miynet quralları hám bezeniw zatları jasalǵan ustaxana qaldıqları, sondayaq, iri-iri gúzelerde saqlanǵan biyday hám arpa dáni tabılǵan.



Naǵıslar menen bezetilgen keramikaliq ıdıs

Surxan oazisinde, házirgi Sherabadtan onsha alıs bolmaǵan orında bronza dáwirinde **Jarqutan** qonısı payda bolǵan. Jarqutan jobasında qalanıń dáslepki belgileri kózge taslanadı. Ol eki bólimge bólingen edi: qála hám onıń átirapında jámáát aǵzaları bolǵan ónermentler hám diyxanlardıń úyleri jaylasqan. Jarqutanda ibadatxana qaldıqları tabılǵan.

Qola dáwiri mákan xalqı hár qıylı ónermentshilik, toqımashılıq, gúlalshılıqtı rawajlandırıwda, bezeniw buyımların jasaw, qurılıs tarawında úlken tabıslarǵa erisken edi. Qola dáwirinde adamlar *gúlalshılıq úskenesin* hám *dóńgelekti* oylap taptı. Usılayınsha háreket etiw quralları, dáslepki arbalar payda boldı.



**Mıs aynalar.** *Zamanbaba mákan jayı*

## *Tayanısh konspekt*

***Eneolit dáwiri***
***(b.e. shekemgi 4-mıńjıllıq – 3-mıńjıllıq ortaları)***

- Mıstan jasalǵan miynet quralları
- suwǵarma diyqanshılıq (jasalma surǵarıw)
- kóp xanalı úyler
- Shıǵıstaǵı dáslepki mámleketler hám qalalar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Bronza dáwiri (b.e.sh. 3-mıńjıllıq ortaları–2-mıńjıllıq)***

- patriarxat
- Zamanbaba, Sapallıtóbe, Jarqutan
- gúlalshılık uskenesi, dóńgelek
- ibadatxana



**Áyyemgi temirshiler**

### Soraw hám tapsırmalar

1. Eneolit dáwiriniń neolit dáwirinen tiykarǵı ayırmashılıǵın aytıń.
2. Mıstıń payda bolıwı qashan júz bergen?
3. Ne ushın matriarxatdan patriarxatqa ótiw júzege keldi?
4. Bronza dáwiri Sapallıtóbe estelik ornı haqqında sóylep beriń.
5. Bronza ásirine sayaxat etiń. Bul dáwir adamları qalay jasaǵanlıǵı haqqında aytıp beriń.

## 5-§. Temir ásirine ótiw dáwirinde Orta Aziyanıń rawajlanıwı

### Temirden paydalanıw

Adamlar mıs hám qoladan miynet qurallarıń jasawdı úyrengen waqıtlardan berli aradan kóp ásirler ótti, temirden miynet qurallarıń jasaw imkaniyatı payda boldı. Bul process anaǵurlım miynetti talap etken, sebebi temir mısqa qaraǵanda bir qansha joqarı temperaturada (1500°C) eriydi. Biraq, temir mıs hám bronzaǵa qaraǵanda qolaylı bolǵan: temir olardan qattıraq edi.

**Este saqlań!**

Temirden birinshi bolıp kishi Aziyadaǵı xettlar paydalana baslaǵan (b.e.sh. XIV–XIII ásirler), sońınan olarǵa qońsı bolǵan eki dárya aralıǵı, Íran, Kavkaz artı elleriniń xalqı da paydalanǵan.



**Gúlal ıdıslar**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Qoladan islengen qazan.**
*B.e.sh. VI-V ásir*

**Este saqlań!**

Áskeriy demokratiya – dáslepki mámleketshilikke ótiw dáwirinde qáwimge saylap qoyılatuǵın áskeriy sárdarlar basshılıq etken basqarıw forması bolıp tabıladı.



**Oq jay oqlarınıń temir ushları**

Temirden birinshi bolıp Kishi Aziyada xettler (eramızǵa shekemgi XIV–XIII ásirler), sońınan qońsı mámleketler (Mesopotamiya, Iran, Kavkazartı) xalıqları paydalana basladı. Temir buyımlardıń tarqalıwı ástelik penen barǵan.

Temir siyrek hám qımbat bahalı metall bolǵanı ushın, onnan dáslep bezeniw buyımları sıpatında paydalanǵan. Bunday bezeniw buyumlar Mısr firaunı *Tutanxamon* maqbarasınan hám Kavkazdaǵı *Maykop* qorǵanı esteliginen tabılǵan.

Miynet quralların jasaw ushın temirden paydalanılıwı, eń dáslep, diyqanshılıq rawajlanıwına tásir qıldı. Temir paznalı gúndeler hám baltalar payda boldı. Bul miynet quralları úlken maydanlarda diyqanshılıqtın rawajlanıwına imkan jaratıp berdi.

Orta Aziyadan tabılǵan temirden jasalǵan dáslepki miynet qurallarıı **eramızǵa shekemgi IX-VIII ásirlerge tiyisli**.

## Jámiyetlik dúzim

Temir qurallardıń keń tarqalıwı miynet ónimdarlıǵın arttırdı. Bul óz gezeginde islep shıǵarıwdıń jáne de rawajlanıwına imkan jaratıldı.

Qáwim-urıw aqsaqallarınıń tásiyri kúsheyip, abıroyı arta basladı. Turaqlı áskeriy qarama-qarsılıqlar nátiyjesinde qáwimlerdiń awqamları payda bola basladı. Bul awqamlarǵa áskeriy sárdarlardan saylanǵan adamlar basshılıq qıldı, jámáátler bolsa *áskeriy demokratiya* tártipler tiykarında jasay basladı. Temir ásiri baslarında orta Aziyada jasawshı xalıqlar tórt toparǵa bólindi: *ruwxaniyler, áskerler, diyxanlar, ónermentler.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Orta Aziyada jámiyettiń negizi «*nmana*» dep atalıwshı úlken patriarxal shańaraq bolǵanın «Avesto»dan bilip alamız. Bir neshe «nmana»lar urıw jámáátı – «*vis*»ti qurǵan. Aymaqlıq qońsılıq jámáátı bolsa «*varzana*» dep atalǵan. Bunday jámáátler qáwimge – «*zantu*»ǵa birlesken. Óz aymaǵın qorǵaw ushın bir qansha qáwimler awqamǵa – «*daxyu*» ǵa jámlesken. Aziyada temir ásirine ótiw dáwirinde jámááttiń dúzilisi sonday bolǵan.

**Este saqlań!**
Jámiyetlik dúzimnin' rawajlanıwı: **alǵashqı topar → urıw jámáátı → → qáwim → → qáwimler awqamı.**



**Temir pishaq.** *B. e. sh. VII-VI ásirler*

### *Tayanısh konspekt*

→ e. sh. XIV–XIII ásirler – xettler (Kishi Aziya) birinshi bólip temirden miynet quralların islegen

→ e. sh. IX–VIII ásirler – Orta Aziyada temirden islengen daslepki ilk miynet quralları

→ urıwshılıq jámáátı – qońsıshılıq jámáátı

→ askeriy demokratiyaǵa ótiw

→ «Avesto»: nmana, vis, varzana, zantu, daxyu



**Temirden islengen qanjar hám qın.** *B.e.sh. I mıńjıllıq*

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Temir buyımlarınan paydalanıw qashan baslanǵan?
2. Temirden miynet quralların jasawdıń baslanıwı jámiyette qanday ózgerislerge alıp keldi?
3. «Avesto»da patriarxal shańaraq, urıwlıq jámáátı hám qáwim qalay atalǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# II - BÓLIM
# ÁYYEMGI SHÍǴÍS HÁM ORTA AZIYA

## 6-§. Nil alabı hám onıń xalqı

### Mısr – Nil sawǵası



**Nil oypatı**

**Este saqlań!**
Nil dáryası barıp-barıp Jer Orta teńizine quyıladı. Nil dáryasınıń quyarlıǵın grekler delta dep ataǵan.



**Nil dáryası jaǵalawlarında**

Ózi menen birge lázzet baǵıshlawshı salqın hawa hám mol zúráát alıp keletuǵın suwlı Nil sawlat penen aǵatuǵın edi. Ullı dárya Afrikanıń arqa shıǵısında civilizaciya júzege keliwi ushın qolaylıqlar jaratqan. Bir qansha tarmaqlarǵa bólinip aǵatuǵın Nil dáryası barıp-barıp Jer Orta teńizine quyadı. Nil dáryası quyarlıǵın grekler **delta** dep ataǵan, óytkeni teńizge quyılatuǵın jeri dárya shaqapshalarınıń tolıq kórinisi úshmúyeshlikke uqsas, yaǵnıy grekshe «delta» háribine uqsas bolǵan.

Nil 6 mıń kilometr uzınlıqtaǵı tolıp aǵatuǵın úlken dárya bolıp esaplanadı.Dáryanıń eni 3 km den 22 kilometrge shekem keńliktegi qara topıraqlı ónimdarlı dalalardan ibarat. Otırıqshılar jurtqa – «Qara topıraq» yamasa «Nil inamı» dep ataǵan.

Áyyemgi ótken zamanlarda Nil oypatı adam óte almaytuǵın, *papirus* putaları bir-birine ulasıp ketken batpaqlıqlar menen qaplanǵan, suwda esap-sansız jırtqısh krokodiller tirishilik etken, qurǵaq jerlerde jabayı haywanlar padası gezip júretuǵın, batpaqlıqlarda bolsa záhárli jılanlar jasaytuǵın edi.

Waqıt ótken sayın klimat ózgerip, suw da jıldan jılǵa kemeye berdi. Arqa Afrika da shólge aylana basladı. Adamlar Nil oypatın hám deltasın ózlestire basladı. Solay etip, diyqanshılıq xalıqtıń tiykarǵı kásibine aylandı **Eramızǵa shekemgi IV mıńjıllıq** baslarında



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

adamlar Nil dáryası jaǵalawındaǵı jerlerdi ózlestiriwge bel bayladı.

## Mısrlılardıń kásipleri

Nil dáryası átiraplarına tasıp, suwǵa bastırıp, tolıp-tasıp aqqan jıllarda Mısrlı diyqanlar zúrááti de bereketli bolatuǵın edi.

Mısrlı diyqanlar biyday hám arpa sonday-aq palız eginlerin egetuǵın edi, jetistirilgen kenepten bolsa gezleme toqıytuǵın edi. Nil oypatında júzim, qawın, ánar, qurma, piyaz, qıyar, lobiya sıyaqlı miywe hám palız ónimleri jetilistiretuǵın edi.

Áyyemgi zamanda jerdi gúnde menen aydaytuǵın edi, tuqımdı qolda sebetuǵın, sońınan tuqımdı jerge sińiriw ushın qaramallardı atızdan aydap ótetuǵın boldı. Miynet quralları jetilisiwi menen gúnde, pazna hám haywanlar kúshinen paydalana basladı. Mısrlılar sıyırlar, qoylar, eshkiler, shoshqalardı baǵatuǵın edi. Ádette diyqanlar ógizlerdi atız jumıslarında paydalanatuǵın edi.

Mısr diyqanları jerge tuqım sebiw hám zúráátti jıynap alıw jumısların ádetten tısqarı waqıtlarda ótkeretuǵın edi. Iyul-sentyabr aylarında olar dem aladı hám tuqımdı egiwge tayarlaytuǵın edi, negedur bul waqıtta dárya tasıp, barlıq jerlerdi suw alıp ketetuǵın edi.

Gúzde atızlarǵa tuqım sebiledi. Qısta bolsa zúráátti jıynap alıw baslanadı. Masaqlardı mıs oraq penen orıp alatuǵın, sońınan arnawlı orınlarǵa tasıp alıp, biyday yamasa arpa bawları ústinen haywanlardı aydap túyekleytuǵın edi. Qırman ornınan shıqqan dándi gúlál gúzelerde saqlaytuǵın edi. Bul ilaj dándi esap-sansız kemiriwshiler zıyankeslerden aman saqlaytuǵın edi.



**Nil daryası oypatı**




**Mısr patshalıǵı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ónermentshiliktiń rawajlanıwı



Sawda-satıq

Áyyemgi Mısr ónermentleriniń 30 dan aslam kásipleri bolǵan. Mısshılar mıstı eritip, onnan miynet qralların isleytuǵın edi. Gúlallar ılaydan hár qıylı ıdıs-tabaqlar jasaytuǵın, ıdıstı qumbızda pisiretuǵın edi. Qurıwshılar saraylar, ibadatxanalar hám imaratlar qurǵan. Ápiwayı mısrlılardıń úyleri ılay menen sıbalǵan papirus paqallarınan, aqsúyeklerdiń úyleri bolsa quyashta keptirilgen qam gerbishten qurılǵan.

Firaunlardıń sarayları hám shirkewler tastan qurılǵan. Ónermentshiler esik hám terezelerdi jasaǵan. Keme soǵıwshılar qamıstan qayıqlar, al aǵashtan bolsa kemeler soǵatuǵın edi. Toqıwshılar kiyim-kenshek ushın gezlemeler tayarlasa, al tigiwshiler kiyim-kenshekler tigetuǵın edi.

## Mısr mámleketiniń dúziliwi



Mısr firaunlarınıń tajları

Adamlar Nil oypatındaǵı mashaqatlı turmıs shára-yatına iykemlese basladı. Tarqaq mákan jaylar «*nom*» dep atalǵan dáslepki mámleketlerge birlesti. Hár bir mámleketti "*nomarx*" – basqarǵan.

Waqıttıń ótiwi menen nomarxlar húkimdarlarǵa – patshalarǵa aylandı.

Mısrda eki patsha húkimdarlıq etken. Birewi Tómengi (Arqa) Mısrda, basqası bolsa Joqarı (Qubla) Mısrda mámleketti basqarǵan. **Eramızǵa shekemgi 3000-jılda** eki mámleket arasında baslanǵan urısta Joqarı Mısr húkimdarı *Menes* jeńip shıqtı. Ol birlesken mámlekettiń birinshi húkimdarı Firaun boldı. Tek bir ǵana hám birlesken mámleket ushın jańa paytaxt bolǵan Memfis qalası qurıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kóp jıllar dawamında «nom»lar húkimdarları óz mal-múlkin kóbeytip aldı, nátiyjede Mısr ǵárezsiz mámleketke aylanǵan óz aldına «nom»larǵa bólinip ketti. Waqıt ótiwi menen mámlekettiń qayta birlesiwi júz berdi. Bul mámlekettiń paytaxtı Fiva qalası edi. Ilimpazlar Mısr tariyxın dáslepki, áyyemgi, orta, jańa hám sońǵı patshalıq dáwirlerine ajıratqan.



**Atızda islew**

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***«Nom» – ...*** | ***Memfis hám Fiva – ...*** |
| ***Menes – ...*** | ***Firaun – ...*** |

**Este saqlań!**
Alımlar Mısr tariyxın **Dáslepki, Áyyemgi, Orta Jańa** hám **Sońǵı patshalıq** dáwirlerine bólgen.

### *Tayanısh konspekt*

- Afrikanıń arqa shıǵısı – b.e. shekemgi IV mıń jıllıq bası
- Nil uzınlıǵı – 6 mıń km → delta →Jer Orta teńizi
- Nil oypatı – eni 3 km. den 22 km ge shekem
- diyqanshılıq, sharwashılıq
- papirus – jaylar qurılısı
- mámleketler – «nom» – «nomarx»
- b.e. shekemgi 3000-jıl – Birden-bir birlesken Mısr paytaxt – Memfis



**Kanallar hám salmalar járdeminde eginlerdi suwǵarıw**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Ne ushın mısırlılar óz mámleketin «Nil sawǵası» dep táriplegen?
2. Áyyemgi Mısrdıń tábiyiy sharayatı nege diyqanshılıq ushın qolay edi?
3. Ózińizdi Áyyemgi Mısr diyqanı sıpatında kóz aldıńızǵa keltiriń, Mısrlı diyqanlar miyneti haqqında aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 7-§. Ayyemgi Mısr

### Áyyemgi Mısrlılardıń qońsıları

**Este saqlań!**
Nubiya, Liviya, Suriya hám Palestina elleri áyyemgi mısrlılarǵa qońsı bolǵan.

Mısr qubladan *Nubiya* menen shegaralas bolǵan. Bul elge mısrlılar Nildi jaǵalap altın, smola, pildiń súyegi, siyrek sortlı aǵashlardı almastırıw ushın baratuǵın edi.

Mısrdıń batısında *Liviya* shólinde usı attaǵı mámleket jaylasqan edi. Sahra xalqı kóshpeli sharwalar bolǵan. Tómengi Mısrdaǵı Memfis qalası arqalı ótetuǵın jol Sinay yarım atawına alıp barar, bul jerde mıs qazıp alınatuǵın edi. Sinay yarım atawınan arqaraqta *Palestina*, onıń qaptalında *Siriya* jaylasqan edi. Bul mámleketler mıs hám temir rudasına hámde basqa paydalı qazılmalarǵa bay edi.

Mısrlılar Palestina hám Siriyadan ónermentler jasaǵan kerekli qımbat buyımlar hám bahalı taslardı da alıp keletuǵın edi.



**Tutanxamon taxtı**

### Firaunlarldıń basıp alıwları

Ayyemgi patshalıq dáwirinde Sinay yarım atawı basıp alındı, jergilikli qáwimler Mısrǵa salıq tóley basladı. Firaunlar Nubiya hám Liviyaǵa da urıs ashıp, qalalardı talattı, tutqınlar, sharwa malları hám basqa baylıqlardı iyelep aldı. Orta patshalıq firaunları Qubla Palestina jerleri hám Nubiya arqasın Mısrǵa qosıp alıwǵa miyasar boldı.



**Áyyemgi Mısr áskeleriniń gúlaldan jasalǵan háykelleri**

**Eramızǵa shekemgi XVIII ásirdiń aqırında** kóshpeli *giksoslar* qáwimleri Mısrǵa hújim jasadı. Mısrlılardıń piyada áskerlerinen ayırmashılıǵı giksoslardıń tiykarǵı kúshi atlar qosılǵan jawınger arbaları bolǵan. Bir ásker atlardı basqarıp turǵan waqıtta ekinshisi oq jaydan dushpanlardı nıshanǵa alıp oq úzgen. Tómengi Mısrdı basıp alǵan giksoslar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mısrlılardıń qalaları hám awıllarına hújim jasadı, olardı ayawsız taladı hám adamlardı tutqın etip alıp ketti.

Bul waqıtta Orta patshalıq kóplegen mayda «*nom*»larǵa bólinip ketken edi, olar giksoslarǵa salıq tóleytuǵın edi. Tek Fiva qalası húkimdarları ǵana giksoslarǵa baǵınbadı.

Basqınshılardıń eziwshiliginen qutılıw ilajın izlegen «nom»lar húkimdarları Fiva qalası dógeregine birlese basladı.

Bir qansha urıslarda Fiva «nomi»nıń Firaunı Yaxmos giksoslardı qıyratıp, basqınshılardı Mısrdan quwıp shıqtı. Baǵınbaǵan húkimdarlardı ózine boysındırǵan. Yaxmos jańa firaunlar dinastiyasınıń tiykarın salıwshıǵa aylandı, mine usı firaun zamanınan Jańa patshalıq dáwiri baslanadı.



**Tutmos III áskerleri qalaǵa hújim qılmaqta**

## Firaunlar atlanıslarınıń nátiyjeleri

Jańa patshalıq húkimdarları qońsı mámleketler menen urıstı endi basqınshı sıpatında dawam etti. Firaunlar Nubiya hám Aldıńǵı Aziya ellerine hújimdi baslap jiberdi.

Firaun *Tutmos II Palestina, Finikiya* hám *Siriyanı* basıp alıw baslandı. Odan keyin firaun Tutmos III atlanıslardı dawam etti. Aldıńǵı Aziyada mısrlılar húkimdarlıǵı ornatıldı.

Boysındırılǵan xalıqlar mısrlılardan ǵázeplenip, óz erki hám azatlıǵı jolında góresetuǵın edi. Mısr firaunları bir neshe jıl jergilikli qáwimler menen urıstı. Bul firaunlardıń dińkesin quríttı, mámleket hálsirep qaldı. Jańa patshalıq ta óz aldına «nom»larǵa bólinip ketti.

Eramızǵa shekemgi VII ásirde Mısr taǵı bir pútin mámleketke birlesti, eldiń ekonomikası hám mádeniyatı rawajlana basladı. Biraq tez

**Este saqlań!**

Firaun Yaxmos giksoslardı wayran etip, basqınshılardı Mısrdan quwıq shıg’ardı. Yaxmos jan’a firaunlar dinastiyasının’ tiykarın salıwshıg’a aylandı hám Jan’a patshalıq dáwiri baslandı.

3 – Tariyx, 6-sinf.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

arada Mısrǵa jańa bir dushpan bastırıp kirdi. Parsılardan úlken ásker toplaǵan shahanshahı *Kir II* niń balası *Kambiz II* **eramızǵa shekemgi 525-jılı** Mısrdı basıp aldı.

**Este saqlań!**
Kir II niń ulı Kambiz **II e. sh. 525-jılda** Mısrdı basıp aldı.

***Ózińizdi sınań!***

***Giksoslar – ...*** ***Yaxmos – ...***
***Tutmos III – ...***



**Mısrlılardı áyyemgi parsi patshası Kambiz II tutqınlıqqa alıp ketpekte**

### *Tayanısh konspekt*

- Mısr qońsıları – Nubiya, Liviya, Palestına, Siriya
- Qońsı ellerdiń Mısr tárepinen basıp alınıwı
- b.e. shekemgi XVIII ásir – giksoslar tárepinen Tómengi Mısrdıń basıp alınıwı
- Yaxmos → giksoslardıń quwıp shıǵarılıwı → Jańa patshalıq
- b.e. shekemgi 525-jıl – Íran shahı Kambiz II tárepinen Mısrdıń basıp alınıwı

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Áyyemgi Mısrǵa qońsı bolǵan mámleketlerdi sanap beriń hám kartadan kórsetiń.
2. Áyyemgi Mısr firaunları qaysı ellerdi basıp alǵan edi?
3. Ne sebep kóshpeli giksoslar Mısr ushın qorqınıshlı kúshke aylandı?
4. Qaysı firaun húkimdarlıǵı dáwirinde giksoslardı elden quwıp shıǵarıwǵa erisildi?



**Apis. Buǵa tımsalındaǵı ónimdarlıq qudayı**

## 8-§. Áyyemgi Mısr dini

### Mısrlılardıń qudayları

Mısr xalqı ushın din kúndelikli turmıstıń ajıralmas bir bólegi esaplanǵan. Áyyemgi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mısrlılar qudaylar haywanlar gewdesine ótip alıp, pıshıq, qoy, ógiz, arıslan, sıyır sıyaqlı formalarda adamlar arasında jasaydı dep esaplaǵan.

Mısrlılar qudaylardıń bir neshe janı bar: olardan biri haywan denesinde, basqası bolsa háykelinde jasaydı dep oylaytuǵın edi. Ruwxaniyler – ibadatxana ruwxaniyleri, qudaylardı dinshiller sawǵa esabında alıp kelgen nárseler menen baǵadı dep esaplaǵan.

Áyyemgi Mısr patshalıǵınıń paytaxtı *Memfistin* bas qudayı – *Ptax* bolǵan. Ptax mısrlılar isenimi boyınsha qúdiretli bolǵanlıqtan, onı negizgi kórinisinde kóriwdiń ilajı joq. Sonıń ushın da Ptax degen qudaydıń jer betindegi kórinisi *Apis* bolıp, ol mańlayı hám belinde aq qasqası bolǵan qara ógiz kórinisinde súwretlengen.

Eramızǵa shekemgi 2-mıń jıllıqtan baslap Quyash qudayı *Amon-Ra* degen quday bolsa, firaunlardıń baslı qúdireti hám qáwenderi esaplanǵan. Dáslep eki quday bolǵan: Fiva qalası qáwenderi Amon hám Quyash qudayı Ra, sońınan ekewi bir qudayǵa birlesken.

Firaunlar Quyash qudayınıń perzentleri, húkimdarlar barlıq isti óziniń kóktegi atasınıń ámiri menen ámelge asıradı, degen kózqaras bar edi.

*Xapi* – Nil qudayı – Mısrdaǵı tirishiliktiń birlemshi deregi hám qorǵawshısı, *Osiris* – jer astı saltanatı qudayı esaplanǵan. Ráwayatta aytılıwı boyınsha, Osiris Mısrdıń dáslepki patshalarınan biri bolıp, óz xalqın diyqanshılıqqa úyretken eken. Dostı *Set* bolsa Osiristi óltiredi. Biraq Osiristiń hayalı *Isida* onı mumiyalaǵan hám qayta tiriltken eken. Son-



**Quyash qudayı – Amon-Ra**



**Isida – Asiristiń háyeli**



**Tot – Ay, danıshpanlıq hám táwipshilik qudayı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nan baslap jannıń qaytıp keletuǵın ornı bolıwı ushın barlıq óliler mumiyalanadı.



Anubis-marhumlar ham mumiyalanǵanlar qudayı

## Ruwxaniyler hám ibadatxanalar

Ruwxaniyler qudaylar hám adamlar arasında baylanıstırıwshı bolǵan. Ruwxaniyler diniy máresimlerdi bilip, qurbanlıq baǵıshlaytuǵın edi. Kúndelikli turmısta da ruwxanıylersız bir nárse islew qıyın edi. Ruwxaniyler Nildiń tasatuǵın waqtın, qashan tuqım sebiw kerekligin hám qashan zúráátti jıynap alıw múddetin anıq biletuǵın edi. Barlıq «nom»larda ibadatxanalar bolǵan, firaunlar olarǵa úlken-úlken baylıq hám jerler sawǵa etetuǵın edi.



Maat – haqıyqatlıq hám ádillik qudayı

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Ptax – ...*** | ***Xatxor – ...*** |
| ***Apis – ...*** | ***Ísida – ...*** |
| ***Amon-Ra – ...*** | ***Maat – ...*** |
| ***Tot – ...*** | ***Osiris – ...*** |

### *Tayanısh konspekt*

→ mısrlılar, qudaylar adamlar arasında jasaydı dep esaplaǵan
→ Amon-Ra
→ Ptax ⟶ Apis
→ Xapi, Osiris, Tot, Set, Ísida, Xatxor, Anubis, Maat
→ ibadatxanalar ⟶ ruwxaniylar ⟶ qurbanlıq etiw



Xatxor – muzıka, gózallıq hám muhabbat qudayı

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Mısrlılardıń haywan tımsalındaǵı qudaylarǵa sıyınıwı haqqında aytıp beriń.
2. Ne ushın firaunlar Quyash qudayı ulları esaplanǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Ráwayatlarǵa qaraǵanda, qaysı quday mısrlılardı diyqanshılıqqa úyretken?
4. Áyyemgi Mısr qudayların sanap beriń.
5. Mısr ruwxaniylarınıń abıroyı hám kúsh qúdireti nede?



Piramida qurılısında

## 9-§. Piramidalar hám maqbaralar

### Barlıq nárse waqıttan qorqadı, waqıt bolsa piramidalardan!

Áyyemgi hám Orta patshalıqlar dáwirinde mısrlılar qurǵan úlken *piramidalar* firaunlar jerlenetuǵın orın – maqbaralar bolǵan. Ótken mıńjıllıqlar dawamında kóplegen qalalar hám mámleketler joq bolıp ketti, ibadatxanalar hám saraylar wayran boldı, tek piramidalar waqıttan qorıqpaydı, tek piramidalar ǵana tórt mıń jıldan aslam dáwir dawamında ózgermesten turıptı.



Áyyemgi piramidalar oypatınıń kórinisi

Eń belgili piramidalar Memfis qalası átirapında úsh firaun – *Xufu, Xafra* hám *Menkaura* ushın qurılǵan. Bul piramidalar dúnyanıń jeti káramatlarınan biri, sonıń menen birge házirge shekem saqlanıp qalǵan birden-bir qurılıs esaplanadı. Eń úlken piramida Xufu (grekler onı Xeops dep ataǵan) **eramızǵa shekemgi 2600-jılı** qurılǵan edi. Onıń biyikligi 147 metr bólǵan. Piramidalar qurılısı ushın taslar da Nil dáryasınıń oń jaǵalawındaǵı Yassi tawlarınan alıp kelingen.

Piramidanıń hár biri, eki tonnadan awırıraq bolǵan 2,5 million dana tas bloklardan qurılǵan.



«Sahra shahı» – sfinks

Piramidanıń ishinde dáliz benen tutastırılǵan bir neshe ójireler bar. Olardıń birinde firaunnıń mumiyalanǵan denesi salınǵan *tastabıt* – *sarkofag* jaylasqan edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Maqbaralardıń ishi bolsa ayatlar hám ǵarǵıslardan ibarat jazıwlar menen qaplanǵan, olar firaundı qorǵawı hám ózge dúnyaǵa ótip baratırǵanda oǵan járdem beriwi mólsherlengen.



Tutanxamon

Piramidalardı *sfinks* – denesi arıslan hám bası adamdikine uqsaǵan úlken háykeller qorǵaydı. «Sahra shaxı» – sfinks háykeli tastan islengen bolıp, onıń biyikligi 20 metrge teń.

Jańa patshalıq dáwirine kelip, piramidalar qurılmay qaldı. Firaunlardı tawlarǵa oyılǵan tas maqbaralarǵa jerleytuǵın bolǵan. Eń belgili maqbara firaun Tutanxamonǵa tiyisli bolǵan. Maqbara ishindegi qıyalǵa kelmeytuǵın baylıqlar bizge shekem jetip kelgen.



Íbadatxana diywalları

## Mumiyalaw

Áyyemgi mısrlılar insan dúnyadan ótkennen keyin marhumlar saltanatına ketedi, sol jerde ómirin dawam etedi dep esaplaǵan. Biraq, marhumlar saltanatındaǵı turmıs, mısrlılardıń pikirinshe Osiris sudınıń nátiyjelerine baylanıslı boladı. Táreziniń bir pállesine marhumnıń júregi, basqasına bolsa qus párleri qoyıladı.

Nabada tárezi pálleleri teńlesse, demek, insan bul dúnyadaǵı ómirinde tek jaqsılıq islegen boladı, ol dúnyadan ótkennen soń ájayıp bir shárayatta ómirin dawam etedi. Nabada, júrek awırıraq kelse, demek insan bir qansha jaman islerdi islegen bolıp shıǵadı, qorqınıshlı maqluqlarǵa jem boladı. Osiris aldında gózzal kóriniste boy tiklew ushın bolsa, mısrlılar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

insan denesin mumiyalaǵan. Mumiyalaw menen tábiyǵıy bilimlerge iye ruwxaniyler shuǵıllanǵan.

Ádette mumiyalaw ortasha 70 kún dawam etken. Denege arnawlı islew berilgennen keyin kóplegen gezlemeler menen oraǵan, qımbat bahalı taǵınshaqlar menen bezetilgen. Gezlemelerdiń qabatı arasına talabın orınan keltiretuǵın tumarlar qoyılǵan. Mumiyalaw tek marhumnıń izinde qalǵan bay tuwısqanlarına ǵana nesip etetuǵın edi.



**Osiris – marhumlar dúnyasınıń qudayı**

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Piramidalar – ...*** | ***Tastabıt – ...*** |
| ***Mumiyalaw – ...*** | ***Sfinks – ...*** |

### *Tayanısh konspekt*

- → piramida – firaun maqbarası
- → Xufu → Xafra → Menkaura
- → Xufu (Xeops – grekshe) – eramızǵa shekemgi 2600-jıllar
- → sfinks
- → Tutanxamon
- → mumiyalaw – 70 kún
- → Bastet – gózzallıq qudayı



**Pıshıq kórinisindegi gózzallıq qudayı – Bastet**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Áyyemgi Mısr húkimdarları piramidalardı qanday maqsette qurdırǵan?
2. «Barlıq nárse waqıttan qorqadı, waqıt bolsa piramidalardan» sózin qalay túsinesiz?
3. Mısrdaǵı eń belgili piramidalar qay jerde qurılǵan?
4. «Sahra shaxı» – sfinksın táriplep beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10-§. Áyyemgi Mısr mádeniyatı

## Jazıw



Xatker háykeli

Áyyemgi Mısrlılar jazıwı insanıyattıń dáslepki jazıwlarınan biri edi. Dáslep hár bir sóz súwret kórinisinde jazılǵan. Jazıwdan duwalar hám máresimlerdi jazıp barıwda paydalanǵan, sonıń ushın da onı «*muqaddes*» yamasa «*qudaylar sózi*» dep ataǵan.

Áyyemgi grekler olardı «*ieroglifler*» degen (tasqa oyılǵan muqaddes jazıwlar mánisin ańlatadı). Jazıwlar maqbaralar diywallarına hám qudaylardıń háykellerine oyıp jazılǵan. Jazıw ushın tas hám gúlaldan paydalanılǵan.



Papirus

Mısrlılar álipbesi 750 ierogliften ibarat bolǵan. Hár bir sóz ózinde bir qansha simvollar hám tımsallardı sáwlelendirgen. Ierogliflerdi úyreniw júdá qıyın jumıs bolıp, sawat ashıw kópshilikke nesip ete bermegen. Ierogliflerdi qamıs qılqálem menen papirusqa, yaǵnıy papirus paqalınan islengen qaǵazǵa jazǵan. Hár qıylı reńdegi mineral boyawlar sıya wazıypasın atqarǵan. Bilim alıp atırǵanda gúlal buyımlar bólegine yamasa háktasqa jazatuǵın edi. Qolda jazıw ónerin iyelegen adamlar joqarı dárejedegi maǵlıwmatlı hám sawatlı adamlar esaplanǵan, úlken artıqmashılıqlarǵa iye bolıp, izzet-húrmetke bólengen.



Tas bólegi

## Ieroglifler sırınıń ashılıwı

Belgili frantsuz alımı *Jak-Fransua Shampolyon* 1822-jılı pútkil dúnyalıq áhmiyetke iye jańalıq ashtı: Mısr tekstlerin oqıw giltin taptı. Bul jańalıqqa *Kair* qalasınan onsha uzaq bolmaǵan *Rozett* qalası janındaǵı bir tasqa oyılǵan áyyemgi mısr hám áyyemgi grek tillerindegi hár qıylı mánistegi jazıw se-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bepshi boldı. Grek tilinen awdarıw qıyınshılıq tuwdırmadı, tekstlerdi salıstırıp kórip, hár bir ieroglif ańlatqan mánisti túsindirip beriw imkaniyatı tabıldı.

Mine, usı jańalıqtan keyin papiruslarǵa jazılǵan kóplegen tekstler, ibadatxanalar hám piramidalar diywallarındaǵı jazıwlar kóp ásirlik únsizlikten keyin tilge kirdi. Tariyxshılar bolsa Áyyemgi Mısr civilizaciyasın izertlew ushın áhmiyetli hám isenimli derekke iye boldı. Búgingi kúnde *Rozett tas jazıwı* Londondaǵı Britaniya muzeyinde saqlanbaqta.



**Nefertiti – Mısr malikası**

***Ózińizdi sınań!***

| | |
|---|---|
| ***Íeroglifler – ...*** | ***J.-F. Shampolyon – ...*** |
| ***Papirus – ...*** | ***Rozett tas jazıwı – ...*** |

## Teoriyalıq bilimlerdiń dúnyaǵa keliwi



**Astronom-alım**

Mısrlılardıń teoriyalıq bilimleriniń dúnyaǵa keliwi hám rawajlanıwı olardıń ámeliy iskerligi menen baylanıslı bolǵan. Diyqanlar qashan jerge tuqım sebiw, qay waqıtta zúráátti jıynap alıwdı biliwi zárúr edi. Bul múddetlerdi mısrlılar juldızlarǵa qarap anıqlaǵan. Sol tárizde astronomiya, yaǵnıy juldızlar haqqındaǵı pán dúnyaǵa keldi.

Juldızlardı baqlay otırıp mısrlılar jıldıń dawam etiwin 365 kún etip dál belgiledi, birinshi bolıp kalendar dúzdi, 365 kúndi bolsa 30 kúnnen 12 ayǵa bóldi, awısıp qalǵan 5 kúnin bolsa bayram kúnleri dep esapqa kirgizbedi.



**Mısrlıqlarnıń medicina ásbapları**

Kanallar qazılıp atırǵanda, qálegen imarat hám qurılıstı qurıp atırǵanda maydanın, kólemin ólshew zárúr edi, sol tárizde geometriya páni – jer betin ólshew ilimi dúnyaǵa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Patsha shıǵanaǵı» – ólshew birligi



Ayyemgi Mısır suw saatı



Osiris – jer astı saltanatı hukimdarı

keldi. Mısrlılar tek ǵana ápiwayı arifmetikalıq esaplawdı emes, al qaldıqlar, bólshekler hám quramalı esap-sanaqtı da bilgen. Matematika páni de mine sol tiykarda rawajlandı.

Mısrda tiykarǵı ólshew birligi «*shıǵanaq*» bolıp, ol shıǵanaqtan barmaq ushına shekem bolǵan uzınlıqqa teń edi. Qollardıń uzınlıǵı hár qıylı bolǵanlıqtan «*patsha shıǵanaǵı*» degen birden-bir ólshew birligi engizilgen, ol 52,5 santimetrge teń bolǵan. Bunnan da qısqa uzınlıqlardı ólshewde alaqan yamasa barmaqlardan paydalanılǵan.

Mısrda waqıt suw saatları járdeminde ólshengen, ol 24 bólmege bólingen arnawlı ıdıs bolǵan. Bir bólmeden ekinshisine aǵıp ótetuǵın suwdıń kólemi 1 saat dep esaplanǵan.

### Tayanısh konspekt

- iyerogliflar – 750 – «qudaylar sózi», «ilahiy jazıwlar»
- papirus
- Jak-Fransua Shampolyon (1822- jıl)
- Rozett tas jazıwı – áyyemgi mısr hám grek tilleri
- astronomiya → kalendar → geometriya

### Soraw hám tapsırmalar

1. Áyyemgi Mısr jazıwlarınıń ózine tánligi nede?
2. Ne sebep mısrlılar ierogliflerdi «qásterli sóz» dep ataǵan?
3. Mısr jazıwın kim oqıwǵa erisken? Qalayınsha?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 11-§. Mesopotamiya civilizaciyaları

### Tábiyiy sárayat

Tigr hám Evfrat dáryaları aralıǵındaǵı oypatlıqtı grekler *Mesopotamiya* dep ataǵan, bul atamanıń *Eki dárya aralıǵı* degen mánisti ańlatadı. Adamlar Mesopotamiyaǵa áyyem zamanlarda kóship jaylasqan.



Shumer gúlal ıdısları

Mesopotamiyaǵa dáryalardıń tasqın suwları túrli topıraq hám taw jınıslarınan ibarat massaların aǵızıp alıp kelgen. Olar jerlerdi azıqlandırǵan. Sol sebepli Mesopotamiya jerleri ónimdarlıq ushın qolay, ónimdarlı bolǵan. Qısta úzliksiz jawın hám dáryalardıń tasıwı baslanǵanlıǵı sebepli Mesopotamiyada jáhándegi eń áyyemgi miflerden biri – Jer betin pútkilley suw basıwı haqqındaǵı *Topan ráwayatı* dúnyaǵa keldi.

**Eramızǵa shekemgi IV mıńjıllıqta** Mesopotamiyada *shumerler* qonısları payda bola basladı. Olar Qubla Mesopotamiyaǵa ornalasıp, bul jurttı *Shumer* dep atadı. Eldiń *Akkad* dep atalǵan arqa bólimine kóshpeli sharwalar – *akkadlar* jaylastı.



Xatker jumıs waqtında

***Ózińizdi sınań!***

| | |
|---|---|
| ***Shumer – ...*** | ***Akkad – ...*** |

### Mesopotamiya xalqınıń kásibi

Mesopotamiya xalqınıń tiykarǵı kásibi diyqanshılıq bolǵan. Tigr hám Evfrat dáryaları hár jılǵı tasqını waqtında atızlarǵa ónimdarlı ılay menen birge aǵıp kelgen.

Mesopotamiyada aǵash hám metall sıyaqlı xojalıq ushın zárúrli materiallar bolmaǵan, biraq dán mol jetilistiriletuǵın edi, sharwa malları kóp



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Xurma aǵashı – «Tirishilik teregi»**

**Este saqlań!**

Olar qubla Mesopotamiyaǵa jaylasıp, bul jurttı **Shumer** dep atadi. Mesopotamiyanıń **Akkad** dep atalǵan arqa bólimine kóshpeli sharwalar – **akkadlar** ornalastı.



**Áyyemgi shumerler**

edi. Sonıń ushın Mesopotamiya xalqı sawda-satıq penen de shuǵıllanadı. Qońsı *Kavkazartı* hám Iran úlkelerinen dánge almaslap, altın, mıs, gúmis, qalayı hám siyrek ushırasatuǵın taslardı alıp keletuǵın edi.




**Mesopotamiya**

Mesopotamiyada hár qıylı ónimler hám ónermentshilik buyımları menen sawda etken. Metall buyımlar, bezeniw zatları, qural jaraqlar hám gúlalshılıq buyımları júdá qádirlengen. Sawda-satıqta gúmis quyması pul ornında teńgeler paydalanǵan. Mesopotamiyadaǵı awırlıq ólshemi bolǵan «*mino*» 550 gramm gúmiske teń edi.

**Eramızǵa shekemgi 4-mıńjıllıqta** shumerler eń áyyemgi jazıwın *sına jazıwdı* oylap tapqan. Shumerler ushı egelgen tayaqshalar menen qam ılay – gúlalǵa jazǵan. Shumerler bilimli, tajiriybeli qurılısshılar hám ónermentler bolǵan.

## Qalamámleketler

Waqıttıń ótiwi menen áste aqırın qonıslar júdá keńeyip ketti. Mesopotamiyada, *Uruk, Umma, Lagash Ur* hám basqa qalalar payda bola basladı. Olar qala hám oǵan tutasqan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

diyqanshılıq rayonlarınan ibarat bolǵan *qala-mámleketler* edi. Hár bir qalanıń húkimdarı joqarı quday – qala qáwenderi esaplanǵan.

Qudaydıń atınan ruwxaniylar húkimdarlıq etip, qudaylar ibadatxanası bolsa, mámlekettegi hákimiyat orayı edi. Mesopotamiyanıń áyyemgi ibadatxanaları–*zikkuratlar* qam gerbishten órip shıǵılǵan imarat kórinisinde bolǵan.

Quyash qudayı *Shamash* óz aldına izzetke ılayıq quday bolǵan, joqarı húkimdar esaplanǵan, jaman isleri ushın adamlardı sudlaǵan. Sondayaq, shumerlikler Ay qudayı *Sina*, suw qudayı *Ea*, ónimdarlıq hám muxabbat, urıs, jeńis qudayı *Ishtarǵa* sıyınǵan.

Mesopotamiyadaǵı úlken jer múlkleri húkimdarlar hám ruwxaniylardıń qol astında bolǵan. Atızlarda qullar hám erkin jallanba miynetkeshler islegen. Qalalardıń átirapında jasawshı xalıq kishkene-kishkene jerlerge iyelik etetuǵın edi. Óz shańaraǵın baǵıw ushın kámbaǵallar patsha hám shirkew múlklerinde miynet etetuǵın edi.

Shumer qalaları qorǵan diywallar menen qorshalǵan edi. Qalanıń bas dárwazasınan baslanǵan kósheler oraylıq maydanǵa, ibadatxana hám húkimdarlar sarayına baratuǵın edi. Qurılıs tas, qam hám pisken gerbish penen ámelge asırılǵan. Ibadatxana qudaylar háykelleri menen kórkem etip bezetilgen edi.

Urıs waqtında qala xalqınıń sárdarın saylaǵan. Bara-bara olardıń abıroyı arttı, sárdarlar turaqlı húkimdarlıq ete basladı. Olardı *patshalar* dep ataǵan. Patsha qala-mámleketti aristokratlar, ruwxaniyler hám armiyaǵa súyengen halda hámeldarlar járdeminde basqaratuǵın edi.



**Sına jazıwı**



**Shumerdiń Ur qalası**

**Este saqlań!**

Mesopotamiyada **Uruk, Umma, Lagash**, **Ur** hám basqa qalalar payda bola baslaǵan. Olardı **qala-mámleketler** dep ataǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Ishtar – ónimdarlıq, muxabbat hám urıs qudayı**



**Uruk qalası patshası Gilgamish.**

## Gilgamish haqqındaǵı ráwayat

Mesopotamiyanıń ráwayatlarınıń eń súyikli qaharmanı *Gilgamish* Uruk qalasınıń patshası bolǵan. Ómiri sońınan kóplegen ańızlarǵa aylandı.

*Ańızlarda aytılıwına qaraǵanda, Gilgamish dúnyaǵa kelgennen keyin mámleket húkimdarı bolǵan babası aqlıǵınıń onnan taxttı tartıp alıwınan qorıqqanlıǵı sebepli, Gilgamishti jarǵa atıp jiberiwge buyrıq beredi.*

*Jarǵa túsip baratırǵan Gilgamishti búrkit uslap qalıp, kóterip alıp ketedi, onı bir baǵmanǵa aparıp beredi. Baǵman Gilgamishtı mehribanlıq penen baǵıp tárbiyalaydı. Erjetkennen keyin Gilgamish atasınan hákimiyattı tartıp aladı hám ózi Uruk qalasın basqara baslaydı. Gilgamish Enkidu degen batır menen dos boladı. Ekewi birlesip jawız maqluqlarǵa qarsı gúresedi, bunıń ushın qudaylar Enkidunı jazalaydı hám ol dúnyadan ótedi.*

*Máńgilik tirishilikke erisiw ushın Gilgamish teńiz túbinde ósetuǵın sıyqırlı shópti izlep tabadı, onı óz xalqı menen birge tatıwǵa qarar etedi. Biraq izine qaytıp kiyatırıp bir kólde shomılıp atırǵanda gúldiń iysin jılan sezip qaladı hám onı urlap ketedi.*

*Sonnan berli ańızda aytılıwına, jılanlar hár jılı túlep jasaradı. Gilgamish bolsa janajan qalasınıń diywalları onı qutqaratuǵının, jaqsı niyetleri onıń ózin máńgilik etetuǵının túsinip jetedi.*

## Akkadtıń abadanlasıwıı

Qala – mámleketler bir-birleri menen tınımsız urısatuǵın edi. Mine usı urıslar nátiy-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jesinde *Sargon I* pútkil Mesopotamiya patshası boladı. **Eramızǵa shekemgi III mıń jıllıqtıń** ortalarında ol Akkadtı hám Shumerdı óz hákimiyatı astına birlestiredi.

Sawda-satıqtı rawajlandırıw maqsetinde Sargon I barlıq qalalar ushın birden-bir bolǵan uzınlıq, maydan hám awırlıq ólshemlerin engizedi. Ol jáhán tariyxında birinshi bolıp turaqlı ásker jıynaydı. Bul jawıngerler 5400 den ibarat bolǵan, keyin bolsa Sargon kóplegen qalalar hám mámleketlerdi basıp alıwǵa imkaniyat jaratqan úlken armiyaǵa tiykar saldı.

Sargon I ólgennen keyin onıń taxtına otırǵan miyrasxorlarına mámlekette háwij alıp turǵan qozǵalańlardı bastırıwına tuwra kelgen. **Eramızǵa shekemgi II mıńjıllıqta** baslarında Shumer-Akkad mámleketi kóshpeli qáwimlerdiń soqqısınan ıdırap ketti.



Gúldi alıp qashıp baratırǵan jılan



**Sargon I – Shumer-Akkad shaxı**



**Urdaǵı ùlken zikkurat (ibadatxana)**

**Este saqlań!**

Mesopotamiya rávayatlarıneń eń sùyikli qaharmanı **Gilgamesh** esaplanadı. Ol Uruk qalasınıń patshası hám kóplep ápsanalar qahramanı bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Este saqlań!**

Shah **Sargon** eramızǵa shekemgi III mıńınshı jıllıqtıń ekinshi yarımında óz húkimdarlıǵı astında Akkadtı hám Shumer qalaların birlestirdi hám «Dunyanıń tórt tárepi mámleketiniń patshası» ataǵın aldı.



**Gilgamish haqqındaǵı ráwiyat.**
*Shumer mixxati*

### *Tayanısh konspekt*

- Mesopotamiya → Eki dárya aralıǵı (Tigr (Dajla) hám Frot dáryaları aralıqları)
- diyqanshılıq, ónermentshilik, sawda-satıq
- qalalar – Uruk, Umma, Ladash, Ur
- zikkurat – ibadatxanalar
- qudaylar – Shamash, Sina, Ea, Ishtar
- Gilgamish – Uruk patshası
- Sargon I – Shumer-Akkad patshası
- eramızǵa shekemgi 2 mıń jıllıq – Shumer-Akkad mámleketiniń qulawı.

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Kartadan eki dárya aralıǵında jaylasqan mámleketlerdi tabıń.
2. Tarixıy atamalar sózliklerden paydalanıp, «civilizaciya» sózine túsinik beriń.
3. Eki dárya aralıǵı áyyem zamanlarda qalay atalǵan?
4. Mesopotamiyanıń qaysı bólimi shumerler hám akkadlar tárepinen ózlestirilgen edi? Qashan?
5. Kóz aldıńızǵa keltiriń, Siz, áyyemgi sawdager sıpatında, Dajla dáryası arqalı kemede túrli zatlar menen júzip, Shumerdiń qaysı bir qalasında sawda satıq islerin ámelge asırıw imkaniyatına iye bolar edińiz? Kartadan paydalanıp, gúrriń etip beriń.

## 12-§. Bobil patshalıǵı

### Bobil – «qudaylar dárwazası»

**Eramızǵa shekemgi II mıń jıllıqta** *Bobil patshalıǵı* Mesopotamiya qublasındaǵı eń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

iri qúdiretli mámleketke aylandı. Bobil qolay geografiyalıq orınǵa iye bolıp, Tigr hám Evfrat dáryalarınıń ózenleri derlik bir-birine qosılıp ketetuǵın bir mákanda jaylasqan edi. Kemelerde túrli ónimler menen birge júzip kelgen sawdagerlerdiń kópshiligi bul qalada qonıp ótetuǵın edi. «Bobil» sóziniń ózi bolsa "*quday-lar dárwazası*" degen mánisti ańlatadı. Bobil qalasında ájayıp saraylar, kórkem shirkewler bolǵan.



**Bobil**

Bobil diń bas kóshesi jeńis payǵambarı *Ishtar dárwazası* menen baslanǵan. Bobil mámleketinde diyqanshılıq, ónermentshilik isleri hám sawda-satıq jaqsı rawajlandı. Biraq, ózara urıslarda bolıp turǵan.

**Eramızǵa shekemgi XVIII ásirde** Bobil patshası *Xammurapi* pútkil Mesopotamiyanı bir mámleketke birlestiriwge eristi. Xammurapi húkimdarlıǵı dáwirinde Bobil eń qúdiretli mámleketke aylandı.

## Xammurapi nızamları



**Navuxodonosor II.**
*Zamanagóy súwret*

Xammurapi tariyxta nızamlar dúzǵen húkimdar sıpatında at qaldırǵan. Bunday nızamlar kólemi jaǵınan turmıstıń hár qıylı táreplerin qamtıwı menen burıńǵı barlıq háreketegi nızamlardan ústemlik etetuǵın edi. Xammurapi nızamları hámme ushın – bay hám kámbaǵal adamlar ushın birdey bolǵan. Nızamnıń tekstleri eldiń barlıq qalalarında ornatılǵan tas sútinlerge jazıp qoyılatuǵın edi.

Xammurapi nızamları qatańlıǵı menen adamlardı lal qaldıradı. Atap aytsaq, shıpaker ámelge asırǵan operaciya nátiyjesinde nawqas biymezgil dúnyadan ótse, shıpakerdiń qolları kesip taslanıwı shárt bolǵan. Nabada arxitektor qurǵan úy tosattan qulap, birew

4 – Tariyx, 6-sinf.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Áskerler qorǵanǵa hújim jasamaqta



Sawashtaǵı oqjayshılar

astında qalsa arxitektor ólimge húkim etilgen. Órt paytında urlıq ústinde qolǵa túsken adam sol waqıttıń ózindeaq otqa taslanǵan. Qulıptı buzǵan urı bunnan da awırıraq jazaǵa húkim etilgen.

Xammurapi nızamları tek kózabaǵa ǵana patshanıń qararları bolıp qalmay qudaydıń qálewi menen dodalanǵan, sonıń ushın da olardı sózsiz orınlaw talap etiletuǵın edi. Sebebi Xammurapi nızamları talan-taraj hám urlıq sıyaqlı jınayatlar derlik júz bermeytuǵın edi.

### *Ózińizdi sınań!*

***Bobil dıń maǵanası – ...***
***Xammurapi – ...***

Xammurapi óliminen keyin qalanı tawlı kassitler qáwimi basıp aladı. Olardıń basıp alıwshılıǵı Bobildiń hálsirewine sebep boladı. Uzaq dawam etken ıdıraw eramızǵa shekemgi VII ásirde *Jańa Bobil patshalıǵınıń* payda bolıwı menen juwmaqlanadı.

### Jańa Bobil patshalıǵı

*Navuxodonosor II* húkimdarlıǵı dáwirinde Jańa *Bobil* óz rawajlanıw shıńına eristi. Bul húkimdar Mısrdı Jańa Bobil patshalıǵına qosıp aladı. *Ierusalim* (Quddus)ti kúltalqan etip taslaydı, Bobildi bolsa bekkem qorǵanǵa aylandıradı. Navuxodonosor II turaq jay imaratları hám qorǵanıw diywalları qurılıgında pisken gerbish paydalanıw haqqında párman beredi.

Ol húkimdarlıq etken dáwirde Bobil qalasınıń segiz dárwazası bolǵan, olardıń hár biri eldiń bas qudaylarınıń biriniń atı menen atalatuǵın edi. Ásirese, Ishtar qudayı atındaǵı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dárwaza sulıw hám saltanatlı bolǵan, haywanlar hám quslardıń súwretı salınǵan qaraqoqshıl naǵıslı tas taxtashalar menen bezetilgen.

Áyyemgi Iran áskerleri **eramızǵa shekemgi 539-jılı** Bobilǵa basıp kiredi. Parsılar qalanı iyelep aladı. Aytılǵan sáneden baslap Jańa Bobil patshalıǵı Parsı mámleketi quramına kiredi.



**Ishtar qudayı atındaǵı dárwazasınıń naǵısları**

## Bobil mádeniyatı

Shumer hám Akkad Bobil mádeniyatınıń eń áyyemgi oshaqları edi. Dúnyadaǵı eń áyyemgi jazıwlardan biri bolǵan Shumer xati sına dáslep «suw», «quyash» hám basqa óz aldına sózlerdi ańlatqan súwretlerden ibarat bolǵan.

Húkimdarlar sarayları hám ibadat-xanalarda, aristokratlar hám bay adamlar shańaraqlarınıń perzentleri bilim alatuǵın mektepler shólkemlestirilgen edi. Oqıwshılar qatpaǵan *gúlal taxtayshalarǵa* súyek hám aǵashtan islengen tayaqshalar menen jazǵan.

**Este saqlań!**
**Eramızǵa shekemgi 539-jılı** parsılar Bobildi basıp aldı. Jańa Bobil patshalıǵı Parsı mámleketi quramına kirdi.

Gúlal taxtayshalar dáslep quyashta keptirilgen, soń qumbızda pisirilgen. Bul taxtayshalar tuńǵısh kitaplar bolıp, oqıwshılar ańızlar hám ápsanalardı kóshirip jazǵan, ósimlikler, quslar, haywanlar hám qurt-qumırsqalardıń atları jazılǵan dizimler dúzilgen. Gúlal tastaxtayshalarda mámleketler, qalalar hám awıllardıń atları da kórsetip ótilgen.



**Shumer sına xatı**

Shumerler sanaw sisteması, quyash hám ay kalendarların da dóretti. Quyash jılınıń dawam etiwi shumerliler tárepinen 365 kún, al ay jılı 354 kún etip belgilengen. Shumerlik hám bobilli ruwxaniylar – astrologlar astronomiyaǵa tiyisli bilimlerge iye bolǵan. Eń áyyemgi observatoriyalar biyik, kóp teksheli shirkewler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Áyyemgi jazıwlardıń payda bolıwı**

– *zikkuratlar* joqarısındaǵı maydanshasında qurılǵan.

Mesopotamiyada hár qıylı dári-dármaqlardı tayarlaw boyınsha baǵdarlama dúzilgen edi.

Geografiya tarawındaǵı bilimler shumerliler hám bobillılarǵa kemelerde teńiz boylap júziwge múmkinshilik bergen.

Dúnyanıń jaratılıwı haqqındaǵı eń áyyemgi ápsanalardan biri Mesopotamiyada jaratılǵan edi.



**Bobil minarası**
*P. Breygel súwreti*
*1563 j.*

**Este saqlań!**

Áyyemgi jazıwlardan biri – shumer sına xatı – **eramızǵa shekemgi 4-mıńjıllıqta** payda bolǵan. Shumerliler ózleriniń sanaw sisteması, quyash hám ay kalendarın dóretti.

### *Tayanısh konspekt*

- → b. e. shekemgi II mıń jıllıq – Bobil patshalıǵı
- → Bobil – "qudaylar dárwazası"
- → b.e. shekemgi XVIII ásir → Xammurapi birden-bir patshalıq
- → Xammurapi nızamları
- → Navuxodonosor II húkimdarlıǵı – gúlleniw dáwiri
- → b.e. shekemgi 539-jıl – Bobil dıń parsılardıń basıp alıwı
- → mixxat, taqvim

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Kartadan Bobil patshalıǵı hám onıń paytaxtın tabıń.
2. Qaysı húkimdar dáwirinde hám qashan Bobil birden-bir mámleketke aylandı?
3. Xammurapi nızamları qanday maqsette jaratılǵan edi?
4. Shumer oqıwshısı, zamanagóy mektep oqıwshısı sıyaqlı, azanda erte mektepke asıǵadı, ol dáwirde kesh qalıwdan qorqadı, mektepke kelip... Gúrrińniń izin dawam ettiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 13-§. Aldıńǵı Aziya mámleketleri



Assuriyalı oqjayshı

**Eramızǵa shekemgi II mıńjıllıq** Aldıńǵı Aziya jasaǵan xalıqlardı birlestirgen dáslepki mámleketler payda bola basladı: *Xett, Mitanni, Assuriya*, kabi mámleketler hám *Finikiya* qala-mámleketleri usılar qatarında. Bul mámleketler bárhama basqınshılıq hám qorǵanıw urıslarında kún keshirgen.

### Assuriya patshalıǵı



Arıslan menen gúres

Áyyem zamanlarda Assuriyalılar Tigr dáryasınıń joqarı aǵımın-daǵı kishkene aymaqtı iyelegen. Dáslep *Oshshur* qalası, keyin ala *Nineviya* qalası paytaxt bolǵan. Xalıqtıń tiykarǵı kásibi diyqanshılıq hám sawda-satıq edi.

Assuriyalılar jawınger xalıq bolǵan. Olar qońsı jerlerge tez-tez hújim jasap turǵan. Assuriyalılardıń qúdiretli áskerleri hár jılı jańa jerlerdi basıp alıwǵa atlanatuǵın edi. Baǵındırılǵan xalıqlar Assuriya húkimdarına úlken muǵdarda salıq tóleytuǵın edi.




**Assuriya patshalıǵı**



Assuriya áskerleri qalanı oqqa tutpaqta

Qalanı basıp alǵan Assuriyalikler qorǵan diywalların, úyler hám shirkewlerdi buzıp taslap, xalıqtı tutqın etip alıp ketedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Assuriya poytaxti Nineviya shahri.** *Tiklangan*

Atlanıslarda qarsılaslarınan tartıp etip alınǵan barlıq nárse paytaxtqa aǵıp keletuǵın edi. Saltanatlı saraylar hám shirkewler baylıqqa tolıp ketken edi. *Oshshurbanapal* húkimdarlıǵı jıllarında Nineviyada Aldıńǵı Aziyadaǵı eń iri, gúlal taxtayshalardan ibarat bolǵan kitapxana toplanǵan edi.

Áste-aqırın Assuriya mámleketi ázzilep bardı. **Eramızǵa shekemgi 605-jılı** Assuriya ármiyası Bobil hám Midiya tárepinen qırıp taslanǵannan keyin bul mámleket te hálsirey basladı.

## Xett hám Mitanni patshalıǵı



**Oshshurbanapaldıń sına jazıwındaǵı kitapxanası**

Shama menen **eramızǵa shekemgi XVIII ásirde** Kishi Aziya orayında (házirgi Turkiya aymaǵında) *xettler* degen arqa betli xalıq óz mámleketine tiykar saladı. *Xattusa* qalası mine usı mámlekettiń paytaxtı bolǵan. Xalıqtıń tiykarǵı kásibi diyqanshılıq hám sharwashılıq edi.

Xettler qońsı mámleketler menen turaqlı urıslar alıp barǵan. Jawınger arbalar hám dál ortasına ushlı temir ornatılǵan qalqanlardan paydalanǵan.

Házirgi Siriya aymaǵında payda bolǵan qońsı *Mitanni patshalıǵı* xettlerdiń qáwipli dushpanına aylandı. Urıslarda mitannilılar atlı áskerlerden paydalanǵan.

Tariyxta atları belgisiz xalıqlar (olardı «*teńiz xalıqları*» dep ataǵan) xettler paytaxtın basıp alıp, pútkilley qarabaqanaǵa aylandırdı. Mámleket ıdıradı, xettler bolsa basqa xalıqlarǵa sińisip ketdi.

**Este saqlań!**

Assuriya mámleketi Frot hám Dajla daryalarının joqarı aǵısında payda boldı, **b.e.sh. 605-jılda** tariyx sahnasınan óshti.

## Urartu patshalıǵı

*Urartu* mámleketi Kavkazartı, házirgi Túrkiyanıń shıǵıs tárepi hám Ármenistan aymaqları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aralıǵında jaylasqan edi. Xalqın urartlar dep ataǵan. Birden-bir mámlekettiń dúziliwi Assuriya hújimlerinen qorǵanıw zárúrligin tezlestirdi.

**Eramızǵa shekemgi IX–VIII ásir** baslarında Urartu mámleketi gúllep jasnadı. *Tushpa* qalası Urartu mámleketiniń paytaxtına aylandı. Urartlar bir neshe basqınshılıq atlanıslarına shıqtı hám assuriyalılar ústinen jeńiske eristi. Biraq keyinrek assuriyalılar áskerleri urartlar armiyasın kúltalqan etip tasladı. *Teyshebaini* qalasındaǵı qorǵan basıp alındı hám wayran etip taslandı. Sonnan soń Urartu patshalıǵı biraz hálsirep qaldı.



**Xettler urıs arbası**

**Este saqlań!**

**Xett patshalıǵı** házirgi Turkiya, **Mitanni** mámleketi bolsa házirgi Siriya aymaǵında bolǵan.

## Finikiya hám Palestina

Áyyemgi zamanlarda *Finikiya* Jer Orta teńiziniń shıǵıs jaǵalawın boylap házirgi Livan aymaǵında hám Siriyanıń bir bóliminde jaylasqan edi.

Sawda-satıq finikiyalılardıń tiykarǵı kásiplerinen biri bolǵan. Finikiyalılar qońsılarǵa aǵash,metallar hám gezlemeler satatuǵın edi. Jer Orta teńizi boyında *Tir, Sidan, Ugar*it sıyaqlı iri teńiz qalaları payda boldı.

**Eramızǵa shekemgi X ásirde** Finikiyada 22 dawıssız háripten ibarat bolǵan álipbe jaratıldı.

Grekler mine usı álipbeni ózlestirip aldı hám olarǵa dawıslı háriplerdi de qosıp qoydı.

**Eramızǵa shekemgi IX ásirde** Palestina aymaǵında *Izrail patshalıǵı* payda boldı, sońın ala ol *Evrey patshalıǵına* birlestirildi. Evreyler Bobil patshalıǵı tárepinen basıp alındı.



**Teyshebaini qalasındaǵı qorǵan**

Áyyemgi izraillılardıń ápsanaları diniy kitaplarǵa jazıp barılǵan. Bul kitaplar toplamı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Evrey patshalarınıń sarayı.** *Tiklengen*

«*Bibliya*»ǵa jámlengen, bul sóz greksheden «kitap» degen maǵananı ańlatadı. «Bibliya» da Dúnya, Jer betindegi alǵashqı adamlar – Adam ata hám Hawa Eneniń jaratılıwı, Jer betin Topan suwı basqanlıǵı haqqında hám basqa ráwiyatlar bar.

## *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Nineviya – ..*** | ***Mitanni – ...*** |
| ***Oshshurbanapal – ...*** | ***Urartu – ...*** |
| ***Xettlar – ...*** | ***Tushpa – ...*** |

## *Tayanısh konspekt*

- b.e. shekemgi II mıń jıllıqtıń – dáslepki mámleketler: Xett, Mittani, Assuriya
- Ossurya patshalıǵı – paytaxtı Oshshur – Nineviya
- Oshshurbanapal – sına jazıwı kestelerinen dúzilgen kitapxana
- b.e. shekemgi 605-jıl – Assuriya Midiya hám Bobil tárepinen basıp alındı
- mil. aldın. XVIII ásir – Xett patshalıǵı, paytaxtı Xattusa – «teńiz xalıqları» tárepinen Xattusanı baǵındǵırıwı qılıwı.
- Urartu mámleketiniń, paytaxtı – Tushpa
- b.e. shekemgi IX ásir – Urartu mámleketiniń gúllenip rawajlanǵan dáwiri
- Finikiya –Tir, Sidon, Ugarit qalaları
- b.e. shekemgi XI ásir – Izrail mámleketiniń juzege keliwi

## *Soraw hám tapsırmalar*



**Finikiyalılar**

1. Aldıńǵı Aziya aymaǵında dáslepki mámleketler qashan payda bola basladı?
2. Assuriya patshalıǵı haqqında nelerdi bilesiz?
3. Assuriya húkimdarı Oshshurbanapal tariyxta nesi menen at qaldırǵan?
4. Xett patshalıǵı qalay dúzildi? Xett patshalıǵı húkimdarlıǵınıń ózine tánligi nede?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Xett patshalıǵı qalayınsha hálsiredi?
6. Urartu mámleketiniń rawajlanıwı hám hálsirewiniń sebebi nede?

## 14-§. Ahamoniylar mámleketi

### Áyyemgi Iran xalqı

**Eramızǵa shekemgi VI ásirde** házirgi Iran aymaǵında *Ahamoniyler dinastiyasına* tiyisli shahlar tiykar salǵan *Parsı patshalıǵı* payda boldı. Ahamoniyler patshalıǵı dúnyadaǵı eń iri mámleketlerden biri bolǵan.

Házirgi Iran aymaqlarında áyyem zamanlarda *kassiyler, elamiyler* sıyaqlı hár qıylı qáwimler jasap kelgen.




**Ayyemgi Parsı mámleketi**



**Ayyemgi qoljazba**



**Evrey xalqın bobillikler tutqınlıqqa alıp ketpekte**

### Iran aymaǵında ayyemgi mámleketler

**B.e. shekemgi 3-mıńjıllıqta** Irannıń qubla batıs bóliminde Mesopotamiya menen shegarada *Elam mámleketi* payda boldı. Bul mámlekettiń paytaxtı *Suza* qalası bolǵan. Elamda dúniyadaǵı eń eski jazıwlardıń biri jazılǵan.

Kaspiy teńiziniń qubla batısında jaylasqan *Midiyada* qáwim awqamları payda boldı.

**Este saqlań!**

**B.e.sh. VI ásirda** házirgi Iran aymaǵı (Parsı qoltıǵı jaǵalawları) nda **Ahamaniyler dinastiyasına** tiyishli patshalar tiykar salǵan **Parsı patshalıǵı** juzege kelgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Este saqlań!**

**Eramızǵa shekemgi 3-mıńjıllıqta** Irannıń qubla-batıs bóliminde Mesopota-miya menen shegarada **Elam** mámleketi payda boldı. Bul mámlekettiń paytaxtı **Suza** qalası bolǵan.



**Parslar sawashta**

**Este saqlań!**

**Eramızǵa shekemgi VII asirde** patsha **Kiaksar** húkimdarlıǵı dáwirinde **Midiya** qúdiretli mámleketke aylandı.

**B.e. shekemgi VII ásirde** patsha *Kiaksar* húkimdarlıǵı dáwirinde Midiya qúdiretli mámleketke aylandı. Midiya mámleketi Bobil menen awqam dúzip Assuriyanı basıp aldı.

## Kir II – Parsı húkimranlıǵı

**B.e. shekemgi 558-yılda** Ahamoniyler sulalasınan bolǵan patsha *Kir II* barlıq parsılardı óz hákimiyatı astına birlestirdi. Midiya patshalıǵın boysındırǵannan keyin Kir II úlken ásker dúzdi hám basıp alıwshılıq atlanısların dawam ettirdi.

Ármenistan, Lidiya hám Bobil basıp alındı. Parsılar Jer orta teńizine shıǵıp aldı, Palestin hám Finikiyanı baǵındırıp aldı. Kir II niń basıp alıwshılıq siyasatın onıń miyrasqorları *Kambiz II* hám *Dara I* de dawam etti. Kambiz II Mısrdı basıp alıw arqalı Parsı mámleket qaramaǵın anaǵurlım keńeyttirdi.

## Dara I diń reformaları

**Eramızǵa shekemgi 522-jılı** shah Dara I Áyyemgi Iran mámleketi taxtına otırdı. Bul waqıtta basıp alınǵan barlıq mámleketlerde qozǵalańlar háwij alıp ketti. Ahamoniylar patshası Dara I olardı bastırıwǵa kiristi.

Dara I Qara teńiz boylarında jasawshı *skif lerge* qarsı atlanıs qıldı. Dara I niń Aziyadaǵı grekler koloniyaları hám Balkan yarım atawında jaylasqan *Frakiyani* basıp alıwı grek-parsı urısınıń baslanıp ketiwine sebep boldı. Dara I húkimdarlıǵı dáwirinde Hindistan arqa tárepinen Jer Orta teńizine shekem jayılǵan úlken imperiya payda boldı.

Dara I pútkil mámleket ushın «darayi» dep atalǵan birden-bir altın teńgeni aylanısqa qostı. Ol áyyemgi Parsı patshalıǵı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

quramındaǵı Persepol qalasınan Jer Orta teńizine shekem «shah jolı» degen sawda jolı qurılǵan edi. Dara I qaytadan armiya dúzdi, saltanattı «satraplıqlar» dep atalǵan óz aldına áskeriy okruglerge bóldi.

Makedoniyalı Aleksandr **b.e.shekemgi 330-yılda** Parsı mámleketin basıp aldı.



**Kir II**

> **Este saqlań!**
>
> Makedoniyalı Aleksandr **b.e.sh. 330- jılı** Parsı mámleketin basıp aldı. Ahamaniyler mámlekti eki juz jıldan zıyat ómir súrdi.

## Áyyemgi parsılar mádeniyatı

*Suza, Ekbatana* hám basqa qalalar Ahamoniyler mámleketindegi áhmiyetli sawda orayları edi. *Persepol* qalasında Dara I hám Kserkstiń túrli xanalar hám júz óreli (sútinli) zalı bolǵan sarayınıń qaldıqları saqlanıp qalǵan. Saray ápsanalıq hám qıyalıy quslardıń súwreti menen bezelgen edi. Persepol sarayı bórtpe naǵıslarda Ahamoniyler baǵındırǵan kóp ǵana xalıqlar hám elatlardıń atları saqlanıp qalǵan. Olar tiykarınan Iran shahlarına sawǵa hám salıqların alıp kiyatırǵan halatta súwretlengen.



**Dara I taxtta**

Áyyemgi parsılar sına jazıw tárizli belgiler menen jazǵan. Parsı shahlarınıń jazıwları *Behistun* hám *Naqshi Rustam* jartaslarına, sonday aq, Persepol sarayınıń diywallarına oyıp jazılǵan. Olar atlanıslar, kóterilisler hám mámleket turmısındaǵı áhmiyetli waqıyalar haqqında maǵlıwmat beredi.



**Altın teńge**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Dara I saqshıları

## *Tayanısh konspekt*

- kassiyler, elamiylar, midiyalılar, parsılar
- Elam, Midiya mámleketleri
- b.e.sh. 558-jıl – Kir – II Parsı mámleketiniń júzege keliwi
- Kir II – Armenstan, Bobil hám Midiyaǵa basqınshılıq urısları
- b.e.sh. 522-yıl – Dara I saltanatınıń satraplıqlarǵa bóliniwi
- b.e.sh. 330-jıl – Ahamoniyler saltanatınıń Aleksandr Makedonskiydiń basıp alıwı



**Tutqınlıqqa alınǵan kóterilis basshılarınıń Dara I aldına alı keliniwi.**
*Behistun jartası*

## *Soraw hám tapsırmalar*

1. Iran patshalıǵı qashan dúzildi?
2. Qaysı dinastiya húkimdarları Iran patshalıǵına tiykar salǵan?
3. Elam mámleketi qashan payda bolǵan?
4. Kir II qaysı mámleketti basıp aldı?
5. Dara I óz mámleketinde qanday reformalar engizdi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 15-§. Áyyemgi Hindistan civilizaciyaları

### Aymaǵı hám tábiyǵıy sháriyatı

Hindistan mámleketi usı atamadaǵı nomdagi yarım atawı hámde Aziya kontinentiniń *Hind* hám *Ganga* dáryaları alaplarındaǵı bir bólimdi iyelegen. Tábiyiy shárayatı ıssı klimat hám suw menen birge ónimdar ılaydı aǵızıp kelip atırǵan keń jayılıp aǵatuǵın dáryalar diyqanshılıqtıń júzege keliwi hám rawajlanıwı ushın imkaniyat jarattı. Gimalay tawları arqashıǵıstan dushpanlar hám suwıq samallar qáwpinen ózine tán tábiyiy qorǵanıw diywalı bolıp xızmet etetuǵın edi.

### Hindistan civilizaciyaları

Gang alabındaǵı tropikalıq toǵaylar úlken terek hám ráńbáráń ósimlikler mákanı



Hind dáryası alabı

Este saqlań!
Hindistan mámleketi usı atamadaǵı yarım-ataw hámde Aziya materiginiń Hind hám Gang daryaları alaplarınıń bir bólimin iyelegen.




Ayyemgi Hindistan



Jawınger pil



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolǵan. **Eramızǵa shekemgi 3-mıńjıllıqta** Hind dáryası alabında birden-bir mamleketke birlesken úlken qalalar payda bola basladı.



Moxenjodarodaǵı kóshe

*Moxenjodaro* hám *Xarappa* qalaları Hind dáryası basseyniniń eń iri qalaları edi. Eki qalada da bekkem qorǵanıw diywalları menen qorshalǵan, ishki sarayı bolǵan. Kósheler menen bir-birinen bólingen orınlardan qam hám pisken gerbishten (turaq jaylar, ambarxanalar, saray hám ibadatxaxaları) salınǵan jaylar tabıldı. Úlken hám sulıw qala – Moxenjodaro xalqı sheber gúlal edi.

Xalqınıń tiykarǵı kásibi diyqanshılıq bolǵan. Diyqanlar qant qamısı, paxta ósimliklerin jetistirgen, pillerdi qolǵa úyretken. Biraq **eramızǵa shekemgi XVIII ásirden** keyin Hind dáryası alabınıń qonısları tez-tez júz beretuǵın suw tasqınları, toǵaylar hám sheńgelzarlardıń keńeyiwi hámde topıraq arıqlap ketiwi sebepli hálsirey basladı.



Usınday arıslanlar kórinisi menen ibadatxanalar bezetilgen

***Ózińizdi sınań!***

***Hindistan – ...  Xarappa – ...***
***Moxenjodaro – ...***

## Diniy isenimler

Áyyemgi hindler mısrlılar hám bobillılar sıyaqlı tábiyattıń kóplegen qubılısları aldında ázzi edi: tropikalıq nóserler, suw tasqınları, qurǵaqshılıqtan qorqatuǵın edi.

Áyyemgi hind ráwiyatlarında aytılǵanınday, Quyash qudayı hár tańda altın arbada aspandı boylap jolǵa shıǵadı. Quyash túngi qarańǵılıqtı serpip taslap adamlarǵa ıssılıq hám jaqtılıq inam etiw niyetinde shıǵıstan bas kóteredi. Gúldirmama qudayı *Indra* aspandaǵı suwdı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tutqınlıqtan qutqarǵannan soń, jer betinde qurǵaqshılıq joq bolıp ketipti.

Hindler ayırım qudaylardı jabayı haywanlar tımsalında kóz aldına keltirgen. Máselen, olar sıyınǵan qudaylardan biri, bası pildikine uqsas danıshpan *Ganesha* bolǵan. Sıyır hindler arasında muqaddes haywan esaplanǵan, sıyırdı óltiriw qadaǵan etilgen.



**Ganesha – danıshpanlıq qudayı**

Hindler jan bir deneden basqa bir denege kóship ótiwine isengen. Olar ólgennen keyin adam birotala ólmeydi, al basqa bir maqluqqa aylanıp óz sırtqı kórinisin ózgertedi, haywanǵa, qumırsqaǵa hám ósimlikke aylanadı dep esaplaǵan.



**Sıyır Hindstanda muqaddes esaplanadı**

## Kastalar

Áyyemgi hindler qanday jumıslar menen shuǵıllanıwına qarap tórt toparǵa bólingen edi. Bul toparlar *kasta* yamasa *vámrna* dep atalǵan, atap aytqanda; ruwxaniylar – *braxmanlar* (hind ruhaniyları), jawıngerler – *kshatriylar*, diyqan, ónerment hám sawdagerler – *vayshilar*, xızmetshi hám qullar – *shudralar*.

Hindlerdiń isenimi boyınsha kastalardan hár birin joqarı quday *Braxma* óz gewdesiniń qandayda bir bóliminen dúnyaǵa keltirgen eken.



**Hind kastaları**

Máselen, ruwxaniylar onıń jelkesinen, jawıngerler qollarınan, diyqanlar jambasınan, xızmetshiler bolsa Braxman tárepinen jaratılǵan, dep esaplanǵan. Balalar bárqulla ata-analarınıń kastasına tiyisli dep esaplanǵan. Bir kastadan basqasına ótiwdiń de ilajı bolmaǵan. Hár qıylı kastalarǵa tiyisli adamlar arasında nekege de jol qoyılmaǵan.

Kastalardan hesh birine tiyisli bolmaǵanlar bolsa «*shandal*», yaǵnıy «*jerkenishliler*» dep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Quday Braxma



Gúldirmama qudayı – Indra

atağan. «Shandallar» kastalarğa tiyisli adamlar menen birge bir úyde jasay almaytuğın edi, olar menen bir dásturxanda otırıw qadağan etilgen edi.

### Ózińizdi sınań!

**Hind hám Gang – ...**
**Kastalar – ...** **Shandallar – ...**

### Tayanısh konspekt

- Hindistan yarım atawı (Hind hám Gang dáryaları)
- b.e. shekemgi III mıń jıllıq – Moxenjodaro hám Xarappa qalalarınıń júzege keliwi
- qudaylar – Indra, Ganesha, Braxma
- kastalar: (varna)lar:
  – ruwxanıylar-braxmanla
  – jawıngerler-kshatriylar
  – diyqan, ónerment hám sawdagerler-vayshiler
  – xızmetkerler hám qullar – «shudralar»
- «shandallar»

### Soraw hám tapsırmalar

1. Kartadan Hindistandı tabıń. Hindistannıń geografiyalıq ornınıń ózgeshelikleri haqqında aytıp beriń.
2. Hindistan jámiyeti qanday kastalarğa bólingen?
3. Sizińshe, nege bir kastadan basqasına ótiwge ruqsat berilmegen?
4. Moxenjodaro hám Harappa qalalarina sayahat qılıp, bul qalalar haqqında gúrriń duziń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 16-§. Eramızǵa shekemgi I mıńjıllıqtaǵı Hindistan

## Hindistan mámleketleri

**Eramızǵa shekemgi VII-VI ásirlerde** Hindistanda bir neshe mámleketler payda boladı, atap aytqanda, *Magadxa, Koshala, Malla* hám basqalar.

Aleksandr Makedonskiy Orta Aziyanı basıp alǵannan keyin **eramızǵa shekemgi 327-jılı** *Panjab* úlkesi aymaǵına bastırıp kiredi. Bul úlkede jaylasqan mámleketlerdiń húkimdarları basqınshılarǵa qattı qarsılıq kórsetedi.

Aleksandr Makedonskiy úlken qıyınshılıqlar menen Hind oypatlıǵına shekem jetip baradı, Bobilǵa qaytıp ketedi. Aleksandr qaldırǵan jergilikli qarsılıǵına shıdam bere almay, Hindistannan ketiwge májbir boldı.

Grek-makedon áskerlerine qarsı gúreske ataqlı hind sárkardası *Chandragupta* basshılıq etedi. Shandragupta Arqa Hindistandaǵı barlıq mámleketlerdi óz quramına alǵan *Maurya* mámleketine tiykar saladı.

*Pataliputra* qalası bolsa Maurya mámleketiniń paytaxtına aylandı. **Eramızǵa shekemgi III ásir de** patsha *Ashoka* húkimdarlıǵı dáwirinde Mauryanıń rawajlanıwında joqarı shıńlarǵa eristi.



**Sárkarda Chandragupta.** *Zamanagóy súwret*



**Mauriya mámleketiniń patshası – Ashoka**

## Ilim hám mádeniyat

Áyyemgi Hindistan ilim, pán, atap aytqanda, astronomiya hám matematika tarawında joqarı dárejege erisedi. Hindler jıl esabı boyınsha 360 kúnnen quralǵanın oylap tapqan, jıl kalendarın dúzedi. Bul dáwirde sanaw hám esaplawdıń onlıq sisteması keń tarqaladı: hindler «nol»di bildiretuǵın arnawlı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

belgini oylap tabadı, Sanlardı bolsa búgingi kúnde pútkil dúnya quwatlaytuǵın bir tártipte jazatuǵın boladı. Biz bul sanlardı arab sanları dep ataymız, óytkeni hindlerden qabıl etken bul sanlar arap tilinde jazılǵan dóretpeler arqalı keń tarqalǵan.



**Hindler tárepinen oylap tabılǵan shaxmatlar**

Hindistanda oylap tabılǵan, hindlerdiń ózi «*jawıngerlerdiń tórt túri*» dep ataytuǵın oyın búgingi kúnde pútkil dúnyada «shaxmat» atı menen belgili.

Hindler birinshi bolıp qantlı qamıstan qant alǵan edi. Metallarǵa islew beriw tarawında da hindler adamdı tań qaldırarlıq nátiyjelerge eristi.




**Sanskrit jazıwı**

Áyyemgi hind tilleri tiykarında jańa ádebiy til bolǵan *sanskrit* islep shıǵıldı. «*Mahabxarat*», «*Ramayana*» eposları hám de basqa shıǵarmalar mine sol tilde jazılıp, bizge shekem jetip kelgen.

### ***Ózińizdi sınań!***

***Pataliputra – ...      Sanskrit – ...***
***«Jawıngerdiń tórt túri» – ...***

## «Qudaylarsız din»



**Siddhartha Gautama.** *Zamanagóy súwret*

Jámiyettegi ózgerislerdiń tásirinde hindlerdiń diniy isenimleri de reformaǵa júz burdı. B.e.sh. VI ásirde jańa *buddaviylik* dinniń jaratılıwı *Budda* laqabın alǵan shahzada *Siddhartha Gautama* atı menen baylanıslı.

*Ráwiyatta aytılıwınsha shahzada Siddhartha Gautama 20 jasqa tolǵanǵa shekem húkimdar ákesiniń sarayında táshwishsiz abadan kún keshirgen. Sol kúnlerden bir kúni seyil etip júrgen bir waqıtta búkshiygen,*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*dawasız dártke jolıqqan bir adamǵa,sońınan bolsa jerlew máresimine kózi túsedi. Solay etip, shahzadalar insannıń azabı hám ájeli málim boldı. Bul Siddhartha Gautama turmısın birotala ózgertip jiberdi. Ol saraydaǵı abadan turmıstan waz keshti, turmıs mazmunın izlep tabıw maqsetinde dúnya boylap sayaxatqa atlandı.*

*Bir kúni aǵartıwǵa erisken bilimnen Budda insan esap-sansız mártebe tuwılıwı hám óliwin túsinip jetedi. Keyingi turmısta adamnıń kim bolıp tuwılıwı da onıń isháreketlerine hám jol tutıwına baylanıslı.*

Budda hám onıń dawam ettiriwshleri bolǵan *buddalıqlar* ótirik sóylemewi, maldúnya jıynamawı, tiri maqluqlardıń qanın tókpewdi lazım dep esaplaydı. Sol sebepli insan hár qanday niyetlerden waz keshiwi zárúr, oytkeni hár qanday tilek-árman azap-aqıbetke alıp keledi.

Dáslep buddalıqlarda quday bolmaǵan, óytkeni olar qudaylar insan azap-aqıbetlerin jeńillete almaydı dep esaplaǵan. Biraq, kóp ótpey Buddanıń ózi qudayǵa aylandı. Búgin de budda shirkewlerinde onıń háykellerin kóriw múmkin. Budda nilufar gúlinde tereń oylarǵa shúmgeninshe qılt etpey júz kórinisi menen qabaqların túsiriwı menen maldas qurıp otırǵan halında súwretlenedi.

**Este saqlań!**

Budda dinine **Budda** atın alǵan shahzada **Siddhartha Gautama** tiykar salǵan.



**Budda**

***Ózińizdi sınań!***

***Chandragupta – ... Buddaviylik – ...***
***Ashoka – ... Budda – ...***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Este saqlań!**
Dáslep buddalıqlarda quday bolmaǵan. Sebebi, olar qudaylar insannıń azap-aqıbetlerin jen'illestire almaydı dep esaplaǵan.

### *Tayanısh konspekt*

- b.e. shekemgi VII-VI ásirler – Magadha, Kashala, Malla mámleketleri
- b.e.sh. 327-jıl – Aleksandr Makedonskiydiń Hindistanǵa atlanısı
- Chandragupta – paytaxtı Pataliputra bolǵan Maurya mámlekeiniń tiykarın salıwshı
- b.e.sh. III ásir – Ashoka húkimdarlıǵı Hindistannıń – gúllep-jaynaǵan dáwiri
- jańalıqlar: «nol» sanı, shaxmat
- «Mahabxarat», «Ramayana», – xalıq dástanları
- buddalıq – «qudaylarsız din»

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Eramızǵa shekemgi VII-VI ásirlerde Hindistanda qaysı mámleketler payda boldı?
2. Ullı jawlap alıwshılardan qaysısına Hindistan mámleketin ózine boysındırıw nesip etpedi? Ne sebep?
3. Mauriya mámleketi tiyqarım salǵan kim?
4. Qaysı húkimdar dáwirinde Mauriya mámleketi rawajlanıwdıń joqarı shıńına eristi?
5. Hindlerdiń eń áhmiyetli jańalıq hám oylap tabıwların aytıp beriń.



**Xuanxe dáryası**

## 17-§. Áyyemgi Qıtaydıń civilizaciyaları

### Qıtayda civilizaciyalardıń baslanıwı

Mısr, Mesopotamiya hám Hindistandaǵı sıyaqlı Qıtayda da dáslepki civilizaciyalar *Xuanxe* hám *Yanczı* atlı úlken dárya boylarında júzege kelgen. **Eramızǵa shekemgi III mıń-**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

**jıllıqta** Qıtayda qáwimler awqamları payda bola basladı. Bul mámleketti *Sya* dinastiyası húkimdarlıǵı basqarıp turǵan. Eramızǵa shekemgi II mıńjıllıqtıń birinshi yarımında *Shan* mámleketiniń qáwimleriniń baslıǵı Sya dinastiyası patshasınıń taxttan awdarıp, mámleketti ózine boysındırǵan.




Mil. avv. II ming yillikda Shan davlatning hududi

Milodiy II asrda xalq qo'zg'olonlari bo'lib o'tgan joylar

**Áyyemgi Qıtay**

Sol tárizde mámleket atı ham onıń bas qalası atı siyaqlı «*Shan*» deb atalgan. **Eramızǵa shekemgi II mıńjıllıq** aqırında Shanǵa qońsılas shjou qáwimi bastırıp kiredi, onıń húkimdarı Shan jerlerin ózinikine qosıp aldı hám «*Chjou*» degen úlken mámleketti qurdı.



**Qıtay ámeldarı**

**Este saqlań!**

Qıtayda dáslepki civilizaciyalar Xuanxe hám Yanczi dáryaları boylarında payda bolǵan.



**Salı atızı**

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámlekettiń úlkenligi sebepli húkimdarlar onı «*Zafaryor*» yamasa «*Orta patshalıq*» dep, ózlerin bolsa «*Aspan ulları*» dep ataydı. Pútkil oraylıq Qıtay mine usı mámleket quramına kirgen edi.



**Bay ámeldarlardıń turaq jayı**

## Xalqınıń kásipleri

Diyqanshılıq Qıtayda ázelden itibarlı hám maqtanıshlı kásip esaplanıp kelgen. Tiykarǵı diyqanshılıq eginleri qara biyday hám biyday bolǵan. Sońın ala qıtaylılar salı jetistire basladı, salı tuqımı Hindistannan alıp kelingen.

Qıtay xalqı sońın ala «*shay*» teregin de jetistire basladı, onıń japıraqlarınan shıpalı ishimlik bolǵan «shay» tayarlanadı. Shay tez arada pútkil dúnyaǵa tarqaldı.

***Ózińizdi sınań!***

***Xuanxe hám Yanczı – ...***
***Shan – ...  Chjou – ...***



**Chjou mámleketiniń húkimdarı**

Tut daraǵın jetistiriw Qıtay xalqınıń tiykarǵı kásibinen biri bolǵan. Tut japıraǵı menen jipek qurtı baǵıladı. Jipek qurtları pillelerge talshıqlardı oraydı, pilleden bolsa júdá jeńil hám tınıq gezleme bolǵan jipek tayarlanadı.

## Qıtay «kóp patshalıqlar» dáwirinde

**Eramızǵa shekemgi VIII–VII ásirlerde** Shjou mámleketinde oraylıq hákimiyat hálsirey basladı. Ayırım wálayatlar nayıpları patsha hákimiyatınan azat bolıwǵa umtılatuǵın edi. Qıtayǵa kóshpeli qáwimler hújim jasay baslaǵanınan paydalanıp qalǵan shetki wála-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yatlar xalqı bólinip shıǵıp, óz mámleketin qura basladı. Usı taqılette **eramızǵa shekemgi VII–V ásirlerdegi** úlken dáwir tariyxta «*Kóp patshalıqlar*» dáwiri atın alǵan. Qıtayda usı waqıtta «*gúresip atırǵan patshalıqlar*» dáwiri de baslandı. «*Zafaryor*» imperiyasınıń joqarı húkimdarları menen bólinip shıqqan mámleketler húkimdarları arasında baslanǵan urıslar 200 jıldan kóbirek dawam etti. Bul dáwir *Sin* mámleketi húkimdarı óziniń barlıq qarsılasların joq etip taslap, **eramızǵa shekemgi III ásirde** bir mámleket dúziliwi menen juwmaqlandı.



**Qaǵaz islep shıǵarıw.** *Zamanagóy súwret*

### *Tayanısh konspekt*

- b.e. shekemgi III mıń jıllıq – Qıtayda daslepki mamlekettiń payda bolıwı
- b.e. shekemgi II mıń jıllıq – Shan, Chjou mámleketleri
- diyqanshılıq – salı – shay – jipekshilik
- b.e. shekemgi VII–V ásirler – «kóp patshalıqlar dáwiri»

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Qaysı dáryalar oypatında Qıtaydıń dáslepki civilizaciyaları payda bola basladı?
2. Qıtayda birinshi mámleket qashan dúzildi? Ol qalay atalǵan?
3. Qıtaydıń qaysı áyyemgi mámleketi «Zafaryor» degen at alǵan?
4. Áyyemgi Qıtay xalqınıń tiykarǵı kásiplerin sanap beriń.



**Sin Shixuandi– oraylasqan Qıtay húkimdarı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Áskerlerdiń gúlal háykelleri.** *Sin Shixuandi maqbarası*

# 18-§. Eramızǵa shekemgi III eramızdıń II ásirlerindegi Qıtay

## Oraylasqan mámlekettiń dúziliwi

**Mil. avv. 246-yilda** Qıtaydı óz hákimiyatı qaramaǵına birlestirdi, *Sin Shixuandi* atın qabıl etken. Bul at «*Sinniń birinshi húkimdarı*» degen mánisti bildiredi. Óz mámleketi aymaǵın 36 wálayatqa bólgen húkimdar hár birine imperator nayıpların basshı etip tayarladı.

Sin Shixuandi tiriliginde aq ózine atap minara qurıwǵa párman bergen edi. Sawlatlıǵı hám bezewleri jaǵınan bul minara Mısr piramidaları menen bellese aladı. Minaranı 720 mıń adam 37 jıl dawamında qurǵan. Minaranıń túbi bir neshe kvadrat km maydandı iyelegen. Sin Shixuandi qábirinen imperatordı «qorǵaw» ushın ornatılǵan 6 mıń gúlaldan áskerler háykelsheleri de tabılǵan.



**Ullı Qıtay diywalı**

## Ullı Qıtay diywalı

Sin Shixuandi húkimdarlıǵı dáwirinde kóshpeli *xunnlardıń* hújimlerinen qorǵanıw ushın Arqa Qıtay boylap qurılǵan qorǵanın diwalların elede bekkemlewdi buyirǵan. Diwaldı qurıw jumısları dáslep besh IV áside baslanǵan. Bul diwal tariyxta Ullı Qıtay divalı dep atalǵan. Onıń biyikligi 6–10 metr, qalıńlıǵı 5–8 metr, uzınlıǵı bolsa derlik 4000 km quraǵan. Áyyem zamanlarda dushpan áskerleri ushın bekkem bekinis bolıp xızmet etken, atlı áskerler onnan asırılıp óte almaytuǵın edi, qorǵanlardı shturm menen alıwǵa bolsa kóshpeliler ele uqıplı emes edi.

**Este saqlań!**

Sin Shixuandi Arqa Qıtay boylap qurılǵan qorǵanıw diwalların jenede bekkemlewdi buyirǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Patsha hám hámeldarlar júz mıńlap diyqanlardı diywal qurılısında tegin islep beriwge májbúr etedi.



Xan dinastiyasınıń húkimdarı – U-Di

## Qıtayda xalıq qozǵalańları

**Eramızǵa shekemgi 206–jılda** Sin dinastiyasına qarsı diyqanlar qozǵalańı *Lyu Ban* basshılıq etken edi. Qozǵalańshılar paytaxttı iyelep aldı. Solay etip Sin patshaligi awdarıladi hám *Xan* dinastiyası basshılıq etken jańa mámleket qurdı. Bul dinastiya mámleketi *U-Di* húkimdarlıǵı dáwirinde eń qúdiretli mámleketke aylanǵan.

Shıǵıstaǵı basqa mámleketler sıyaqlı Qıtaydaǵı jerler húkimdardiki esaplanatuǵın edi, xalıq natural salıqlar tóler, hár qıylı miynet minnetlemelerin orınlar edi. Zor miynetiniń esesine jetistirilgen zúráát kóbinese diyqannıń ózine nesip etpeytuǵın edi.



Qıtaydaǵı xalıq kóterilisi

Awır awhalǵa narazılıq tárizinde keyni diyqanlar qozǵalańına aylanıp ketetuǵın kóterilisler payda bolatuǵın edi. Olardan biri «*qızılqaslılar qozǵalańı*» atın alǵan edi, óytkeni, qozǵalańǵa shıqqanlar óz adamların aljastırıp almaw ushın qasların qızıl reńge boyap alǵan edi.

«*Sarı oramallılar*» qozǵalańı **II ásirdegi** eń iri qozǵalań boldı. Qozǵalań pútkil mámleketti qamtıp aldı. Tek húkimdardıń jaqsı qurallanǵan hám jaqsı áskeriy tárbiya alǵan áskerleri ǵana onı bastırıwdıń esabın taptı. *Xunnlardıń* hújimleri kúsheyiwi menen mámleket te hálsirep qaldı, **eramızdıń IV ásirinde** Qıtay imperiyası úsh patshalıqqa bólinip ketti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE


Seysmograf


Qıtay shınısı


Qıtayda oylap tabılǵan kompas


Bambuk taxtasındaǵı jazıw

## Áyyemgi Qıtay mádeniyatı

Áyyemgi Qıtayda ózine tán joqarı mádeniyat jaratıldı. Jergilikli xalıqtıń kúndelikli turmısı zúráátshilik, ónermentshilik, hám taǵı basqa da tarawlar menen baylanıslı bolıp, ilmiy bilimlerdiń rawajlanıwına imkan berdi.

Sol tárizde matematika, astronomiya hám geografiya ilimleri rawajlandı. Sonday-aq, áyyemgi qıtaylılar arxitektura hám músinshilik tarawlarında úlken jetiskenliklerge erisken. Áyyemgi Qıtayda barlıq sózlerdi bildiretuǵın ieroglif jazıwı payda bolǵan. Dáslep Qıtaylılar bambuk taxtayshalarına jazǵan.

Bunnan 2,5 mıń jıl burın bambuktıń ornına jipekten paydalanıwǵa ótildi. Jipekke qıl qálem menen jazılatuǵın edi. Endi kitap uzın jipek bólegine uqsap, onı oram etip tayaqshaǵa oraytuǵın edi. **Eramızǵa shekemgi I ásirde** qaǵaz oylap tabıldı.

### *Ózińizdi sınań!*

***Sin Shixuandi – ... Iyeroglif – ...***
***Ullı Qıtay diywalı – ...***

Qıtaylılardıń eń ájayıp jańalıqlarınan biri *kompas* bolǵan. Ol magnitlengen temirden jasalǵan uzın saplı úlken qasıqtı esletedi. Bul úskeneni kletkalarǵa bólingen naǵıslanǵan aǵashqa ornatqan, onıń sabı bolsa bárqulla qublanı kórsetetuǵın edi.

Qıtayda sondayaq jer silkiniwdi aldınnan aytıp beretuǵın *seysmograf* ta oylap tabılǵan edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Tayanısh konspekt*

- Sin Shixuandi – Sin mámleketi húkimdarı
- Ullı Qıtay diywalınıń qurılıwı
- xalıq qozǵalańları:
  - b.e.sh. – 206-jıl – Lyu Ban
  - «qızılqaslılar» qozǵalańı
  - b.e.sh. II ásir – «Sarı oramallılar» qozǵalańı
- oylap tabıwlar: ieroglifler, qaǵaz, kompas, seysmograf



**Súyekke jazılǵan Qıtay jazıwı**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Qıtaydı bir mámleketke birlestirgen húkimdardıń atın aytıń. Bul waqıya qashan bolǵan?
2. Húkimdar Sin Shixuandi haqqında sóylep beriń, onıń jekke ózine baha beriń.
3. Ullı Qıtay diywalı haqqında nelerdi bilesiz?
4. Qıtaylılar oylap tabıwların sanap beriń. Qaysılarınan házir de paydalanamız?



**Ayyemgi qıtay tariyxshısı Sıma-Cyan**

## 19-§. Ózbekistan aymaǵındaǵı dáslepki mámleketler

### Áyyemgi xalıqlardıń etnikalıq quramı hám aymaqlıq jaylasıwı

Jazba dereklerdiń maǵlıwmat beriwinshe, **eramızǵa shekemgi VII–VI ásirlerde** Ózbekistan aymaǵında *sogdiylar, baktriyalılar, xorezmliler, sak* hám *massaget etnoslıq* hám *etnikalıq* qáwımleri jasaǵan.

Zarafshan hám Qashqadárya oazisinde diyqanshılıq penen shuǵıllanıwshı kóplegen xalıqlar jasaǵan. Jazba der eklerde bul aymaq



**Sak áskeri.** *Rekonstrukciya*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Soǵdiana* dep atalǵan. Bul aymaqta jasaǵan xalıq soǵdiylar dep atalǵan.



Orta Aziya xalıqları
**B.e.sh. VI ásir.**
*Rekonstrukciya*




**Este saqlań!**

**Sogd** – Zarafshan hám Qashqadárya oypatında, **Xorezm** – Ámiwdáryanıń tómengi bo'liminde, **Baktriya** – Surxandárya oypatında, arqa Awǵanstan hám qubla Tajikstan aymaqlarında jaylasqan.

### Orta Aziya hám Áyyemgi Shıǵıs

Ámiwdáryanıń tómengi aǵımında jasaǵan otırıqlı diyqan elatları *xorezmliler* dep atalǵan. Olardıń jurtı *Xorasmiya* delingen.

Soǵdiylardıń eń jaqın qońsıları *baktriyalılar* bolıp, olardıń jurtı Surxan oypatlıǵı, Awǵanstannıń arqası, Tájikstannıń qubla aymaqlarında jaylasqan. Grek-rim avtorları onı *Baktriyana* yamasa *Baktriya* dep ataǵan.

Shóller hám Ámiwdárya kóshpeli *massaget* qáwimleri jasaǵan. Oraylıq Aziyanıń tawlı, dala hám shól jerlerinde tiykarǵı kásibi sharwashılıq bolǵan *saklar* jasaǵan. Áyyemgi rim hám grek tariyxshılarınıń jazıwlarına qaraǵanda, saklar úsh sotsiallıq toparǵa bólingen. Olardıń kópshilik bólimi *saka-tigra-xauda*, yaǵnıy ótkir ushlı kiyiz qalpaq kiyip júriwshi saklar dep atalǵan. Olar házirgi Tashkent wálayatı hám Qubla Qazaqstan jerlerinde jasaǵan.

Ekinshi topar *saka-tiay-taradarayya,* yaǵnıy dáryanıń arǵı tárepinde jasawshı saklar dep atalǵan. Olar Aral teńizi boylarında,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sırdáryanıń (bul dáryanıń áyyemgi atı *Yaksart*) tómengi ağısında jasaǵan.

Pamirdiń tawlı rayonlarında hám Ferǵanada *saka-xaumovárka* dep atalatuǵın saklar jasaǵan.



Kóshpeli

### *Ózińizdi sınań!*

***Saklar*** — ***tigraxauda – ...***; ***tiay-taradarayya – ...***; ***xaumovárka – ...***

## Eramızǵa shekemgi VII-VI ásirlerde ekonomikanıń rawajlanıwı

Bul dáwirlerde Xorezm, Sogdi hám Baktriya xalqınıń tiykarǵı kásibi sol waqıtta jasalma suwǵarıwǵa tiykarlanǵan diyqanshılıqtan ibarat bolǵan. Jámiyetlik turmısta ónermentshilik hám sawdanıń ornı úlken bolǵan. Adamlar jasaǵan qonıslardan joqarı sıpatlı gúlalshılıq ıdısları, temir hám qola buyımları tabılǵan.

Kóshpeli sak hám massaget elatlarınıń tiykarǵı kásibi sharwashılıq bolıp, olardıń túye, at hám qoy-eshkilerden ibarat súriwleri bolǵan.



**Gúlalshılıq úskenesinde gúlal ıdıs islew**

Sharwashılar haywan terisinen ayaq kiyimler, shatırlar tigip, ǵalle hám miywege almastırǵan. Ónermentshilik hám sawdanıń rawajlanıwı nátiyjesinde **eramızǵa shekemgi VII–VI ásirlerde** áyyemgi qalalar rawajlanǵan. Olar ónermentshilik óndirisi hám sawda orayları edi.



**Baktriya uy-jay qaldıqları.** *B.e.sh.VI–V ásirler.*

## Eramızǵa shekemgi VII-VI ásirlerde áyyemgi qala mádeniyatı

Ilimpazlar *Afrasiyab* (Samarqand), *Jerqorǵan* hám *Uzınqır* (Qashqadárya oypatı), *Gúzeliqır* (Xorezm), *Qızıltepa* (Surxandár-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ya) sıyaqlı áyyemgi qalalardı izertlegen. Ózbekistannıń bunday áyyemgi qalaları qanday kóriniske iye bolǵan?

Áyyemgi qalalarǵa qorǵanıw diywalları menen qorshalǵanlıǵı. Qalada hákim jasaytuǵın qorǵan bolǵan. Qorǵanda qam gerbishten qurılǵan úlken saray jaylasqan. Diywaldıń múyesh minaraları hám oq atıw ushın arnawlı orınları da bolǵan. Qala ishkerisinde úyler hám ónermentshilik ustaxanaları jaylasqan.



**Áyyemgi Baktriya úy-qorǵanı Surxandárya oypatı.** *B.e.sh. VII–IV ásir*

Qalalardıń bir toparı sawda hám ónermentshilik orayları bolsa, basqaları bólek rayon hám wálayatlar orayları esaplanǵan.

## Áyyemgi mámleketler

**Eramızǵa shekemgi VII ásirde** shólkemlesken Áyyemgi Baktriya mámleketi Orta Aziya aymaǵında áyyemgi mámleketlerdiń biri bolıp esaplanadı. Marǵiyana hám Sogdiyana da Baktriyanıń siyasiy hám mádeniy tásirinde bolǵan.

Bul dáwirlerde Surxandárya, Qashqadárya, Zarafshan alapları áyyemgi qalalar rawajlanǵan. Qızıltepa, Uzınqır, Jerqorǵan hám Afrasiyab ornında Baktriya hám Sogdtıń oraylıq qalaları jaylasqan.



**Qızıltepa gúlal ıdısları**

Bul áyyemgi qalalar jası 2700 jıldan kem emes.

Jáne bir áyyemgi mámleket Xorezm aymaǵında duzilgen. Bul mámleket Xorezmnen tısqarıda bolǵan jerlerdi de birlestirgen. Áyyemgi Xorezm oraylarınıń biri Gúzeliqır qalası bolǵan.

Ol qalıń hám bekkem qorǵanıw diywalları menen qorshalǵan. Xorezmniń diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan xalqı hár qıylı úy



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qorǵanlarda hám awıllarda jasaǵan. Áyyemgi Xorezmde ónermentshilik, jay salıw hám sawda-satıq joqarı dárejede rawajlanǵan.

Jergilikli gúlalshılıq, qural soǵıw, zergerlik buyımlarınıń dawrıǵı ózge jurtlarǵa da tarqalǵan edi. Qalalarda sawda-satıq rawajlanǵan. Xorezmliler sheber qurılısshı, ónerment hám diyqan bolǵan.

**Este saqlań!**

**Afrosiyab** – házirgi Samarqandtıń shıǵıs shegarası aymaqlarında eramızǵa shekemgi VIII–VII ásirlerde tiykar salınǵan áyyemgi qala.

### *Tayanısh konspekt*

- eramızǵa shekemgi VII–VI ásirler – sogdiylar, baktriyalılar, xorezmiyler, saklar, massagetler
- Sogdiyana
- Xorezmiya
- Baktriyana (Baktriya)
- Ámiwdárya – massagetler, Sırdárya – saklar
- B.e.sh. VII ásir – Áyyemgi Baktriya mámleketleri: Qızıltepa, Jerqorǵan, Uzınqır, Afrasiyab Xorezm – Gúzeliqır



**Áyyemgi qalanıń qaldıqları**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Eramızǵa shekemgi VII–VI ásirlerde Orta Aziya aymaǵında qaysı qáwim hám elatlar jasaǵan?
2. Eramızǵa shekemgi VII–VI ásirlerde Ózbekistan aymaǵında rawajlanǵan ónermentshilik túrlerin sanap beriń.
3. Orta Aziya qádimgi mámleketleri qaysılar?
4. Ózbekistannıń dáslepki qalaları qanday kóriniste bolǵan? Arxeologiyalıq izertlewler qatnasıwshısı atınan gúrriń etip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 20-§. Zardushtiylik

### Zardushtiyliktiń payda bolıw tariyxı

**Eramızǵa shekemgi I mıń jıllıqta** Orta Aziyada *zardushtiylik* dep atalǵan din keń tarqaldı. Bul din ele adamlar tábiyattı ilahiylastırǵan bir waqıtta payda bola baslaǵan edi. Zardushtiyler otqa, topıraq, suw, ay, juldızlarǵa sıyınǵan, olardı muqaddes dep esaplaǵan.



**Zardusht.** *Zamanagóy súwret*

«Zardushtiylik» sózi de *Zardusht* (hár qıylı tillerde *Zaratushtra*, *Zoroastr*) atamasınan kelip shıqqan. B.e. shekemgi I mıńjıllıqtıń birinshi yarımında jasap ótken tariyxıy shaxs.

Keyinirek Greciyada payǵambar Zardushttıń atı «Zoroastr» túrinde jańǵırdı. (grekshe «astron» – «juldız» sózinen), óytkeni Greciyada onı birinshi gezekte danıshpan, juldız izertlewshi, boljawshı sıpatında biletuǵın edi.

Zardushtiyliktiń dúnyaǵa keliwi haqqında mınaday bir ápsana bar.

*Bir kúni erte tańda Zardusht suw alıw ushın dárya boyına barıptı. Tınıq suwda ol Axuramazda elshilerinen biriniń sáwlesin kórip qalıptı, ol nur menen qaysı tárepke barıwǵa jol kórsetipti.*

*Zardusht sıyqırlı nur izinen barıptı. Kóp ótpey joqarı quday aldına barıp qalıptı. Axuramazda oǵan Zardushtı quday Axuramazda hám onıń arzıw-úmitleri haqqındaǵı bilimlerdi tarqatıw ushın tańlap alınǵanın málim qılıptı.*

Usı tárizde Zardusht 30 jasında jańa diniy tálimattıń payǵambarına aylanǵan. «*Payǵambar*» sóziniń ózi bolsa «arzıw-úmitler haqqında xabar beriwshi» mánisin ańlatadı.

**Este saqlań!**
**Zardusht** – zardushtiylik dininiń tiykarın salıwshı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Zardushtiyliktiń tarqalıwı

Zardushtiylik tarqala baslaǵan waqıtlarda ibadatxanalar hám adamlar duwa tekstlerin úyreniw ushın arnawlı kitaplar da bolmaǵan. Diniy máresimler ashıq aspan astında, ottıń qasında yamasa úydegi oshaq otı janında ótkizilgen.

Eramızǵa shekemgi 1-mıńjılıqtıń baslarında hár qıylı qáwimlerdi basqınshılar menen gúreste birlestiriw zárúrligi tuwıldı. Zardusht óz wazlarında birlikke shaqırǵan edi.

Zardushttiń sońǵı násiyatları din xızmetkerleri bolǵan – ruwxaniylar tárepinen jazıp alınǵan. Zardushtiylik ruwxaniyları diniy tekstlerdi yadlap, dinshillerge oqıp beretuǵın edi.

Zardusht ólgennen keyin bir neshe ásirlerden soń, barlıq diniy maresimler, táripler hám duwalar zardushtiyler ushın muqqades bolǵan bir kitapqa jıynaldı. Bul kitaptıń atı «*Avesto*» bolıp, «*qatań belgilengen nızam-qaǵıydalar*» degen mánisti ańlatadı.

«Avesto»nıń dáslepki bólimi **eramızǵa shekemgi IX–VIII ásirlerde** payda bolǵan. Zardushttıń násiyat tekstleriniń hámmesi **biziń eramızǵa shekemgi III ásirde** 21 kitapqa jıynalǵan, bul kitaplar «Avesto»nıń tiykarın quraǵan edi. «Avesto» tekstlerine túsinik bolsa «Zand» dep júrgiziledi.

Alımlardıń izleniwleri nátiyjesinde búgingi kúnde biz zardushtiylerdiń muqaddes kitabı «Avesto» tekstleri menen tanısıw imkaniyatlarına iye boldıq. Francuz alımı *A.Dyuperron* birinshi mártebe «Avesto»nıń ayırım bólimlerin awdarıw baxtına miyasar bolǵan.



**Axuramazda**

**Este saqlań!**

**Astrolog** – juldızlardıń jaylasıwına qarap keleshekti boljaytuǵın adam.



**Zardushtiylar tájim etetuǵın quyashtıń shıǵıwı**

6 – Tariyx, 6-sinf.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Zardushtiylik ruwxanıyı**

**Este saqlań!**

«Avesto»nıń dáslepki bólimi **b.e.sh. IX–VIII** ásirde payda bolǵan. Zardusht wazları tekstleriniń barlıǵı b.e.sh. III ásirde 21 kitapqa jámlengen, bul kitaplar «Avesto»nın' tiykarın quraǵan.

## Zardushtiylik Qudayları, máresimleri

Zardushtiyliktiń húrmetine ılayıq qudayları *Axuramazda, Mitra* hám *Anaxita*. Axuramazda zardushtiylerdiń ullı hám danıshpan joqarı qudayı esaplanadı. Mitra – Quyash hám jaqtılıq qudayı.

Otlı shaqmaqlar járdeminde ol jawızlıq hám hám ólim qudayı bolǵan *Ahriman* menen gúres alıp baradı. Anaxita zardushtiylikte ónimdarlıq hám suw qudayı esaplanǵan. Zardushtiylik dini táliymatı adamzattıń Jaqsılıq hám Jawızlıq haqqındaǵı dualistlik kóz qarasları jetilisiwine úlken tásir kórsetti.

Zardushtiyler ómiriniń túp mánisi jaqsı niyet, jaqsı sóz hám jaqsı pikirden ibarat bolıwı lazım. Insannıń tiykarǵı wazıypası eń dáslep ádil turmıs keshiriw bolıp esaplanǵan.

Zardushtiyler diniy isenimlerge kóre, ótirik aytpaw, jalǵan sóylemew, aldamaw, wádege, amanatqa qıyanat qılmaw, tek ǵana jaqsılıq islerdi islew kerek bolǵan.

Zardushtiylerde ólgen adamlardı jerlew waqtında óz aldına máresim payda bolǵan. Insan ólgende Marhumnıń denesin jerge kómiwge de, jandırıp taslawǵa da, suwǵa taslap jiberiw de múmkin emes.

Sonıń ushın da óliniń denesin quslar hám haywanlar jep ketiw ushın tiyisli orınlarǵa aparıp taslanǵan. Jawınlar páklegen hám quyash qaqlaǵan súyeklerdi arnawlı ılaydan islengen tabıtshalar – *ossuariyler* (súyek salınatuǵın ıdıslar) da jerlengen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Quday Axuramazdanıń saray diwalındaǵı suwreti.** *Persepol*



**Assuriya**

***Tayanısh konspekt***

B.e.sh. 1-mıń jıllıqta zardushtiylik

- Zardusht – jańa dinniń tiykarın salıwshı
- Zoroastr – «astrolog»
- «Avesto»
- qáwimler birlesiwi zárúrligi
- otqa siyınıw
- Axuramazda, Mitra, Anaxita, Axriman
  Zand – «Avesto»ǵa túsinik
- Jaqsılıq hám Jawızlıq gúresi
- jerlew maresimleri ossuariylar

**Este saqlań!**

Zardushtiylar ómiriniń negizgi mánisi jaqsılıq is, jaqsı sóz hám jaqsı pikirden ibarat bóliwi kerek. Insannıń tiykarǵı wazıypası eń dáslep ádil turmıs tárizi esaplanǵan.

***Soraw hám tapsırmalar***

1. Zardushtiyliktiń dáslepki izertlewshisi kim?
2. Orta Aziya aymaǵında zardushtiylik tarqalǵan dáwirdi aytıp beriń.
3. Oylap kóriń, ne ushın jaqsılıqqa umtılıw hám jaratılıslar hár dayım qádirlenip kelgen?
4. Zardushtiyliktiń qaysı máresimlerin bilesiz?
5. Zardushtiyliktiń muqaddes kitabı «Avesto»nıń áhmiyeti nede?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# III - BÓLIM
# ÁYYEMGI GRECIYA

## 21-§. Antik tariyxınıń baslanıwı
### Aymaq hám ondaǵı turmıs



**Áyyemgi Gretsiyanıń jıralı jaǵalawları**

*Balqan yarım* atawında hám *Jer Orta teńizi* atawlarındaǵı áyyemgi Greciya bolıp tabıladı. Arqa tárepinen tısqarı Áyyemgi Greciyanı Jer Orta teńizi suwları qorshap turadı.

Greciya aymaǵınıń úshten bir bólegin tawlar iyeleydi. Greciyanıń eń biyik tawı *Olimp*. Bul taw eldiń arqa-shıǵıs bóliminde jaylasqan.

Ónimdarlı dalalar tek ǵana alaplarda bolǵan. Tawlar hár qıylı ósimlikler hám puta tárizliler menen qaplanǵan. Grekler ushın júdá qádirli bolǵan iyne japıraqlı toǵaylar Greciyanıń arqa tárepinde hám *Peloponneste* ósken. Grekler áyyemgi ótken zamanlarda diyqanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanǵan.




**Áyyemgi Greciya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Civilizaciyanıń payda bolıwı

**Biziń eramızǵa shekemgi II mıń jıllıqta** qubla Greciyanıń hám Krit atawında dáslepki qala-mámleketler payda bola basladı: (*Knoss, Miken*). Krit atawında civilizaciya ápsanaǵa aylanǵan patsha Minos atı menen onı *Minoy civilizaciyası* dep ataǵan. Bunday civilizaciya kúshli jer silkiniw hám suw tasqınına sebep bolǵan vulkan atılıwı aqıbetinde wayran boldı. Kóp ótpey qayta tiklengen.



**Grekler dáryada.** *Zamanagóy súwret*

**Eramızǵa shekemgi 1450–jılları** kontinenttegi Greciya aymaǵınan mikena qáwimleri bastırıp kiredi, onıń tiykarǵı xalqın *axeylar* dep ataǵan. Sol axeylar Minoy civilizaciyasınıń qulawına alıp keldi. *Eramızǵa shekemgi 1200–jılı doriylar* Qubla Greciyaǵa bastırıp kirdi hám Miken mámleketin kúl-talqan etip, Sparta mámleketine tiykar saldı.

## Greklerdiń teńiz sayahatları

Egey teńizindegi kóp sanlı úlken – kishi atawlar, qolaylı teńiz jaǵalawları hám qoltıqları grekler arasında teńizshiliktiń rawajlanıwına múmkinshilik jaratıp berdi. Biraq greklerde úlken kemeler bolmaǵan, kishkene eskekli qayıqlarda jaǵadan uzaqqa júzip barıw júdá qáwipli edi. Greklerde adasıp qalıwdan qáwiplenip, kóz-kóretuǵın qısqa aralıqlarda – atawdan atawǵa yamasa jaǵa janında júzip júretuǵın edi. Tájiriybeli teńizshiler jelqomlardan paydalanıp alıs sayaxatlarǵa – Mısrǵa hám de Jer Orta teńizi hám Qara teńiz jaǵalıǵındaǵı qalalarǵa qayıqta júzip barǵan. Adamlar jasaytuǵın aymaqlardı grekler *Oykumeniya* dep ataǵan.



**Minoy civilizaciyası imaratlarınıń qaldıqları**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Grek gopliti



Afina portında

**Este saqlań!**

**Afina** hám **Sparta** mámleketleri áyyemgi Greciyanıń eń iri qala-mámleketleri edi.

***Tayanısh konspekt***

- Balkan yarım atawı, Peloponnes yarım atawı
- b.e.sh. II mıń jıllıq – Miken, Krit mámleketleri
- b. e. sh. 1200-jıl – doriylar Miken mámleketin wayranaǵa aylandırdı

***Soraw hám tapsırmalar***

1. Kartadan áyyemgi Greciya hám Krit atawı aymaqların kórsetiń. Eldiń geografiyalıq ornın sıpatlań.
2. Áyyemgi Greciyada dáslepki civilizaciya qay jerde júzege keldi? Ne sebep ol hálsirey basladı?
3. Greklerdiń teńiz sayakatları haqqında aytıp beriń.

## 22-§. Áyyemgi Greciyanıń gúlleniwi

### Grek qalaları

Greciyada diyqanshılıq hám ónermentshiliktiń rawajlanıwı menen qonıslar hám qalalar sanı da artıp baradı. Grek qalalarınıń kópshiligi bir qansha qonıslardıń birlesiw jolı menen payda boladı. Bunday qalalar «polis» yáni «qala» dep atalǵan. Olar qala mámleketlerinen dúzildi. Barlıq qala–mámleketler óz ármiyasına iye bolǵan. Polisler bir-biri menen tez-tez urısıp turǵan. Sonıń ushın da Grekler áskerlerge tálim-tárbiya beriw hám jaqsı qurallandırıwǵa umtılǵan. Ármiyanıń tiykarın awır qurallanǵan áskerler – *goplitlar* quraǵan. Olar tórt múyeshli tárizde bir-birine tıǵılıp alǵan qatarlar menen sawash júrgizgen. Jawıngerlik sapqa usı tárizde diziliw *falanga* dep atalǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Ózińizdi sınań!*

***Qala-mámleketler – ... Goplitler – ...***
***Polislar – ... Falanga – ...***



**Grek piyadalarınıń sapqa tıǵız diziliwi (falanga)**

## Afina mámleketi

Orta Greciyanıń qubla-shıǵıs bóliminde tawlı *Attika* wálayatı jaylasqan yarım ataw bar edi. **Eramızǵa shekemgi II mıń jıllıqta** Attikanıń batıs bóleginde grekler «*Akropol*», yaǵnıy «*Joqarǵı qala*» dep atalǵan qorǵan quradı. Bara-bara Akropol átirapına adamlar kóship kelip jaylasa basladı, solay etip *Afina* qalası payda boldı.

Attika xalqı úsh úlken toparǵa bólingen edi, olardan: *qullar, kóshpeliler (metekler)* hám *puqaralar*. Ákesi hám anası azat afinalı bolǵan erkekler ǵana Afina puqarası bola alatuǵın edi. Afina mámleketiniń puqarası bolıw qalaberse paydalı edi.

Tek ǵana puqaralar barlıq huqıqlardan paydalanatuǵın edi. Olar sonday-aq awır miynet hám den sawlıqqa zıyan keltiriwshi jumıslardan azat etilgen.



**Afina puqaraları**

Afina mámleketine gúmis kánleri ónimi hám duz qazıp alıw úlken payda keltiretuǵın edi. Afina teńiz awqamınıń bekkemleniwi menen teńiz sawdası da rawajlandı. Afinanıń tiykarǵı portına aylanǵan *Pirey* teńiz portınan elge mıńlap qullar hám hár qılı tovarlar keltiriletuǵın edi.

**Este saqlań!**
Attika xalqı úsh úlken toparǵa bólingen edi, sonıń ishinde **qullar**, **kóshpeliler** (metekler) hám **puqaralar.**

## Afinada bilimlendiriw

Afinada mámleket mektepleri bolmaǵan. Ata-analar óz balaların oqıtıw ushın peda-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

gogqa (greksheden «*pedagog*» sózi «*balanı jolda baqlap barıwshı*» mánisin ańlatadı) haqı tóler edi. Nızam boyınsha tek er balalar ushın bilim alıw májbúriy edi.

**Este saqlań!**
Grek músinshileri háykeller arqalı hár bir óspirim – kúshli, fizikalıq jaqtan shınıqqan hám óz Watanın qorǵawǵa tayar bolıwı kerekligin ańlatqan.

Jeti jastan baslap balalarǵa jazıw hám esaplaw úyretilgen. Metall tayaqsha – *stil* menen mum jaǵılǵan taxtayshaǵa háriplerdi jazǵan. Kópshilik puqaralar ushın bilim alıw usınnan ǵana ibarat edi. Pullı ata-analardıń perzentleri bolsa *palestrlarda* – jeke menshik gimnastika mektepleri shólkemlestiw dawam ettiredi. Palestrda ádebiyat oqıtılıp, qosıq jazıw hám muzıka úyretiletuǵın edi.

Er balalar 14 jastan gimnastika menen shuǵıllanǵan. Sonıń menen birge olarǵa gúres, nayza hám disk ılaqtırıw, uzınlıqqa hám biyiklikke sekiriw hám de juwırıwdı da úyretken. Óspirimler, sondayaq mushlasıw urısların, áskeriy isler hám atta júriwdi úyrengen.



**Disk ılaqtırıwshı.**
*Músinshi Miron*

Palestrlarda belgili músinshiler islegen músinler orın alǵan. Mısalı, palestrlardıń birinde Mironnıń «*Diskobol*» (Disk ılaqtırıwshı) hám Poliklettiń «Nayzalı ásker» dep atalǵan músinleri ornatılǵan. Músin járdeminde er jigit qanday bolıwı – kúshli, fizikalıq jaqtan jetilisken hám óz watanın qorǵawǵa tayar turıwı kerekligi túsindirilgen.

Afinada joqarı maǵlıwmat beretuǵın oqıw orınları da bolǵan. Biraq olarda oǵada bay ata-analar óz perzentlerin oqıtıw múmkinshiligine iye bolǵan. Bunday oqıw orınlarında astronomiya, geometriya, geografiya hám tariyx oqıtılǵan.

Bilim alıw múddeti 3-4 jıl dawam etken. Áne sonnan keyin mámlekette belgili bir lawazımdı iyelew múmkinshiligi payda bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Ózińizdi sınań!***

***Pedagog – Palestra – ...***
***Stil – ... Miron – ...***

**Eramızǵa shekemgi XII ásirde** Qubla Greciya (*Lakonika*) aymaǵına *doriylar* qáwimi bastırıp kirdi. Olar Sparta mámleketine tiykar saldı. Sparta eń iri grek mámleketleriniń birine aylandı. Spartalılar qulǵa aylandırǵan jergilikli xalıq *ilotlar* da tiykarınan grekler bolıp, olar menen bir tilde sóylesetuǵın edi.

Ilotlar spartaliklerden qattı ǵázeplenetuǵın edi. Bunday shárayatta óz húkimdarlıǵın menen ǵana saqlap qalıw múmkin bolǵan. Sonıń ushın da spartalılar óz mámleketinde ayrıqsha shárt-shárayatlar jaratqan, sonıń ishinde, hámme orınlawı lazım bolǵan qatal tártip hám anıq belgilengen turmıs qálpi jáne de jeńilgenlerge qarsı miyrimsiz bolıw názerde tutılǵan.

Sparta urısqa tayarlıq kórip atırǵan bir qalaǵa qusap qalǵan. Shet ellikler Spartaǵa kirgizilmegen. Sawda-satıq tómen rawajlanǵan, kórkem óner shıǵarmaları, shıraylı ibadatxanalar da joq edi. Barlıq úyler bir-birine uqsas bolıp.

Ilotlar el boylap jaylasqan kishi-kishi awıllarda jasaytuǵın edi. Olar belgili bir mámleketlerdiń múlki bolıp esaplanadı. Ilotlar aldına spartalılar shańaraǵı jerinde islep, sharwasın baǵıp hám basqa da kóplegen minnetlerdi orınlaytuǵın edi. Spartalılar bolsa tek ǵana jawıngerlik penen shuǵıllanadı. Olar diyqanshılıq penen de, sharwashılıq penen de shuǵıllanbaytuǵın edi.



**Sparta puqaraları (spartalılar)**



**Spartalılar sawashta**



**Spartak jawıngeri**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ilotlardan tısqarı Spartada tolıq huqıqlarǵa iye bolmaǵan, erkin hám azat adamlar, puqaralar – *periyekler* de jasaytuǵın edi.

Áyyemgi Spartada kúshli hám shıdamlı adamlar qádirlengen. Balalar júdá qattı shárayatta jetilisken. Sparta mekteplerinde balalardı áskeriy islerge úyretip, olardı kúshli hám shıdamlı etip tárbiyalaytuǵın edi. Spartalı jas óspirimler ata-analarınan bólek jasaytuǵın bolǵan. Jigirma jasqa tolǵan barlıq jigitler jawınger áskerlerge qabıl etilip, qosımsha qartayǵansha, ǵarrılıq jasına shekem xızmet etetuǵın bolǵan.



**Periek gúlallar jumıs waqtında**

### Tayanısh konspekt

- qonıslardıń qala-mámleketlerge (polis) aylanıwı
- goplit → falanga
- Akropol → «joqarı qala»
- puqaralar → metekler → qullar
- pedagog – «balanı baqlap barıwshı»
  stil → metall tayaqsha → palestra
- Miron – «Disk ilaqtırıwshı»
- eramızǵa shekemgi XII ásir – doriylar Sparta mámleketine tiykar saldı
- periyeklar → ilotlar



**Ilotlar zúráát jıynawda**

### Soraw hám tapsırmalar

1. Grek qalaları qalayınsha payda boldı?
2. Polis degen ne? Polistiń ózine tán ózgesheligi nede?
3. Attika xalqı qanday toparlarǵa bólingen edi?
4. «Ótken zamanlarda, men palestra – gimnastika mekteplerinde bilim alǵanda...». Gúrrińdi dawam ettiriń.
5. Sparta mekteplerinde balalarǵa neler úyretilgen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 23-§. Grek koloniyaları



Grek teńgeleri



Greklerdiń Qara teńiz boylarına jaylasıwı

### Yangi hududlarni o‘zlashtirish sabablari

Áyyemgi Greciyada aristokratlardan qarızdar bolıp qalǵan, óz jer hám múlkleri bolmaǵan kóplegen adamlar, jat úlkelerge baxtın sınap kóriwge májbúr bolǵan edi.

Jersiz, ahwalı tómen Grekler sayahatqa shıǵıwǵa tayarlana basladı. Jónep ketiw aldınan grekler qudaylarǵa qurbanlıqlar baǵıshlaǵan. Ózleri menen birge ılay súrtilgen qamıstan toqılǵan sebetlerde ot ta alıp ketken edi. Jalın sol waqıtta olar ómirlikke tárk etken watanınıń bir bólegi edi.

### Greciya koloniyalarınıń payda bolıwı

Greciyadan kóship kelgenler *Sitsiliya* atawı jaǵalıǵı hám *Apennin* yarım atawı qublasına ornalasqan.

Olardıń qonısları Jer Orta hám Qara teńiz boylarında payda boldı.




Grek koloniyaları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Xersones qalasındaǵı ibadatxana sútinleri**

Greklerdiń qonısları áste-aqırın qala-mámleketlerine aylana basladı. Bul qalalardıń óz hákimleri, áskerleri, nızamları hám teńgeleri bólgan. Olarda qalalarda sawda-satıq hám ónermentshilik rawajlandı.

Koloniyalar xalqı Greciya qalaları–polisları menen turaqlı baylanısta bolǵan.

Grekler ózin bir pútin xalıq – *ellinler* dep esaplap, óz watanın Ellada dep ataǵan. Grekler ózlerin «varvarlarǵa» qarsı qoyıp, olar ózlestirgen jerler átirapında jasawshı grek bolmaǵan xalıqlardı usılayınsha ataytuǵın edi.

**Biziń eramızǵa shekemgi VII ásirden VI ásirlerge** kópten-kóp grek koloniyaları dúzildi. Bul dáwir tariyxta *Ullı grek koloniyalastırıwı* ataǵın alǵan. Qara teńiz jaǵalawlarında *Olviya, Xersones, Pantikapey, Tanais, Fasis, Trapezund* hám basqa da iri koloniyalar júzege keldi.

**Este saqlań!**
Ullı grek koloniyalastırıwı biziń eramızǵa shekemgi **VIII–VI ásirlerde** dawam etti.

Jańa eller menen tanısıw grek mádeniyatın bayıttı. Mısalı: biziń eramızǵa shekemgi VIII ásirde Greciyada Finikiya álipbesine tiykarlanǵan jańa jazıw júzege keldi. Álipbe 24 háripten ibarat bolǵan. Olar arasında dawıslı háripler payda boldı. Koloniyalar hám grek qalaları ortasındaǵı tohámr almasıw, sawda-satıq hám ónermentshiliktiń rawajlanıwına múmkinshilik berdi. Koloniyalardan Elladaǵa ǵálle, metallar hám qullar alıp kelinetuǵın edi.



**Pantikapeyde Xalıq Májlisi**

### *Tayanısh konspekt*

- Eramızǵa shekemgi VIII-VII ásirlerde – grek koloniyalarınıń dúzilgenligi
- B.e. shekemgi VIII – VI ásirlerde – Olviya, Xersones, Pantikapey koloniyaları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

→ Ellada – ellinlar – *«varvarlar»*
→ Eramızǵa shekemgi VIII ásir – 24 ta haripten ibarat álipbe

### Soraw hám tapsırmalar

1. Grek koloniyalastırıwı qashan dúzilgen?
2. Qaysı qalalar Qara teńiz boylarında payda boldı?
3. Grekler ózlerin hám zamanlasların qalay ataǵan?
4. Kóshken adam atınan gúrriń jazıń. Nege Greciyadan kóship ketkenińiz, jańadan qonıslasqan orında nelerdi kórgenińiz haqqında sóylep beriń?



**Afina. Akropol**

## 24-§. Afinada demokratiya

### Demokratiyanıń qáliplesiwi

Afina qalasında oraylıq maydan bolıp, onıń átirapın túrli imaratlar qorshap turatuǵın edi. Maydan bolsa *agora* dep júritilgen. Qala xalqınıń kópshiligin ónermentshiler hám saw-dagerler quraytuǵın edi.

Afina qalasında barlıq er puqaralar mám-leketti qanday basqarıw kerekligi haqqında ózleriniń oy-pikirin ayta alatuǵın edi. Olar hár ayda tórt márte júzege kelgen mashqalalar hám jańa nızamlardı dodalaw ushın Akropolǵa jıynaladı.



**Dilwardıń Afina puqaraları aldında shıǵıp sóylewi**

Barlıq qararlar dawıs beriw jolı menen qabıl etilgen. Basqarıwdıń bul forması *demok-ratiya* dep ataladı, yaǵnıy, bul atama «*xalıq hákimiyatı*» degen mánisti ańlatadı («*demos*» – *xalıq* + «*kratos*» – *hákimiyat*).

### Drakont nızamları

Afinanı idora qilishda Aqsaqallar keńesi ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Bul keńes



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Drakont nızamlarına muwapıq ólim jazası**

hákimler hám sudyalardan saylanǵan. Olar, keńes aǵzaları sıyaqlı, tek ǵana Afina aq súyeklerinen ibarat bolǵan. Afinada otırıqshı xalıqtıń bir bólegi aqsúyekler (*aristokratiya*) ibarat bolıp, basqa bir bólimin ápiwayı xalıq - «*demos*»lardan quralǵan.Olardıń paydasına islewge májbúr edi. Sol sebepli Afina mámleketi xalqı arasında kelispewshilik hám narazılıqlar júzege kelgen.

Ádalatlıqqa erisiwdi qálewshi hár eki tárep *Drakont* degen húkimdarǵa múrájat etedi. Olar Drakonttan huqıq hám minnetler haqqında hámmeni teńlestiretuǵın nızamlar jazıwdı ótinish etedi.

**Este saqlań!**

Afinanıń xalqı **aristokratlar** hám **demos** atlı eki bólimge bólingen.

**B.e.sh. 621-jılda** Drakont xalıqtıń basqarıwın biykar etken nızamlardı jazadı hám ámelge asıradı. Bul nızamlar sonshelli qatań hám ayawsız bolıp, afinalılar olarǵa «sıya qalıp, qan menen jazılǵan» dep baha bergen. Nızamdı arzımas dárejede buzǵanlıǵı ushın da Drakont birdey jaza – ólim jazasın belgilegen.

Burın afinalılar bul nızamlarǵa baǵınǵan, sońınan narazı bola baslaǵan hám nızam shıǵarǵan Drakonttı qaladan quwıp jibergen.

## Solon reformaları

Afina mamleketinde xalıq aristokratlar húkimranlıqlarınan narazı edi.

Xalıqtıń awhalı keskin tómenledi, sonlıqtan adamlar óz haq-huqıqları ushın gúreske bel bayladı. Olar aristokratlardıń úy-qorǵanlarına hújim qıla basladı. Óz jeri hám janınan qáweterlengen aristokratlar kelisimge keliwge hám xalıq talaplarınıń bir bólegin orınlawǵa qarar etti.



**Greklerdiń Solon reformalarınan keyingi qullıqtan qaytıwı**

Júdá bilimli hám tájiriybeli *Solon* degen aristokrat, xalıqqa jan beriwdiń táreptarı bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aristokratlar Solonǵa isendi hám onı Afina húkimdarı etip sayladı. **B.e. shekemgi 594-jılı** Solon mámleketti basqarıwdıń aldıńǵı sistemasın ózgertti. Burıńǵı basqarıw sisteması – *aristokratiya* (aristrokrat adamlar hákimiyatı) nı Solon *demokratiya* (xalıq hákimiyatı) ǵa almastırdı. Mámleketti basqarıwda tek puqaralar qatnasatuǵın boldı. Hayallar hám shet ellikler (olardı *metekler* dep ataǵan) qabıl etilip atırǵan nızamlardı dodalawǵa hám dawıs beriwge qatnasa almaytuǵın edi.

Solonning reformalarınıń barlıǵı diyqanlar qarızları hám qarızdarlıqtan qullıqtı biykar etiwden ibarat bolǵan. Mámleket basqarıwdaǵı reformalar Xalıq májilisi xızmetiniń tikleniwi hám áwladı kim bolıwına qaramastan afinalılar ushın mámleket lawazımların iyelew imkaniyatın názerde tutatuǵın edi.

**Este saqlań!**

**B.e. shekemgi 594-jılı** Solon mámleketti basqarıwdıń aldıńǵı arıstokratiya sistemasın demokratiyaǵa almastırdı.



**Solon – Afina húkimdarı**

### *Ózińizdi sınań!*

***Aristokratiya – ...***

***Metekler – ... Reformalar – ...***

## Afinada demokratiyanıń rawajlanıwı

Barlıq er puqaralar 20 jastan baslap *Xalıq májilisine* qatnasatuǵın edi. Xalıq májilisiniń úlken bólegi bay qatlamlardan bolmaǵan ónermentler, sawdagerler, hám diyqanlardan ibarat edi. Xalıq májilisinde pútkil jámiyetke paydalı bolǵan qararlar qabıl etiletuǵın edi.

Náwbettegi májilis bolatuǵın kún aldın ala jáirya etiletuǵın edi. Májilis azanǵı waqıtta ótkeriledi, sebebi, miynetkesh adamlar kúndiz májiliske kele almaytuǵın edi.

**Xalıq májilisi**

↓

**Strateg**

↓

**Besjúzler keńesi**

↓

**Xalıq sudı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Beshjúzler keńesiniń jıynalısı



Xalıq májilisi

Afinada lawazımlı adamlar Xalıq májilisi tárepinen belgili múddetke saylanatuǵın hám májiliske esap beretuǵın edi. Nabada lawazımlı adam óz minnetlerin atqara almasa Xalıq májilisi bul adamdı múddetinen burın lawazımınan bosatatuǵın edi.

Xalıq májilisi jańa nızamlardı tastıyıqlap, basqa qararlar, jańa qurılıslar qurıwǵa, ármiyaǵa hám taǵı basqalarǵa qarjı ajıratıw haqqında qarar qabıllaytuǵın edi.

Hár jılı saylanatuǵın *Besjúzler keńesi* kúndelikli engiziletuǵın máselelerdi sheship otıradı. Besjúzler keńesine *strateg* basshılıq etken. Keńes qararları Xalıq májlisinde tastıyıqlanatuǵın edi.

*Xalıq sudı* da Afinada áhmiyetli mámleket organı bolǵan.

30 jasqa tolǵan puqaralar onıń xızmetinde qatnasa alatuǵın edi. Sudta ayıplanıwshı adam ózin-ózi qorǵay alıwı yamasa sheshenlik penen sóyley alatuǵın hám nızamlardı biletuǵın adamdı jallawı shárt edi.

## Perikl ásiri

**B.e. shekemgi 443-429-jıllarda** 15 márte strateg lawazımına saylanǵan *Perikl* húkimdarlıǵı dáwirinde Afina eń qúdiretli mámleket boldı, elde demokratiya rawaj taptı. Bul dáwir sonıń ushın da «Perikl ásiri» dep atalǵan. Belgili grek jazıwshıları, alımları hám súwretshileri Perikldiń jaqın dosları bolǵan. Perikl tariyxshı Gerodot, músinshi Fidiy menen dos bolǵan. Perikl Xalıq májilisindegi lawazımlarǵa is haqı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tólewdi engizdi. Perikl húkimdarlıǵı dáwirinde Afinada úlken qurılıs isleri ámelge asırıldı. Ol Akropoldaǵı *Parfenon* imaratı – Afina qudayınıń ibadatxanası eń belgili imarat edi.

Perikldıń xızmeti qalada jasawshı bay qatlamlarǵa jaqpadı, ol arıstokratlardıń qısqıların qaytarıp turıwǵa májbúr bolatuǵın edi. Perikl ólgennen keyin ol iske asırǵan kóplegen jańalıqlar biykar etildi.




**Perikl – Afina strategi**

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Besjúzler keńesi – ...*** | ***Perikl – ...*** |
| ***Strateg – ...*** | ***Parfenon – ...*** |

### *Tayanısh konspekt*

- agora – xalıq jıynalısları ushın maydan
- demokratiya – xalıq hákimiyat
- aristokratlar → demos
- e.sh. 621–jıl – Drakont nızamları
- e.sh. 594–jıl – Solon reformaları
- e.sh. 443–429-jıllar – Perikl 15 ret strateg lawazımına qayta saylanǵan
- Parfenon – Afina qudayı ibadatxanası



**Afinalılar qáwenderi – Afina**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Kartadan Afina mámleketin kórsetiń hám onı súwretlep berin.
2. Demokratiya degen ne? Afinada demokratiya qanday formada belgili bolǵan?
3. Solon reformaları ótkizilgennen keyin xalıq turmısında neler ózgerdi?
4. Solon reformaları boyınsha Afina mámleketi basqarıwınıń tiykarǵı organların sanap beriń.

7 – Tariyx, 6-sinf.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 25-§. Grek-parsı urısları

## Grekler hám parsılar



Greciya jaǵalaw-larındaǵı parsı kemeleri

Eramızǵa shekemgi V ásir baslarında Greciyaǵa parsılar qáwip tuwǵıza basladı. Dara I húkimdarlıq etip atırǵan Persiya mámleketi jańadan ellerdi basıp alıwǵa umtılar edi.

Greciyanıń barlıq qalalarında parsı elshileri payda boldı, olar: «*Biziń húkimdarımız, ullı shaxanshax Dara, kún shıǵıstan kún batısqa shekem barlıq adamlardıń birden-bir iyesi sizden jer hám suw talap qılmaqta*», dep baqırıp aytar edi.

Greciyadaǵı qalalar xalqı parsılarǵa qarsılıq ko'rsetiwdin sira ilojı joq dep esaplap, shax Dara I din shártleriń qabıl qilıwge razi boldi.

Afina hám Sparta basqınshılarǵa baǵınbawǵa ant etti. Parsı elshileri Afinaǵa kelgende, qala xalqı ǵázepten olardı óltirip, jardan taslap jiberdi. Elshilerdi tereń qudıqqa taslap jibergen spartalılar ashıw ıza menen: «*Jeterlishe suwdı da, jerdi de qudıqtıń túbinen tabasız-da!*» degen eken.



Parsı jawıngerleri

Parsı shaxları Kishi Aziyadaǵı grek qala-mámleketlerin basıp aldı, Greciyanı basıp alıw maqsetinde úlken tayarlıq kore basladı.

## Marafon sawashı

**B.e. shekemgi 490-jıldıń** sentyabrinde parsı áskeriy flotı Egey teńizin kesip ótti hám Attika jaǵalıǵında kóshki tasladı. *Marafon tegisliginde* nayza, qanjar hám oq jaylar menen qurallanǵan parsı atlı áskerleri kemeden túse basladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Grekler parsılarǵa qaraǵanda bir qansha az edi, sonıń ushın da parsı atlı áskerleri jetip baralmaytuǵın jarlarǵa ornalasıp aldı.




**Grek-parsı urısları**



**Parsı jawıngerleri.** *Tegislikte islengen bórtpe músin*



**Marafon oypatındaǵı sawash kestesi**

Grek áskerleri parsılardıń Attika ishkerisine baratuǵın jolların beklep qoydı. Biraq ashıq sawashqa kirisiwden seskenetuǵın edi.

Bir hápte waqıt ótti. Ásker bası *Miltiad* basshılıǵında áskeriy falanga tártibinde saplanǵan grekler Marafon tegislikte qalǵan parsı áskeleriniń arqa tárepinen ishkerige kirip bardı. Qızǵın sawashta grek áskerleri parsılardı keyin qashıwǵa májbir etti. Tutqın bolıwdan seskengen parsılar óz kemelerine qarap qashıwǵa asıqtı. Grekler sheshiwshi sawashta parsılardıń jeti kemesin iyelep aldı, al qalǵan kemeler qashıp qalıwǵa eristi.

Marafon sawashındaǵı jeńisti Afinaǵa jetkeriw ushın bir jawınger parsılar ústinen erisken jeńis haqqında xabardı jetkeriw ushın baǵdarın

**Este saqlań!**

Marafon sawashı biziń **eramızǵa shekemgi 490-jılı** grekler menen parsılar arasında boldı hám greklerdiń jeńisi menen tamamlandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qalasına qarap juwırdı. Naq 42 kilometr joldı basıp ótken ásker «jeńis! jeńis!» dep baqırdıda, demi jetpesten óletuǵın jaǵdayda jıǵılıp túsedi. Bunnan keyin alıs aralıqqa juwırıw *marafon juwırıw* dep atala basladı.



**Fermopil maydanı**

## Fermopil sawashı

Jańadan urısqa tayarlıq kórip atırǵanda Dara I qazalandı. Áskerlerdi Greciyaǵa onıń balası Kserks baslap keldi.

**B.e. shekemgi. 480-jıllarda** Kserks áskerleri qubla Greciyanı jawlap aladı.

Tawlardaǵı *Fermopil ótkeli* Greciyanıń arqasınan qublasına alıp baratuǵın birden-bir jol edi. Grekler ol jerde buqqı taslawǵa qarar ett. Grekler áskerlerine Sparta Patshası *Leonid* basshılıq etken. Biraq parsılarǵa tawlar arqalı joldı kórsetip bergen bir satqın payda boldı.

**Este saqlań!**
Fermopil sawashı biziń **e. shekemgi 480-jılı** boldı.

Bunnan xabar tapqan Leonid 300 spartalıqtan basqa barlıq grek jawıngerlerine sheginiwdi buyırǵan. Sparta barlıǵı qaharmanlarsha nabıt boldı. Bul waqıya "*úsh júz spartalılar erligi*" dep tariyxta belgili boldı. Fermopil sawashınan keyin Kserks áskerleri Orta Greciyaǵa jetip barıp, Afinanı jawlap aladı.



**Fermopil sawashı**

## Salamin sawashı

Grek hám parsılar arasında **bolıp ótken sheshiwshi teńiz sawashı eramızǵa shekemgi 480-jılı** tar *Salamin* buǵazında bolıp ótti. Grekler 200 áskeriy keme – *triyera* qurdı. Bul áskeriy kemeler jar taslar arasınan hám sayız jerlerden ańsat júzip, sol dáwir ushın úlken tezlikte – saatına 18 kilometr tezlikte júze alatuǵın edi.

Greciya mámleketleriniń birlesken flotı parsılardıń áskeriy flotınan kúshli bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jeńilgennen keyin Kserks flotınıń qalǵanları menen Greciyanı tárk etiwge májbúr boldı.

**Biziń eramızǵa shekemgi 479-jılı** parsılar jáne de Afinanı basıp alıwǵa urınıp kórdi. Biraq greklerdiń birlesken áskeri *Plateya* qalası janında parsı áskerlerin kúl-talqan etti.

Bul grek-parsı urıslarındaǵı iri sawash edi. Grek-parsı urısları Greklerdiń tolıq jeńisi menen, **b.e. shekemgi 449 jıllardaǵı** pitim nátiyjesinde tamam boldı.

**Este saqlań!**
**Salamin** buǵazındaǵı urıs **b.e.sh. 480–jılda**, bolıp ótti.

***Ózińizdi sınań!***

***B.e.sh. 490-jıl – ... B.e.sh. 480-jıl – ...***
***B.e.sh. 479-jıl – ...***

***Tayanısh konspekt***

- b.e.sh. 490-jıl – Marafon sawashı
- b.e.sh. 480-jıl – Fermopıl sawashı – úsh júz spartalıq jawıngerdiń erligi
- b.e.sh. 480-jıl – Salamin sawashı
- b.e.sh. 479-jıl – Platey qalası janındaǵı sawash – grekler jeńiske eristi



**Salamin sawashındaǵı grekler kemesi**

***Soraw hám tapsırmalar***

1. Parsılardıń Elladaǵa basıp kiriwiniń sebeplerin aytıp beriń.
2. Kartadan Parsılar Ellada ústine atlanısларınıń tiykarǵı baǵdarların kórsetiń.
3. Marafon sawashı qatnasıwshısı (parsılar yamasa grekler Armiyası jawıngeri) atınan gúrriń jazıń.
4. Salamin sawashınıń barısı hám tamamlanıwı haqqında sóylep beriń.
5. Salamin atawında Parsı mámleketi flotı jeńiliwiniń tiykarǵı sebeplerin aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 26-§. Greciyanıń Makedoniya tárepinen basıp alınıwı

## Greciyanıń jeńiliw sebepleri



**Filipp II**

Grekler qalaları bir-biri menen urısıp atırǵan waqıtta Makedoniya patshası *Filipp II* Elladanı basıp alıw názerde tutıladı. Onıń áskerleri atlılar hám piyadalardan quralǵan edi. Piyada áskerler 16 qatardan ibarat *falangada* saplanǵan. Falanganıń altınshı qatarındaǵı nayza birinshi qatardaǵı áskerdi qorǵaytuǵın edi. Sawash waqtında pútkil falanga bronlanǵan temir maqluqqa usap qalar edi. Falanga qanatların atlılar qorǵaydı.

Filipp II Greciyaǵa qarsı áskeriy atlanıs jasawǵa tayarlıq kóre basladı. Tek belgili dilwar *Demosfen* Ellada qalaların gezip, olardıń xalqın birlesiw hám makedoniyalılarǵa qarsı gúresiwge shaqırdı. Fiva hám ayırım basqa qalaları xalqı Filipp II áskerlerine qarsı Afina qalaları awqamına qosıladı.

## Xeroniya janındaǵı sawash

**Este saqlań!**

**Falanga** – piyadalardıń 16 qatar bolıp tıǵız jaylasıwı.

**Eramızǵa shekemgi 338-jıl** 2-avgustta grekler hám makedonlardıń tiykarǵı kúshleri *Xoroniy* qalası janındaǵı *Beotiyada* soqlıǵıstı. Qatań sawash uzaq dawam etedi. Áskeriy hiyle qollaǵan grekler ústin keledi. Makedonlar shegine baslaydı. Jeńiske erisip atırǵanına isene baslaǵan grekler olardıń izinen quwadı.

Greklerdıń áskerleri eki bólekke ajıraladı. Áne usı bóleklerden birine Filipp II nıń balası *Aleksandr* áskerbasılıq etken atlı áskerler kúshli soqqı beredi. Grek áskerleriniń shegine baslaydı hám kúltalqan etiledi. Sawashta greklerdıń kópshiligi qırılıp bolǵan edi. Xe-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

roney janındaǵı sawashta jeńiliw nátiyjesinde Greciya Makedoniyaǵa ǵárezli bolıp qaldı.

### Greciya Makedoniya quramında

*«Grekler azatlıǵı Xeroniya bosaǵasında nabıt bolǵanlar menen birge jerlendi»,* – degen edi Demosfen. Bul jeńilisten keyin Greciya xalqı óz táǵdirin qorqınısh penen kútip alar edi. Biraq Filipp II ózin Greciya patshası dep járiyalamadı. Filipp II grekler menen parsılarǵa qarsı awqam dúzedi.

**Biziń eramızǵa shekemgi 337-jılı** Spartadan tısqarı barlıq grek qala-mámleketleriniń wákilleri Korinfke jıynaldı hám Makedoniya hákimiyatı astında parsılarǵa qarsı atlanıs jasaw máqsetinde Greciya mámleketleri awqamın dúzdi. Olar kelisimde tınıshtatıw jasaw, ózara urıslar alıp barmawǵa hám bir-biriniń ishki islerine aralaspaw haqqında shártnama dúzedi.

Biraq Filipp II parsılarǵa qarsı krest atlanısın ámelge asıra almadı. Ol **b.e. shekemgi 336-jılı** óz saray ámeldarları tárepinen satqınlıq penen óltirildi. Onıń balası Aleksandr Makedonskiy húkimdar boldı.



Demosfen jaslıǵınanaq dilwar bolıwdı árman etetúǵın edi. Lekin ol júda pás dawısta sóyler hám tutlıǵatuǵın edi. Dawısın jogarı kóteriwdi hám teńiz shawqımınanda qattıraq baqırıwga háreket etetuǵın edi.



**Filipp II piyadalarıń falangası**

**Este saqlań!**

Greciyanıń Makedoniyaǵa baǵındırılıwı biziń **eramızǵa shekemgi 338-jılı** Xeroniy janındaǵı jeńilisten soń júzege keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Tayanısh konspekt

- Makedoniya patshası Filipp II
- b.e.sh. 338-jıl – Xeroniy janı
- b.e.sh. 337-jıl – Korinf awqamınıń júzege keliwi
- barlıq kelispewshilik hám qarama-qarsılıqlardı grek qala-mámleketleri keńesiniń sheshiwi



**Palestrdaǵı bilimlendiriw**

### Soraw hám tapsırmalar

1. Sizińshe, ne sebep grekler óz eli ǵárezsizligin saqlap qala almadı?
2. Demosfenniń Ellada xalqı aldındaǵı xızmetleri nede?
3. Kartadan Fillip II atlanıslarınıń baǵdarın kórsetiń.
4. Makedoniyalı áskerler Greciyalılardan qanday ózgeshelikke iye?
5. Greciyanıń basıp alınıwı qashan hám qaysı sawashta iske astı?
6. Filipp II Greciyanı basıp alǵannan keyin grek polislarınıń basqarıwında qanday ózgerisler boldı?

## 27-§. Puqara tárbiyası

### Puqara tárbiyası



**Gerakldıń arıslan menen ayqasıwı**

Grekler mektepler jámiyettiń belsendi puqaraların, mámlekettiń qorǵawshıların tárbiyalawı lazım edi. Sporttıń rawajlanıwı hám Olimpiada oyınlarına ǵalaba qızıǵıwshılıq ta soǵan xızmet etetuǵın edi. Balalıqtanaq er balalarǵa qosıq hám muzıkaǵa qızıǵıwshılıq sezimin qáliplestiriletuǵın edi.

Arıslandı jeńgen *Gerakl* háykeline názer taslaymız. Áyyemgi grek músinshisi Gerakldı iri gewdeli palwan sıpatında súwretlegen. Artqı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ayaqlarında turıp alǵan jawız arıslan bolsa, Gerakldıń iynine de kelmeydi.

Biraq, ne sebep Gerakl kiyimsiz súwretlengen? Bul áyyemgi grek mádeniyatınıń ózine tán pazıyletleriniń biri bolıp tabıladı. Músinshiniń názerinde Gerakldiń kúsh-qúdiretin kórsetiw áhmiyetli edi. Egerde sheber músinshi bahadırdı kiyim menen súwretlese, onıń arıslandı jeńip atırǵan múshe bulshıq etlerinde hám pánjelerindegi qúdiretli, shınıqqan denesiniń gózzallıǵın seze almas edik.

Ǵalaba bilim beriwden tısqarı er balalar eki jıllıq áskeriy tálimdi de ótegen. Birinshi jılı olar úylerinde jasap hám qatarda júriw, qural taǵıp júriw, ashlıq hám suwıqqa shıdamlı bolıwdı úyretetuǵın edi. Ekinshi jılı bolsa ayırımları Attika shegarası qorǵanlarında áskeriy xızmetti ótese, basqaları Pirey portında teńizshilik óneri tiykarların úyrenetuǵın edi.

Eldi qorǵaw zárúrligi júzege kelgen táǵdirde 30 jasqa tolmaǵan jigitlerdiń barlıǵı qural-jaraqları ham áskeriy kiyim-kenshekleri menen kórikke jetip keliwi shárt bolǵan. Sońınan bolsa óz qudayları, janajan shańaraǵı hám eli ushın sawashqa kirisken. Watanǵa muhabbat mámlekettiń hár bir puqarasınıń joqarǵı parızı hám minneti bolıp esaplanǵan.



**Gerakldın toǵız baslı ajdárha menen urısı**



**Olimpiada stadionına kiriw**



**Gerakl Frakiya patshası Diomednin jabayı atlardı boysındırmaqta**

## Olimpiada oyınları

Sport barlıq grekler ushın ulıwma ermek edi. **B.e. shekemgi 776-jılda** tunǵısh ret ótkizilgen Olimpiada oyınları hár túrli sport jarısları arasında eń tiykarǵısı esaplanǵan. Usı sáneden baslap hár tórt jılda bir ret Olimp tawında muqaddes ot Quyash nurlarınan jandırılatuǵın, Greciyanıń tórt tárepinen kelgen sportshılar bes túri boyınsha bellesetuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Olimpiya oyınlarındaǵı juwırıw jarısı.** *Idısqa sızılǵan súwret*

**Este saqlań!**
Dáslepki Olimpiada oyınları biziń **eramızǵa shekemgi 776-jıldan eramızǵa shekemgi 394-jılǵa** shekem ótkerilgen **1896-jılı** olimpiada oyınları qayta tiklendi hám házir de dawam etpekte.

Bes túri bolsa uzınlıqqa sekiriw, disk ılaqtırıw, nayza ılaqtırıw, juwırıw hám gúresten ibarat edi. At shabarda bolsa arbalarda hám atlarda báygi shólkemlestiriletuǵın edi. Adamlar hám sportshılar Olimpiadaǵa aman-esen jetip keliwleri ushın oyınlar ótkizilip atırǵan waqıtta urıslar toqtatılatuǵın edi.

Greciyadaǵı Olimpiada oyınları Olimp qudayı *Zevstıń* húrmetine baǵıshlanıp ótkizilgen. Ápsanalar boyınsha olimpiada oyınlarınıń tiykarın salıwshı Gerakl esaplanǵan. Olimpiada oyınlarında tek ǵana jınayat etip, abırayına daq túsirmegen azat grek sportshısı qatnasıwǵa haqılı edi.

Jarısta úsh mártebe jeńiske erisken sportshı Olimp tawında óziniń háykelin ornatıwǵa haqılı bolǵan. Grekler jıl esabın da Olimpiada oyınlarına qarap júrgizgen. Jeńimpazlar qúdiretli zaytun aǵashınıń shaqalarınan taǵılǵan gúl sheńber menen sıylıqlanǵan.

Xristian dini tarqalıwı nátiyjesinde Zevs qudayı húrmetine baǵıshlanǵan Olimpiya oyınları biykar etildi. **394-jılı** payda bolǵan jer silkiniw nátiyjesinde Olimpia oyın wayran bolıp ketkenligi sebepli áyyemgi Olimpiada oyınları da ótkizilmesten qaldı.

Aqırında, **1896-jılı** Olimpiada oyınları qayta tiklendi. Olimpiada oyınları ashılatuǵın kúnde jalın jaǵıw ádeti házirgi kúnge shekem saqlanıp qalǵan. Quyash nurlarınan jandırılǵan jalın Olimpiada jarısları ótkeriletuǵın jerge alıp kelinedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Tayanısh konspekt

Olimpiada oyınları:
- b.e. shekemgi 776-jıl – birinshi ret
- 394-jıl – aqırǵı ret
- 1896-jıl – qaytadan tiklendi



**Boksshı háykeli. Olimpiada oyınlarınıń jeńimpazı**

### Soraw hám tapsırmalar

1. Áyyemgi Greciya oqıtıwshıları aldına qanday maqset qoyılǵan edi? Grek mektepleri házirgi mekteplerden ne menen ózgeshelenedi?
2. Olimpiada qatnasıwshısı atınan gúrriń jazıń. Siz ol jerde nelerdi kórgenińizdi aytıp beriń.

## 28-§. Áyyemgi Greciya mádeniyatı

### Gomerdiń «Iliada» hám «Odisseya» dástanları

**Biziń e. sh. 1200-jıllarda** grekler Kishi Aziyada jaylasqan *Troyaǵa* atlanıs jasaǵan. Olar mal dúnya ústinde urıs alıp barılǵan.

Biraq grek ráwiyatları basqa bir sebepti bayan etedi. *Eń gózzal hayal Sparta patshasınıń hayalı Sahibjamal Elena edi. Troya patshası Paris Sparta patshalıǵına keledi hám Sahibjamal Elenanı Troyaǵa urlap ketedi. Waqıyadan xabar tapqan Sparta patshası Paristen ósh alıwǵa ant etedi hám barlıq spartalıqlardı Troya menen urısqa shaqıradı. Grekler toǵız jıl Troyanı jazıqsız qamal etedi.*



**Gomer – áyyemgi grek shayırı**

Áyyemgi Grek shayırı *Gomer* «Iliada» hám «Odisseya» poemaların jazdı. «İliada» degen belgili grek dástanı sol urıstıń sońǵı onınshı jılı haqqında sóz etedi*. Odisseydiń keńesi menen grekler hiylekerlikti oylap tabadı: ishi bos úlken aǵash at jasaydı. Sol aǵash attıń ishine*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*grek áskerleriniń bir bólimi jasırınǵan – basqa bir bólimi bolsa jaqın jerdegi atawlardan birine ornalasıp alǵan edi. Troyalılar greklerdi qamal etiwdi toqtattı hám Troya qáwenderi Afina Palladaǵa aman keliwi ushın ózlerine at sawǵa etti, degen sheshimge keledi hám aǵash attı qalaǵa alıp kiredi.*

*Keshke taman attıń ishinen shıqqan jawıngerler dárwazalardı ashadı, Troya basıp alınadı.* Házirgi tillerde «*Troya atı*» túsinigi áwmetsiz sawǵa-sálem mánisin ańlatadı.



**Troya atı**

«Iliada» dástanınıń bas qaharmanı *Axilles.* Balasınıń máńgi jasawın qálegen ana óz nárestesin Stiks dáryasına batırıp aladı. Usı máhálde Axillestiń anasınıń uslaǵan tabanına suw tiymesten qaladı. Sawashlardıń birinde Axilles tabanına tiygen oqtan óledi. Sol waqıtlardan beri «*Axilles tabanı*» túsinigi usı názik jerdi ańlatadı.



**«Axilles tabanı»**

Troya urısı juwmaqlandı. Grekler Troyanı talan-taraj etti hám mol-molaqay olja menen úylerine qaytpaqshı boldı. Olar Egey teńizi arqalı uzaq hám qáwipli jollardan ótiwi kerek edi.

XIX ásirdiń aqırında nemis alımı Genrix Shliman Gomer dástanların izertlep, Troya jaylasqan jerdi esaplap shıqtı. 1870–jılı Turkiyadaǵı Xisorlik tóbeligi qarabaxanaları aymaǵında qazılma jumısların baslap jiberdi, haqıyqattan da Troya qaldıqların taptı.



**Troya urısı**

## *Ózińizdi sınań!*

***Troya – ... Gomer – ... Shliman – ...***
***«Axilles tabanı» ibarasi ...***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Greciyada teatr

Bunnan eki yarım mıń jıl burın Greciyada teatr dúnyaǵa keldi. «*Teatr*» sózin grek tilinen awdarǵanda «*tamashalar ushın orın*», «*tamashaxana*» degen mánilerdi ańlatadı.Tamashalar tek bayramlarda shólkemlestirilgen. Erte tańnan baslanǵan tamashalar kún boyı dawam etetuǵın edi. Tamashagóylerge bir neshe piesalar qoyılatuǵın edi.

Teatrǵa kiriw ushın azmaz haqı jıynalǵan. Kámbaǵal puqaralarǵa teatrǵa barıwı ushın pul beriletuǵın edi.

Sahnada barlıq rollerdi tek ǵana erkekler atqarǵan, sahna qatnasıwshıları kúlkili, qayǵılı hám jawız kórinistegi túrli nıqaplardan paydalanǵan. Teatrlarda ózara gúresti bayanlaytuǵın, ádette qatnasıwshı adamlardıń ólimi menen tamamlanatuǵın peassalar *tragediya* dep atalǵan.

«*Shaq Edip*» hám «*Antigona*» sıyaqlı eń ataqlı tragediyalardı *Sofokl* jazǵan edi. Ájayıp sın sózler, quwnaq saxnalar, názik yumorǵa bay komediyalar bolsa insan kemshilikleri ústinen kúledi. *Aristofan* belgili *komediyalar* ustası edi.

### *Ózińizdi sınań!*

***«Teatr» grek tilinen awdarılǵanda ...***
***Tragediya – ... Komediya – ...***

## Músinshilik hám arxitektura

Grekler tek patshalar hám aristokratlar ushın ǵana saraylar hám maqbaralar qurmay, al barlıq adamlar paydalanatuǵın jámiyetlik

**Este saqlań!**

Belgili tragediyalardı **Sofokl** jazǵan. **Aristofan** bolsa komediyalar ustası edi.



**Greciya teatrı**



**Teatr nıqapları**



**Sofokl**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Zevs hám Apollon**



**Parfenon**
*Afina qalası*




**Aristofan – komediyalar avtorı**

imaratlar da qurǵan. Músinler hám basqa da músinshilik shıǵarmaları tek saray diywalların bezemesten, sol dáwirde qala maydanları, ibadatxanalar, bárshege ashıq tamasha baǵları hám stadionlardı da bezep turatuǵın edi.

ibadatxanalar hám basqa da jámáát qurılısları tastan qurıla basladı, jáne sol waqıtta jeke úyler gerbishteń hám paqsadan qurılatuǵın edi.

Grek skulfturları óz aymaqları hám ataqlı alımları, Olimpiada oyınlarınıń jeńimpazları yamasa sawashta jeńiske eriskenler húrmetine estelikler ornatqan.

Eń ullı grek músinshileriniń biri *Fidiy* edi. Ol Afinada *Parfenon* qurılısı hám Akropoldıń qayta qurılıwına basshılıq etken. Onıń belgili shıǵarmalarınıń biri Jer júzinde jeti ájayıptıń biri bolıp esaplanǵan Olimpialı Zevs háykeli bolǵan. Arxitektor hám músinshi *Dedal* Minos degen patsha ushın belgili *Labirint* sarayın qurǵan.

Akropol orayında qurıp pitkerilgen, Parfenon Greciyadaǵı eń aǵla mramor taslardan qurılǵan. Jaqtılıq túsiwine qarap ol óz reńin altın reńnen tınıq kógis yamasa aqshıl reńge shekem ózgertip túrlenip turǵan.

### *Ózińizdi sınań!*

***Parfenon – ... Fidiy – ...***
***Dedal – ...***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Tayanısh konspekt*

- Gomer
  - «Iliada» – Troya urısı haqqında
  - «Odisseya» – Odisseydiń basınan keshirgenleri haqqında
- 1870-jıl – Genrix Shliman – Troya qalasınıń jaylasqan ornı
- teatr
  - tragediyalar → Sofokl
  - komediyalar → Aristofan
- Fidiy → Parfenon → Zevs háykeli



**Diogen**

### Soraw hám tapsırmalar

1. Qaysı dástanda Gomer Troya atı haqqındaǵı ápsananı súwretleydi? Sizińshe, usınday waqıya haqıyqattan da júz beriwi múmkin be?
2. Áyyemgi Greciyada teatr qanday kóriniste bolǵan?
3. Grek arxitekturasınıń ózine tán ózgesheligi haqqında aytıp beriń.
4. Qaysı grek músinshilerin hám olardıń shıǵarmaların bilesiz?

## 29-§. Áyyemgi Greciya alımlar hám oyshıllar

### Ilim

Áyyemgi Greciyada filosoflardı danıshpanlar, turmıs danaları sıpatında bilgen.

Grek oyshılları Álemniń dúzilisi hám insan tirishiligi mánisin túsindiriwge háreket etip kórgen. Olar ósimliklerdi, haywanlar, adam denesi, Quyash hám juldızlardı úyrengen háreket etken.



**Diogen bir boshkada kún keshirgen.**
*Zamanagóy súwret*

Belgili grek filosofı *Geraklit* Jer júzindegi barlıq nárse ottan kelip shıqqan dep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Filosof Geraklit**



**Arastu (Aristotel)**




**Gerodot**

uqtıratuǵın edi. «*Bir dáryaǵa ekinshi mártebe súńgiy almaysań*», «*Barlıq nárse aǵadı, barlıq nárse ózgermeli*» degen belgili hikmet sózler oǵan tiyisli edi.

Frakiyalı *Demokrit* degen filosof Geraklittiń pikirine qarsılıǵın bildirgen, olar bizdi qorshap turǵan barlıq nárse kózge kórinbeytuǵın mayda-mayda bóleksheler – atomlardan dúzilgen degen mánistegi pikirdi bayan etken eken.

Grek filosofı *Diogen «Insanda hesh qanday zárúrlik bolmawı shárt»* degen pikirdi óziniń tálimatına tiykar etip aldı. Turmıstaǵı barlıq qolaylıqlardan waz keshken Diogen bir boshkada kún keshirgen. Aleksandar Makedonskiy onnan: *«Saǵan qanday járdem beriwim múmkin?»* dep soraǵanında, Diogen: *«Arraǵıraq tursańshı, quyashtı tospa!»* dep mısqıllı sóz aytqan eken.

**B.e.sh. V ásirde** jasaǵan *Gerodot* “Tariyx” dep atalǵan kitap jazǵan. Áyyemgi Gerodotqa *«Tariyx atası»* degen húrmetli ataq berilgen edi.

Áyyemgi grek alımı *Aristotel* toplanǵan bilimlerdi ayrıqsha tarmaqlarǵa ajırattı hám olardı óz aldına ilimler sıpatında tariplep berdi. Aristoteldi shıǵısta “*Arastu*” dep aytıw keyinala ádetke aylanǵan.

Barlıq zamanlarda alımlar ilimiy máseleniń sheshimin tapqan grek fizigi hám matematigi *Arximedtiń* «Evrika!» (Taptım, taptım:) dep baqırǵanın tákirarlap júredi.

Arximed shiyshe dúzilisinen paydalanıp jaqtılıqtı bir baǵıtqa jámlegen Sirakuza ústine hújim jasap kiyatırǵan rimlilerdiń kemelerin jandırıp jibergeni haqqında gúrriń etip beredi. Arximed rishag (dastak) nızamın islep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shıqtı hám belgili bolıp ketken bir ibaranı ayttı: *«Maǵan tayanısh noqatın tawıp beriń, Jerdi óz kósherinen shıǵarıp jiberemen!»*.

Rimliler onıń janajan qalası Sirakuzdı basıp alǵanında qumda sızılmalar sızıp matematikaǵa baylanıslı bir máseleni sheshiwge urınıp otırǵan eken. Rimli ásker nayza shanshılǵan edi: *«Meniń sızılmalarıma qol tiygizbe!»* dep aytıwǵa úlgerdi, xolas.



**Arxımed hám Rimli ásker**

## *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Geraklit aytadı ...*** | ***Filosofiya – ...*** |
| ***Demokrit aytadı ...*** | ***Gerodot – ...*** |
| ***Diogen – ...*** | ***Arxımed – ...*** |

## Afinalı danıshpanlar

Afinalı belgili filosof *Sokrat* (Shıǵısta *“Suqrat”* túrinde aytılǵan) óziniń danalıq hikmet sózleri sebepli qalanıń eń aqıllı insanları dep járiyalanǵan edi. Buǵan juwap retinde Sokrat bılay depti: *«Meniń danıshpanlıǵım hesh nárseni bilmeytuǵınımdı biliwimde!».*



**Filosof Aflatun**

Sokrat óz pikirlerin awız yamasa bayon etken. Onıń pikirleri *Platon* degen taǵı bir grek filosofınıń aytıwları arqalı bizge shekem jetip kelgen. Platondı keyinirek *“Aplatun”* sıpatında da bilemiz.

Sokrat puqaralardıń ádep-ikramlı ruwxıy tárbiyasına úlken áhmiyet bergen. Delfiya ibadatxanasındaǵı jazıw onıń súyikli hikmeti eken: *«Óz-ózińdi ańla hám bil!»*



**Arxımed tarepinen rimliler kemeleriniń jandırılıp jiberiliwi**

Sokrat ásirese ashkózlik hám dúnyaparazlıq sıyaqlı nuqsanlardı qattı sıńǵa alǵan. Bazar boylap seyil etip júrgeninde bılay degen eken: *«Bularsız da kún keshiriw múmkin bolǵan usınsha nárseler bar ekenligi qanday jaqsı!»*

8 – Tariyx, 6-sinf.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sokrat Afinadaǵı ayırım úrp-ádetlerdi qorıqpastan sıńǵa alǵanı sebepli onı ólim jazasına húkim etken. Alimnıń basqa bir mámleketke qashıp ketiw imkaniyatı bolsa da ketpegen. Sokrat tariyxta insanıylıq, sabır-taqat hám mártlik tımsalı bolıp qalǵan.



**Qoljazbanı oqıp atırǵan alımnıń súwreti**

### *Tayanısh konspekt*

→ Filosoflar — Geraklit, Demokrit, Diogen, Aristotel, Platon, Sokrat

→ Gerodot → «Tariyx» – «tariyxtıń atası»

→ Arximed – «Evrika!»

→ Platon → Aristotel

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Grek alımları hám filosoflarınıń ashqan jańalıqları hám jetiskenliklerin aytıp beriń.
2. Arximedtiń «Maǵan tayanısh noqatın tawıp beriń, Jerdi óz kósherinen shıǵarıp jiberemen!» degen sóziniń mánisin túsindirip beriń.
3. Sizińshe, Sokrattıń «Ózińdi-óziń ańla hám bil!» hikmeti neni ańlatadı?
4. Sokrat haqqında nelerdi bilesiz? Sokrattıń qaysı ideyaların maqullamaysız?



**Suqrot**

## 30-§. Áyyemgi Greciya mifleri

### Mifler: haqıyqat hám ápsanalar

Grek mifleri – qudaylar hám bahadırlar haqqındaǵı ráwayatlardıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Olardıń qaharmanları hár qıylı *titanlar* (qudaylardan tuwılǵan qúdiretli palwanlar), jawız maqluqlar, *sirenalar* (yarım qus, yarım hayallar), *kentavrlar* (yarım atlar, yarım adamlar), *cikloplar* – mańlayında bir domalaq kózi bolǵan fantastik maqluqlar bolıp tabıladı.

Ápsanalar (grek tilinde *«mif»*) el tariyxındaǵı áyyemgi dáwir haqqında kóp nárselerdi biliwge imkaniyat beredi. Olar Álemniń jaratılıwı, Jer júzinde tirishilik hám adamnıń payda bolıwı, qaharmanlardıń erligi hám teńiz sayaxatları haqqında gúrriń etedi.



**Sirenalar tasviri**

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Titanlar – ...*** | ***Sirenalar – ...*** |
| ***Kentavrlar – ...*** | ***Cikloplar – ...*** |

Grek ápsanalar ráń-báráń hám qızıqlı. Álem hám qudaylardıń kelip shıǵıwı haqqındaǵı ápsana da oǵada qızıq. Eń aldı menen Jer hám Aspan – *Geya* hám *Uran* payda bolǵan. Olar Álemdi basqarıwshı titanlardı dúnyaǵa keltirgen, *Olimp* tawında jasawshı qudaylar olardı taxttan awdarǵanǵa shekem húkimdarlıq etti.



**Kentavr hám jawınger**

Miflerde aytılıwlarǵa qaraǵanda, burınnan Jer hámme tárepinen teńizler menen qorshalǵan edi. Dáslep olardıń húkimdarı *Okean* degen titan bolǵan. Úlken aspan gúmbezi Jerdiń bir shetinde turatuǵın *Atlas* degen titannıń iynine súyenip turǵan.

Greklerdiń ráwayatları *Gerakl, Axilles,* hám *basqa* bahadır qaharmanlardıń erligi haqqında ańızlar aytadı. On eki erligi sebepli Gerakl Olimp tawındaǵı qudaylar saltanatında húrmetli orınǵa iye bolǵan eken.



**Ciklop**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Gefest – temirshilik hám ónermentshilik qudayı



Artemida – ańshılıq qudayı



Ares – urıs qudayı

## Áyyemgi Greklerdiń qudayları

Áyyemgi grekler de olardıń turmısı hám átiraptaǵı álem kózge kórinbeytuǵın sırlı kúshlerge ǵárezli ekenligine isenetuǵın edi. Bul kórinbes kúshlerdi grekler qudaylar dep atadı. Qudaylar olardıń Jer júzi hám marhumlar saltanatındaǵı turmısında hákimdar edi. Áyyemgi greklerdiń úsh qudayı Alemge húkimdarlıq etetuǵın edi: *Zevs* aspanda, *Paseydon* teńizde, *Aid* marhumlar saltanatında joqarǵı quday dep esaplanǵan. Al qalǵan qudaylar bolsa diyqanshılıq hám ónermentshilik, kórkem óner hám qosıq, ishqı-muhabbat hám gózzallıq qawenderleri esaplanǵan. Urıs hám jeńis, ádillik, uyqı hám tańǵı sáwle qudayları da bolǵan, sondayaq, ekinshi dárejeli *Satirlar* hám *nimfalar* degen sın qudaylar da bar edi. Olar toǵaylar, dáryalar hám tawlarda jasaǵan dep túsingen.

**Áyyemgi greklerdiń qudayları**

| | |
|---|---|
| **Zevs** | joqarǵı quday hám qalǵan barlıq qudaylardıń qudayı |
| **Poseydon** | Zevstiń inisi, teńiz húkimdarı |
| **Aid** | Zevsning inisi, marhumlar saltanati xudosi |
| **Afina** | Zevstiń qızı, jawınger hayal, danıshpanlıq qudayıi |
| **Apollon** | Zevstiń balası, jaqtılıq, muzıka hám qosıq qudayı |
| **Gelios** | Quyash qudayı |
| **Demetra** | diyqanshılıq hám zúráát qudayı |
| **Geya** | Jer qudayı |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| | |
|---|---|
| **Femida** | adliya ilohasi |
| **Gefest** | temirshiler hám ónermentshiler qudayı |

Áyyemgi greklerdiń qudayları da adamlarǵa ádewir usaydı. Grekler Olimp tawı qudayları tımsalın súwretlep, grekler qudaylardı qızǵanshaq hám zulım, kúndi bázim qurıp hám kewil kóteriwshilik penen ótkeredi, bir-biri menen tartısadı, dep esaplaǵan. Qudaylar qattı qol hám ósh alıwshı. Greklerdiń qudayları erkine qarsı barǵanlardı ayawsız jazalaydı. Sonıń ushın da grekler ózleri jaratqan qudaylardan qorqıp, olarǵa qurbanlıqlar shaladı hám kóplegen ibadatxanalardı olarǵa baǵıshlap salatuǵın edi.



**Demetra – diyqanshılıq hám zúráát qudayı**

### *Tayanısh konspekt*

- Ápsanalar qaharmanları
  - titanlar
  - kentavrlar
  - Cikloplar
  - Gerakl (12 qaharmanlıq)
- Áyyemgi grek qudayları



**Aid – marhumlar saltanatınıń qudayı**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Áyyemgi Greciya tariyxın úyrengende mifler qanday áhmiyetke iye?
2. Grekler qudaylar haqqındaǵı miflerde tábiyattıń hár qıylı áyyemgi Greciya ápsanaları qubılısların qay tárizde túsindirgen?
3. Sizińshe, nege grekler qudaylardı qızǵanshaq hám miyrimsız, kúndi oyın-zawıq hám ermek penen ótkeredi, bir-biri menen tartısadı dep esaplaǵan?



**Dionis – sharap qudayı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# IV BÓLIM

# ERAMIZǴA SHEKEMGI VI ERAMIZDÍŃ III ÁSIRLERINDEGI ORTA AZIYA



**Tumaris – massagetler malikasi.** *Zamanagóy súwret*

**Este saqlań!**

Kóplegen mámleketlerdi basıp alǵan Ahamoniyler dinastiyası wákili Kir **II – b.e.sh. 530-jıldaǵı** massagetler menen bolǵan sawashta nabıt boldı.

## 31-§. Orta Aziyada Ahamoniylerdiń ústemligi

### Kir II hám onıń basqınshılıq atlanısları

Parsı shaxları arasında *Kir II* Orta Aziya aymaǵın basıp alıwǵa háreket etip kórgen dáslepki parsı patshası bolǵan. Ol Parfiya, Margiyana hám Baktriyanı basıp aldı. **B.e. sh. 530-jılı** Kir II kóp áskerler menen massagetler ústine júriske atlandı.

Bul júris haqqında «tariyxtıń atası» Gerodot gúrriń etip bergen. Parsılar massagetler aymaǵına bastırıp kirgeninde olardıń malikası *Tumaris* basqınshılardan tınısh-aman qaytıp ketiwin usınıs etedi. Biraq, Parsı shahı bul usınıstı qabıllamadı hám Ámiwdáryadan keship ótiwdi baslaw tuwralı buyrıq beredi.

Gerodot massagetlerdiń tiykarǵı kúshleri menen parsılardıń sawashı tuwralı bılay gúrriń etedi: *«Bul sawash... barlıq sawashlardan da qorqınıshlıraq edi. Dáslep hár eki dushpan kúshler bir-birine qarsı jawıngerlik sap dúzip, oqjaydan oq jawdırdı. Oqları túwesiliwi menen olar qollarına qanjar hám nayzalar alıp, dushpanlarǵa qarsı umtıldı. Sawash uzaq dawam etti. Hesh kim sheginiwdi qıyalına keltirmedi. Kóp qan tógildi. Aqırında, massagetlerdiń qolı bálent keldi. Parsı áskeleriniń kópshiligi qırıldı.Sawash maydanında Kir II niń ózi de nabıt boldı».*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Orta Aziya ahamoniyler mámleketi quramında**



**Parsı patshası**



**Shıraq**

## Dara I nıń saklarǵa qarsı atlanısları

**Eramızǵa shekemgi 522-jılı** Dara I húkimdarlıǵınıń birinshi jılı Margiyanada parsı basıp alıwshılarına qarsı iri xalıq qozǵalańı kóterildi. Qozǵalańǵa *Frada* basshılıq etedi. Qozǵalańshılar menen parsılardıń áskerleri ortasında sheshiwshi sawash **eramızǵa shekemgi 522-jılı** boladı. Fradanıń ózi tutqınǵa alınadı hám óltiriledi. Bul waqıya haqqında maǵlıwmat Behistun jazıwlarında keltirilgen.

Dara I húkimdarlıǵınıń úshinshi jılında (e.sh.519-jılı) saklar ústine atlanıs jasadı. Bul atlanıs haqqında Behistun jazıwlarında bılay delingen: *“shah Dara ayttı: keyin ásker menen saklar eline atlanıs jasadım. Keyin ushı ótkir bas kiyim kiyip urısıwshı saklar sawashqa kiristi. Men dáryadan ótkennen keyin, saklardı birotala qıyrattım, qalǵan bólimin tutqınǵa aldım... Olardıń Skunxa degen*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*sárdarın qolǵa túsirip, aldıma alıp keldi. Sonda men olarǵa basqa bir sárdar tayınladım. Men solay bolıwın qáledim. Sońınan bul el maǵan ǵárezli boldı".*



**Shıraq parsılardı baslap barmaqta**

Sol dáwirde bul atlanıs haqqında tariyxshı *Poliyen* **(eramızǵa shekemgi II ásir)** keltirgen basqa bir ráwayat ta bar. Saklar ráwayatına tiykarlanıp, onda aytılıwınsha, *parsılardıń qasına sak qáwiminen shopan Shıraq keledi, ol parsı áskerlerin ózinen basqa hesh kim bilmeytuǵın soqpaq benen saklardıń arqa tárepine baslap barǵanın aytadı. Suwsız shólistan boylap jeti kún jol júrgennen soń, shólden dozaq azabın shekken parsılar ózleriniń aldanǵanın sezip qaladı. Parsılar er júrek shopandı shawıp taslaydı, Dara I nıń saklarǵa atlanısı sátsiz tamamlanadı.*

### *Ózińizdi sınań!*

***Dara I – ... Frada – ... Shıraq – ...***

## Ahamoniylar húkimdarlıǵı dáwirinde mámleket basqarıwı



**Orta Aziyalı jawıngerdiń Qoladan jasalǵan dubulǵası**

Basıp alınǵan ellerdi baǵındırıp qoyıw ushın Ahamoniylar bir pútin mámleketti óz aldına wálayatlarǵa – *satraplıqlarǵa* bólip tasladı. Bul sóz parsısha "xshatra"–"wálayat" sózinen kelip shıqqan. Wálayat baslıǵı – *satrapqa* sheklenbegen hákimshilik berilgen edi. Satraplardıń kópshiligi Ahamaniylar dinastiyası wákilleri bolǵan.

Orta Aziyanıń parsılar basıp alǵan wálayatları úsh satraplıqqa bólinedi. Hár bir satraplıq jıllıq salıq tólegen. Bunnan tısqarı, ǵárezli xalıqlar saray hám ibadatxanalar qurılısına da jegilgen. Salıqtı gúmis,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sharwashılıq malları (atlar, túyeler, qoylar), ónermentshilik buyımları (ılaydan islengen buyımlar, qural-jaraq, taǵınshaqlar), kiyim-kenshek hám haywanlar terisi menen t ólegen.

Dara I, onıń miyrasxorı Kserks húkimdarlıǵı dáwirinde basıp alınǵan wálayatlardan Orta Aziya xalıqları grek-parsı urıslarında da qatnastı. Belgili Marafon sawashında (e.sh.490-jıl) parsı áskerleri orayında tabıslı urısqan saklar ózin kórsetedi.

Gerodot Kserks basshılıǵında greklerge ashqan urısta Orta Aziyalıq jawıngerlerdiń qural-jaraqların izbe-izlik penen súwretlegen. Baktriyalıqlar oqjay hám nayzalar penen, saklar qanjar hám aybaltalar menen, xorezmlikler hám sogdiylar baktriyalıqlardiki sıyaqlı qural-jaraqları menen sawashqa kirisken. Sak hám baktriya atlıları Kserks armiyasında jaqsı jawıngerlerden bolǵan.



**Massagetler kiyimi hám quralları.**
*Tiklengan*

## Mádeniyattıń rawajlanıwı

**E.sh. VI–IV ásirlerde** mádeniyattıń rawajlanıwı jazba hám arxeologiyalıq derekler tiykarında izertlengen. Olar Orta Aziya xalıqlarınıń ónermentshilik, zergerlik, tigiwshilik, gúlalshılıq hám jay salıw qurılısınıń rawajlanıwında joqarı dárejege eriskeninen derek beredi.

Áyyemgi walayatlarda Qızıltepa, Uzınqır, Afrasiyab, Gúzeliqır, Jerqorǵan hám basqalar sıyaqlı iri ónermentshilik orayları bolǵan.

Dereklerde altın, gúmis, yaqıt, firuza rudaları qazıp alınǵanı, mıs hám temir eritilgeni, gúlalshılıq rawajlanǵanı, Orta Aziyanıń Shıǵıs elleri menen baylanısqan áyyemgi kárwan jollarında alıp barılǵan sawda-satıq isleri haqqında maǵlıwmat beriledi.



**Orta Aziyalı jawıngerler**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**B.e. shekemgi V–IV ásirlerde** Orta Aziya aymaǵında dáslepki teńge pullar tarqalǵan. Zergerlik óneriniń joqarı dárejede rawajlanǵanına búgingi kúnde Britaniya muzeyinde saqlanıp turǵan, 1877- yilda *Ámiwdárya* ǵáziynesinen tabılǵan altın hám gúmis buyımları ayqın mısal bola aladı.



**Altın bilezik. Ámiwdárya ǵáziynesinen**

Hár bir qala orayında qorǵan bolǵan. Qala átirapın iyelegen diyqan xojalıqlarında ata ruwına tiyisli úlken-úlken shańaraqlar kún keshiretuǵın edi. Diyqanshılıq qorǵanshaları úyler, xojalıq hám járdemshi egislik binalarınan ibarat bolǵan.

Arxeologlar qala hám uy – qorǵanlar átirapında atızlarǵa suw alıp kelgen kanallar hám japlardıń izlerin tapqan.

### *Tayanısh konspekt*

- e.sh. 530-jıl – Kir II massagetler menen sawashta óldi (Tumaris)
- e.sh. 522-jıl – Frada qozǵalańı
- e.sh. 519-jıl – Dara I → saklar (Poliyen Shıraqtıń erligi haqqında)
- satraplıqlar → Orta Aziya – úsh satraplıq
- ónermentshilik orayları – Qızıltepa, Jerqorǵan, Uzınqır, Afrasiyab, Kúzeliqır



**Altınnan jasalǵan at arba nusqası.** *B.e.sh. V-IV ásirler*

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Kir II massagetlar jurtına qashan bastırıp kirdi?
2. Kir II áskerleri hám Tumaris basshılıǵında massagetler arasındaǵı urıstısú.
3. Shıraq tutqan joldı qalay bahalaysız? Shiroq jasorati haqida hikoya qiling.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 32-§. Orta Aziya xalqınıń grek-makedon basıp alıwshılarına qarsı gúresi

### Orta Aziya xalıqlarınıń qural-jarağı hám áskeriy óneri

**Eramızǵa shekemgi VII –IV** ásirlerde Orta Aziya jawıngerleri ne menen qurallanǵan edi? Jawıngerler sawashqa sawıt kiyip kirisken, baslarında duwlıǵa bolǵan. Qanjar, jawınger aybalta hám nayza menen qurallanǵan. Oqjay oǵı hám shapqılar temir hám jezden jasalǵan. Jawıngerler atta da, piyada da sawash júrgize alǵan.

Qanjar – *"aqinak"*, al jawınger aybalta bolsa *"sagaris"* dep atalǵan. Uzaq aralıqtan turıp sawash júrgiziw quralı sıpatında oqjay oqlarınan paydalanılǵan. Jawınger atlar ústine hám kókiregine temirden toqılǵan bargustvon jabılǵan.

Dushpanǵa qarsı hújimdi atlılar baslap bergen. Olar atshaptırıp kiyatırıp oqjay, nayza yamasa qılısh penen dushpanǵa topılıs jasaǵan.

Qorǵan hám qalalardı qorǵawda oqjay hám palaqpannan paydalanǵan. Qorǵanıw maqsetinde tas hám pisken gerbishtiń sınıqlarınan da paydalanǵan.

Qalalar burjlar hám shinaklari bólgan bekkem diywallar menen qorshap alınǵan edi. Diywallar tóbesinde oqjayshılar ushın jollar salınǵan. Diywallar sırtındaǵı múyesh hám oq atıw orınlarına da oqjayshılar qoyılǵan. Suw toltırılǵan shuqır hám keń qándek qorǵanǵa baratuǵın joldı beklep turatuǵın edi.



**Aleksandr Makedonskiy**



**Orta Aziya turǵınları.**
*b.e.sh. VI ásir*

***Ózińizdi sınań!***

***Aqinak – ... Sagaris – ...***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Sagaris – áskeriy aybalta



Akinak



Aleksandr Makedonskiydiń áskerleri

## B.e.sh. IV ásirde Makedoniyanıń rawajlanıwı

Aleksandr **eramızǵa shekemgi 336-jılı** Makedoniya patshası boladı. Usı jılı ol 20 jasqa tolǵan edi. *Aleksandr Makedonskiy* hádden tıs kúsh-quwat hám er júrek iyesi bolǵan, qurallasları hám jawıngerleri oǵan kútá sadıq edi.

**Eramızǵa shekemgi 334-jılı** ol Shıǵısqa urıs basladı, bul urıs 10 jıl dawam etti. Mine usı urıs dawamında ol Kishi Aziya, Siriya, Mısr, Iran hám Hindistanda úlken-úlken aymaqlardı basıp aladı. Aleksandr Makedonskiy úlken aymaqta grek mádeniyatı tarqalıwına imkaniyat jaratıw maqsetinde basıp alınǵan qalalarǵa greklerdi jaylastırdı.

**Eramızǵa shekemgi 330-jılı** Aleksandr Makedonskiy Áyyemgi Parsı mámleketiniń Ahamoniyler dinastiyasınan bolǵan sońǵı shahı *Dara III* áskerlerin qıyrattı. Ol Hindistanǵa atlanıs jasawdan aldın armiya arqasın qáwipsizlendiriw maqsetinde Ámiwdáryanıń arǵı jaǵında jasawshı elatlardı boysındırmaqshı boladı.

Birinshi bolıp onıń jolın tosqan qala Baktriya paytaxtı *Baktra* (Zariasp) boldı. Bul jerde satrap Ahamoniylar dinastiyasınan bolǵan *Bess* Baqtriyanıń satrapi edi. Ol Baktra qalasın qorǵawshılarǵa taslap, Ámiwdáryanıń arǵı tárepine qashqan edi. Aleksandr Makedonskiy óz ustazı, áyyemgi grek filosofı Aristotel diń Ámiwdáryadan eki patsha Kir II hám Dara I keship ótkeni, ekewi de sátsizlikke ushıraǵanı, sonıń ushın da ol atlanısqa jaqsı tayarlıq kóriwi lazımlıǵı haqqındaǵı másláhátin yadta tutatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Aleksandr Makedonskiydiń atlanısları**

## Maroqandtıń basıp alınıwı

**Eramızǵa shekemgi 329-jılı** Aleksandr Makedonskiy áskerleri *Oks* – Ámiwdáryadan óte basladı. Al áskerler qarsısında bolsa *Nautaka* (Qashqadárya oazisiniń shıǵıs bólimi) hám *Maroqand* qalası (Samarqand) turǵan edi.

**Eramızǵa shekemgi 329-jılı** Grek-makedonlar Maroqandtı iyeledi. Aleksandr áskeleriniń bir bólimin qaldırıp, al ózi bolsa *Qurushkat* (Kiropolis) qalasın basıp alıw ushın tiykarǵı kúshler menen Sırdárya jaǵalarına qaray jıljıy basladı. Ráwiyatlarǵa qaraǵanda, bul qalaǵa parsı shahı Kir II tiykar salǵan eken.

Sogdiyana xalqı basqınshılarǵa qarsı gúreske kóterildi. Tez arada sogdiylarǵa baktriyalılar, sak hám massagetler qosıladı. Qozǵalańǵa talantlı basshı hám ásker bası *Spitamen* basshılıq etedi.



**Baktriyalı túyekesh**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Spitaman**

Ádewir ásker toplaǵan Spitamen Maroqandtı qorshawǵa aldı. Aleksandr qamalda qalǵanlarǵa járdemge úsh mıńǵa jaqın jawıngerden ibarat ásker jónetedi. Áyyemde *"Politimet"* dep te atalǵan Zarafshan dáryası boyında makedonlarǵa duzaq qoyǵan Spitamen dushpan toparın birotala qırıp taslaydı.

Sonda Aleksandrdıń ózi qozǵalańdı bastırıwǵa atlanadı. Greklerdiń úlken kúshleri jaqınlasıp kiyatırǵanınan xabar tapqan Spitamen qamaldı toqtatadı hám óz áskerlerin sahraǵa qaray baslap ketedi.

Saklar qarsı gúres ushın Aleksandr Sırdárya boyında, Xojend janındaǵı bir tayanısh ornın qurıwǵa buyrıq beredi. Bul qorǵan *Aleksandriya Esxata* (Uzaqtaǵı Aleksandriya) dep ataladı.

Aleksandr Maroqandta garnizon arnawlı áskerlerin qaldırıp, tiykarǵı áskerleri menen qıslaw ushın *Zariasp* (Baktra)ǵa jóneydi.

Sol jıldıń báhárinde Aleksandr qozǵalańdı bastırıw ilájın kóredi. Óz láshkerlerin úsh bólimge bólip, Sogdiyananıń ana basınan mına basına gezip shıǵadı hám tınısh xalıqtı qırıp taslaydı.

**Biziń eramızǵa shekemgi 328-jılı** gúzde Spitamenniń Aleksandr menen sheshiwshi sawashı bolıp ótti. Kúshler teń bolmaǵanlıqtan Spitamen jeńilip, jáne shólge sheginedi. Sol jerde kóshpeli qáwimler baslıqları satqınlarsha onı óltiredi.

**Este saqlań!**

**B.e.sh. 329-jılı** grek-makedon áskerleri Maroqandtı iyeledi. Olarǵa qarsı qozǵalańǵa **Spitamen** basshılıq etti.



**Duzaq**

## *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Oks – ...*** | ***Qurushkat – ...*** |
| ***Nautaka – ...*** | ***Spitamen – ...*** |
| ***Maroqanda – ...*** | ***Baqtriya – ...*** |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Gúrestiń dawamı

Spitamenniń ólimi sogdiylar hám baktriyalılardıń erkin qayıstırmadı. Aleksandr Sóǵd aqsúyekleri – *Xoriyen* hám *Oksiarttıń* Gisar tawlarında jaylasqan taw qorǵanların qolǵa kirgizip, Aleksandr Oksiarttıń qızı *Ravshanakqa* úylenedi. Solay etip, Aleksandr Makedonskiy itibarlı Soǵd qáwimi baslıqlarınan biri menen aǵayin tutınadı.

Orta Aziya jerlerin basıp alıw ushın Aleksandr derlik úsh jıl urındı, biraq onsha úlken bolmaǵan aymaqtı: Margiyana, Baktriya, Sogdiyana hám házirgi Bekabad hám Xojenten ibarat Sırdárya átirapların baǵındırıwǵa miyasar boldı. Xorezm, Tashkent oazisi hám Ferǵana óz ǵárezsizligin saqlap qaldı. Spitamen qozǵalańı bastırılıwına qaramay, grek-makedon áskerleri birinshi márte bir qatar jeńilislerge ushıradı.



**Sawash kórinisinen**

## Basqınshılıq aqıbetleri

Grek-makedon áskerleriniń basqınshılıq atlanısları Orta Aziya jerlerin qarabaxanaǵa aylandırdı, xalqınıń úlken bólegi qırılıp ketti, kóplegen qalalar wayran etildi.

Grek tariyxshılarınıń jazıwınsha, Aleksandr Makedonskiy Orta Aziyada bir neshe qala qurdırǵan. Bul qalalar onıń atı menen *Okstágı Aleksandriya, Aleksandriya Esxata, Margiyana Aleksandriyası* hám taǵı basqa túrinde atalǵan.

Olardıń ayırımları wayran etilgen Sogdiyana hám Baktriya qalaları ornında, al basqaları tayanısh qorǵanı sıpatında jańadan qurılǵan. Bul qalalarda grek-makedon piyada hám atlı áskerleri jaylastı. Biziń eramızǵa shekemgi 324-jıldan baslap bul áskerlerdiń siyreklesken

> **Este saqlań!**
> Aleksandr Orta Aziya jerlerin basıp alıw ushın úsh jıl háreket etti. Biraq ol onsha úlken bolmaǵan aymaqtı ǵana ózine baǵındırıwǵa yeristi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qatarı Makedoniya tártibinde qurallandırılǵan Baktriya hám Sogdiyana jasları esabına toltırıladı.

Bara-bara ónermentshilik hám sawda qayta tiklendi. Jergilikli hám grek mádeniyatları dástúrleri ózara qosılıp kete basladı. Usı tiykarda Orta Aziyada Grek-Baktriya hám Parfiya sıyaqlı antik mámleketler rawajlanadı.



**Makedonskiy Aleksandr teńgesi**

### *Tayanısh konspekt*

- → B.e.sh. 334-jıl – Makedonskiydıń Shıǵıs úlkelerine atlanısı
- → Aleksandr – Makedoniya patshasi
- → qural-jaraq: aqinak, sagaris
- → Baqtra – Naytaka – Maroqanda
- → Bess – Baktriya satrapı
- → b.e.sh. 329-jıl Maroqandtıń basıp alınıwı → Spitamen, Politimet (Zarafshan dáryası) boyıdagı sawash
- → Aleksandriya Esxata
- → b.e.sh. 328-jıl – Spitamenniń sawashta sátsizlikke ushırawıı.

**Este saqlań!**

**B.e. shekemgi 323-jılı** Aleksandr Makedonskiy qaytıs boldı. Ol dúzgen mámleket úsh bólimge bólinip ketti: Makedoniya, Mısr, Siriya. Orta Aziya aymaǵı Siriya mámleketine tiyisli boldı.

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Orta Aziyalı jawıngerlerdiń qurallarıń súwretlep beriń.
2. Aleksandr Makedonskiy Sogdiyanaǵa qashan atlanıs basladı?
3. Aleksandr Makedonskiy basıp alıńǵan aymaqlarda óz hákimiyatın qaysı jollar menen iske asırǵan?
4. Spitamen qozǵalańı qashan bolıp ótti? Qozǵalań qalay juwmaqlandı?
5. Grek-makedon askerleriniń Orta Aziyaǵa bastırıp kiriwi unamsız aqibatlerin sanań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 33-§. Salavkiyler mámleketi hám Grek-Baktriya patshalıǵı

## Orta Aziya Salavkiyler mámleketi quramında

**Biziń eramızǵa shekemgi 323-jılı** 13-iyunda Aleksandr Makedonskiy dúnyadan ótti. Ol jaratqan imperiya úsh bólimge: Makedoniya, Mısr hám Siriyaǵa bólinip ketti. Bul mámleketler Aleksandrdıń eń jaqın ásker basıları tárepinen basqarılǵan.



Salavkiylerdıń áskerleri

Uzaq dawam etken ózara urıslardan keyin **biziń eramızǵa shekemgi 312-jılı** Aleksandr Makedonskiy diń ásker basılarınan biri *Salavka* Bobil (Mesopotamiya) húkimdarı boldı. Salavka mámleketi quramında Mesopotamiya, Iran, Parfiya, Baktriya, Soǵdiyana, Margiyana kiretuǵın edi.

Salavka óz mámleketi quramına kirgen Orta Aziyanı satraplıqlarǵa wálayatlarǵa bóldi, olardıń hár birine satrap húkimdarlıq etti. Mámleketti qorǵaw hám áskerlerdi dúziw menen burıńǵı ásker basılardan tayınlanǵan strateg shuǵıllanatuǵın edi.



Salavkiylardıń jawıngerleri

Salavka óz ulı Antioxtı Shıǵıs wálayatlar – Parfiya, Margiyana, Baktriya, Soǵdiyana nayıbı etip tayınladı. **Biziń eramızǵa shekemgi 280-jılı** Salavka óliminen soń Antiox úlken mámleket húkimdarına aylandı hám 20 jılǵa shekem eldi basqardı.

Áste-aqırınlıq penen Soǵdiana, Baqtriya hám Margiyanada tinsh turmıs tiklene basladı. Bul jerlerde jańadan xalıq jasaytuǵın qonıslar,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qalalar qurıldı, sawda-satıq, diyqanshılıq hám ónermentshilik rawajlana basladı.

Baktra, Maroqand, Antiox Margiyanası (Marv), Termiz iri qala hám mádeniyat oraylarına aylandı.

Baktriyada grek jazıwı, grek salmaq ólshem birlikleri, aqsha qatnasıqları, ónermentshilik hám kórkem óner buyımları tarqaldı. Óz gezeginde grekler de Baktriyanıń qurılıs hám ónermentshilik dástúrlerin ózlestirdi.



**Áyyemgi Baktriya tawları**

## Grek-Baktriya mámleketi

**Biziń eramızǵa shekemgi 250-yilda** Baktriya Salavkiler mámleketi quramınan ajıralıp shıǵadı. Antik dáwiri tariyxshılarınıń xabar beriwinshe *Diodot* mıńlaǵan Baktriya qala húkimdarı ózin patsha dep járiyaladı. Sol waqıyadan boslap Grek-Baktriya mámleketi tariyxı baslanadı. **Biziń eramızǵa shekemgi 250-jılda** Salavkiyler mámleketiniń quramınan ajıralıp shıqqan Parfiya Baktriyanıń qarsılasına aylanadı.

Baktriyadan basqa, Grek-Baktriya patshalıǵı quramına Soǵdiyana hám Margiyana da kirgen edi.



**Salavka**

Diodottan keyin Grek-Baqtriyada húkimdarlıq mámleket tariyxında sezilerli iz qaldırmaǵan *Evtidemge* ótti. Evtidemniń balası *Demetriy* húkimdarlıǵı dáwirinde Grek-Baqtriya patshalıǵı eń úlken mámleket shegarasına iye boldı. Hindistan jerleriniń bir bólimi usı mámleketke qosıp alınǵan edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Eramızǵa shekemgi II ásır bası Grek-Baqtriya mámleketi**

**Este saqlań!**

**B.e. shekemgi 140-130-jılları** Grek-Baktriya mámleketi yueshji qáwimleri tárepinen basıp alındı.

Parfiyada hákimiyat *Mitridat I* qolına ótiwi menen Baktriyaǵa áskeriy qısım jasawdı kúsheytti. Grek-Baqtriya mámleketi tınımsız urıslar alıp barıwǵa májbúr bolǵan, bul jaǵday onıń kúshsizleniwine sebep boldı. Bunnan paydalanǵan kóshpeliler *yueshji* qáwimleri **biziń eramızǵa shekemgi 140-130-jıllarda** Grek-Baqtriya mámleketin basıp aldı.

**Grek-Baktriya mámleketiniń teńgeleri**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Este saqlań!**

**Baqtra, Maroqanda, Marg'iyona Antioxiysi** (Marv)va **Termiz** – Salavkiyler mámleketiniń iri qalaları esaplanadı.

### Tayanısh konspekt

→ eramızǵa shekemgi 323-jıl – Aleksandr Makedonskiy óldi
→ patshaq — Makedoniya, Mısr, Siriya
→ eramızǵa shekemgi 312-jıl → Salavka
→ eramızǵa shekemgi 280-jıl → Antiox
→ ellinizm (antik) dáwiri
→ e. sh. III ásirdiń ortaları – Grek-Baktriya
Diodot → Evtidem → Demetriy
→ eramızǵa shekemgi 140–130-jıllar – Grek-Baktriya yueshjiler (kushanlar) tárepinen basıp alınıwı



**Áyyemgi Xorezmlilerdiń kelbetleri.** *Tiklengen*

### Soraw hám tapsırmalar

1. Aleksandr Makedonskiy imperiyası qaysı ǵárezsiz mámleketlerge bólinip ketti?
2. Salavka hám Antiox haqqında nelerdi bilesiz?
3. Parfiya hám Baktriya qashan Salavkiyler mámleketinen ǵárezsiz boldı?
4. Grek-Baktriya patshalıǵı qashan payda boldı?
5. Grek-Baktriya mámleketi tariyxında kóshpeli yueshjilerdiń qanday ornı bar?
6. Jazıwsız kartada Salavkiyler mámleketi hám Grek-Baktriya patshalıǵı aymaqlarınıń shegaraların belgileń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 34-§. Áyyemgi Xorezm, Qańha hám Dovon mámleketi

### Áyyemgi Xorezm

**Biziń eramızǵa shekemgi IV ásirde** Xorezm Axamoniyler mámleketinen ǵárezsiz mámleketke aylandı. Aleksandr Makedonskiy hám Salavkiyler húkimdarlıǵı waqtında da Xorezm mámleketi ǵárezsiz edi. Bul úlke xalqı xojalıǵınıń tiykarın diyqanshılıq quraǵan.

Xorezmde arxitekturanıń baslanıwı biziń eramızǵa shekemgi VII ásirge barıp taqaladı (Gúzeliqır qala-qarabaxanaları). Biziń eramızǵa shekemgi V–IV ásirlerde bul jerde jergilikli húkimdardıń sarayı bolǵan úlken qorǵan qurılǵan edi (*Qalalıqır* qalası qarabaxanaları).

Biziń eramızǵa shekemgi III-II ásirlerde *Jambasqala* Xorezmde áyyemgi qalalar bolǵan. *Qoyqırılǵanqala* qarabaqaxanaları astınan dóńgelek formasında qurılǵan bekkem ibadatxana qaldıqları tabılǵan.

Eramızdıń II-III ásirlerinde *Topıraqqala* qalasında bunnan da úlken bekkem qurılıs isleri ámelge asırılǵan edi. Qala qúdiretli qorǵanıw diywalları menen qorshalǵan, diywal múyeshlerinde múyesh minaraları qurılǵan. Oraydan ótken kóshe qalanı eki bólimge bólgen, onnan hár tárepke kósheler bólingen, má hálleler birbirinen ajıralıp turǵan. Oraylıq maydanda bekkem saray hám ibadatxanalar jaylasqan.

Qorǵandaǵı saray diywalları shahlar, láshkerler, atqarıwshılar, haywanlar hám quslardıń súwretleri menen bezetilgen. Zallardan birinde diywal janındaǵı biyiklikte 20 dan kóbirek gúlal músinler ornatılǵan edi.

Xorezmde ásirese ónermentshilik joqarı dárejede ráwajlanǵan. Gúlalshılıq, temir, mıs



**Qorǵanıw diywalı qaldıqları**



**Qoyqırılǵanqala.** *Tiklengen*



**Áyyemgi Xorezm jawıngeri.** *Tiklengen*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ásbaplar, qurallar, zergerlik buyımlarına talap úlken bolǵan. Xorezm xalqı Sogdiyana, Margiyana, Baktriya hám sahra kóshpelileri menen jaqınnan sawda qatnasıqların ornatqan. Bul úlkeden áhmiyetli kárwan jolları ótken. **Biziń eramızǵa shekemgi I ásirde** hám eramızdıń dáslepki ásirlerinde Xorezmde gúmis hám mıs teńgeler islep shıǵarılǵan.



**Áyyemgi Xorezm qalası**

Orta Aziya boyınsha eń áyyemgi jazıwlar Xorezm aymaǵınan tabılǵan. Bular *Aybúyirqala* (b. e. sh. V–IV ásirler) esteliginen gúze sırtına jazılǵan jazıw hám Qoyqırılǵanqaladan tabılǵan ayırım jergilikli jazıwlar bolıp tabıladı (b.e. sh. IV–III ásirler). Eramızdıń I ásirinde Xorezmde islep shıǵılǵan jergilikli kalendardan Xorezmliler VIII ásirge shekem paydalanǵan.

**Este saqlań!**
**E.sh. I ásirde** Xorazmde jergilikli kalendar islep chıǵılǵan.

## Qańha mámleketi

Qıtay dereklerinen bul mámlekettiń Qanǵyuy dep atalǵanı málim. **Eramızǵa shekemgi III ásirde** oǵan saklar tiykar salǵan. Áyyemgi tariyxshılardın aniqlavinsha, Tashkent wálayatınıń Aqqorǵan rayonındaǵı *Qańha – Qańha* qala qarabaxanası saklardıń sol gezlerdegi paytaxtı Qanǵdez bolıp, oǵan eramızǵa shekemgi III ásirde tiykar salınǵan. Qıtay tariyxshıları bul qalanı *Bityan* dep ataǵan.

**Este saqlań!**
Qanha mámleketi **e.sh. III ásirde** payda bolǵan.

Qańha mámleketiniń tiykarǵı qalaları Sırdárya oazisınıń jaǵaları boylap jaylasqan edi.

Eramızǵa shekemgi II ásirdiń aqırında Qańha qáwimlerdiń eń qúdiretli mámleket birlespesine aylanadı. Onıń húkimdarları óz atınan teńge basıp shıǵarǵan. Qańha mámleketinde úlken qorǵanıslar, qorǵan, qala ibadatxanaları, sawda hám ónermentshilik máhálleleri payda boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámleket madaniy oraylarınıń biri Tashkent oazisi edi. Mine sol aymaqlarda otırıqlı diyqanlar hám sawda-ónermentshilik mádeniyatı juzege keldi.

El ekonomikasınıń gúllep jasnawına onıń aymaǵınan Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı ótkenligi imkaniyat jarattı. Biraq, mine usı jaǵday Qıtay menen urıslardıń kelip shıǵıwına sebep boldı. Bul urıslarda qanǵarlar (Qańha mámleketi xalqın usılay ataǵan) kóbinese jeńip shıǵatuǵın edi.

Eramızdıń III ásirine kelip Qańha mámleketi bólsheklenip ketti.



**Urıs kórinisi.** *Zamanagóy súwret*

***Ózińizdi sınań!***

| | |
|---|---|
| ***Qańha – ...*** | ***Qańdez – ...*** |
| ***Qańgyuy – ...*** | ***Qańh – ...*** |

## Dovon mámleketi

Dovon tariyxında (Qıtay dereklerinde bul úlke usı atama menen tilge alınadı) shama menen, **e.sh. III ásirde** payda bólip, Ferǵanada jaylasqan.

Qıtay húkimdarları bir neshe ret bul mámleketti basıp almaqshı boldı, biraq olardıń háreketleri bosqa ketti. Áskeriy atlanıslardıń birinde olar Dovon mámleketiniń paytaxtı Ershidi qolǵa kirgizdi, biraq xalqınıń qısımı astında jer salıǵı ornına onı taslap shıǵıwǵa májbur boldı.



**Attıń háykeli**

Dovon mámleketi Qıtay hám Shıǵıstıń basqa elleri menen bolǵan xalıq aralıq sawdada áhmiyetli orın tutqan. Qıtay húkimdarların kóbirek Fergananıń násilli atları qızıqtıratuǵın edi. Atlar násiliniń birin hátte olar "*Dúldúl*" dep ataǵan. «*Dúldúl atlar*» mıqlı hám gózzal kóriniske iye bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Áyyemgi dáwirdi izertlewshiler tapqan dáliller Qıtay jılnamalarındaǵı maǵlıwmatlardı tastıyıqladı. **b.e. shekemgi II–I ásirlerde** Fergana joqarı dárejede rawajlanǵan, xalqı kóp sanlı, jaqsı qurallanǵan hám shınıqqan qurallı kúshlerge iye mámleket bolǵan. Davon mámleketiniń *Shurabashat, Úshqorǵan* usaǵan hám basqa qalaları átirapındaǵı xalıq jerdi islew, salı hám biyday jetistiriw, baǵshılıq hám júzim jetistiriwde úlken tabıslarǵa erisken.



**«Dúl-dúl at»**

**Este saqlań!**

Davan **e.sh. II – I ásirlarde** jaqarı dárejege jetken mámleket bolǵan.

### *Tayanısh konspekt*

**Áyyemgi Xorezm (b.e.sh. IV ásirden e. III ásirine shekem)**
- suwǵarıw tarmaqları
- ónermentshilik hám sawda
- qala hám qorǵanlar
- qurılıstıń joqarı dárejesi
- skulptura hám diywal súwretleri
- Áyyemgi Xorezm jazıwı
- Jambasqala, Qoyqırılǵanqala, Topıraqqala

**Qańha mámleketi (b.e.sh. III ásirden e. III ásirine shekem)**
- Qańǵyuy (Qańha)
- qaǵharlar
- Kanka – Qangxa – Qańǵdez (Bityan)
- Qıtay menen urıslar
- bólinip ketiwi

**Dovon mámleketi (b.e.sh. III ásirden e. III ásirine shekem)**
- Dahámn
- Qıtay menen urıslar
- Ershi—paytaxt
- «dúldúl atlar»
- Úshqorǵan Shurabashat
- tamlanǵan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Áyyemgi Xorezm qalaları haqqında nelerdi bilesiz?
2. Xorezmniń ózine tán mádeniyatı haqqında sóylep beriń.
3. Qańh mámleketi qashan dúzildi hám manbalarda qanday nomlangan?



**B.e.sh. II–I ásirlerge tiyisli gúze**

## 35-§. Kushan patshalıǵı

### Kushan mámleketiniń dúziliwi

**Biziń eramızǵa shekemgi 140-130-jıllar** aralıǵında kóshpeli *yueshjiyler* qáwimi Grek-Baktriya mámleketi aymaǵına basıp kiredi. Yuechjiler Baqtriya jerlerine kelip ornalasadı hám eramızdıń I ásirde *Guyshuan* (Kushon) qówiminiń baslıǵı barlıq yuechji múlklerin óz hákimiyatı astına birlestirip, Kushan mámleketine astına birlestirip tiykar saladı.



**Óspirimniń súwreti.**
*Diywal súwreti*




**Kushan patshalıǵı**



**Kushan húkimdarı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Birlesken bes yueshji qáwiminiń birinshi húkimdarı *Kudzula Kadfiz* boldı. Kudzula Kadfiz húkimdarlıǵı dáwirinde Awǵanstan hám Kashmir Kushan mámleketine qosıp alınǵan.

Onıń miyrasxorı *Vima Kadfiz* húkimdarlıǵı dáwirinde Kushan mámleketi aymaǵı jáne de keńeydi. Patsha *Kanishka* húkimdarlıǵı dáwirinde paytaxt Baktriyadan Peshovárǵa kóshiriledi, Kushan mámleketi bolsa úlken saltanatqa aylanadı.



**Kushan patshalıǵı teńgeleri**

### *Ózińizdi sınań!*

***Kudzula Kadfiz – ... Kanishka – ...***
***Vima Kadfiz – ...***

Onıń aymaǵı Hindistan, Xotannan, Awǵanstanǵa hám Ózbekistannıń qublasına shekem bólǵan jerler kirgen. Rim, Parfiya, Qıtay mámleketleri qatarında Kushan mámleketi de úlken imperiyalardıń birine aylanǵan. Eramızdıń III ásirinde toqtawsız urıslar aqıbetinde Kushan mámleketi hálsirey basladı hám bólinip ketti.



**Saz shertip atırǵan hayaldıń kórinisi**

## Xojalıqtıń rawajlanıwı

Vima Kadfiz húkimdarlıǵı dá-wirinen Kushan patshalıǵında húkimdardıń ismi kórsetilgen teńge basıp shıǵarıla basladı. Húkimdar aqsha reformasın ótkeredi, teńgelerdiń qunı artadı. Teńgeler altın, gúmis hám mıstan islep shıǵarılǵan.

**Eramızdıń I–II ásirlerinde** *Kanishka* húkimdarlıǵı dáwirinde Kushan patshalıǵı óz rawajlanıwınıń joqarǵı shıńına erisedi. Jańa-jańa qalalar qurıldı, Hindistan, Qıtay hám Rim imperiyası menen sawda hám elshilik qatnasıqları ornatıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ónermentshilik te joqarı dárejede rawajlanǵan. Surxan átirapındaǵı Kushan mámleketi estelikleri bolǵan *Xalshayan, Dalvarzintóbe, Ayrıtam, Zertóbe, Qaratóbe* hám basqalardı izertlew barısında anıqlanǵan tabılmalar bunı tastıyıqlaydı.

Kushan mámleketi ekonomikasınıń tiykarın suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq, sawda hám ónermentshilik quraǵan.

Kushan mámleketi dáwirinde suw digirmanı, *shıǵır* túrlerinen keń paydalandı, jerge islew beriw quralları jetilistirildi.



**Shiǵir – suw shiǵǵaratuǵın úskene.**

## Kushan mámleketindegi jazıw

Kushan mámleketinde jasaǵan xalıqlardıń ózara mádeniy hám sawda baylanısları sebepli Orta Aziyada áyyemgi *aramiy jazıwı* keń tarqaladı. Bul jazıw Batıs Aziyada payda bolıp, álipbege tiykarlanǵanlıqtan ózlestiriw biraz ańsat bolǵan.

Áyyemgi Termiz esteliklerin izertlew nátiyjesinde aramiy jazıwı tiykarındaǵı kushan-baktriya álipbesindegi jazıw úlgileri tabılǵan. Kushan elindegi taǵı bir túrdegi jazıw – kushan kórinisindegi jazıw bolǵan, bunda háripler múyeshli, tórtmúyeshli hám aylana kórinisinde bolǵan.

Kushan patshalıǵında jazıwdıń áyyemnen bar ekenligin *Surxkotal* (Awǵanstandaǵı Qundız qalası janında) esteliginde tabılǵan grek álipbesindegi kushan jazıwları da tastıyıqlaydı.

Ámiwdáryanıń quyar aǵısında, Zarafshan hám Qashqadárya alaplarında áramiy álipbesi tiykarındaǵı xorezmiy hám soǵdiy jazıwlar da keń tarqalǵan edi.



**Hayal ádamnıń bas dúzilisiniń háykeli.**
*I-II ásir*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jazıwlardıń túrli kórinisine baylanıslı tabılmalar Kushan imperiyasınıń dúnyadaǵı kóplegen mámleketler menen keń kólemdegi baylanıslarınan gúwalıq beredi.



**Kushan shahzadasınıń kórinisi**

## Diniy isenim

Kushan mámleketi dúzilip atırǵan waqıtta Baktriya, Soǵdiyananıń tiykarǵı xalqı zardushtiylik dininde edi. Kanishka húkimdarlıǵı dáwirinde Hindistannıń bir bólegi qosıp alınıp jaqınnan baylanıslar ornatılǵannan soń, Kushan mámleketi aymaǵına kirip kele baslaǵan buddalıq zardushtiylik penen birge eramızdıń VIII ásirine shekem Orta Aziyada ómir súrgen.

Tiykarınan Surxan jerleri arqalı buddalıq pútkil Orta Aziya boylap keń tarqala basladı.

***Ózińizdi sınań!***

| | |
|---|---|
| ***Shıǵır – ...*** | ***Kushan jazıwı – ...*** |
| ***Buddalıq – ...*** | ***Oromiy jazıwı – ...*** |



**Budda basınıń kórinisi.**
*Dalvarzintóbe. II–III ásirdiń basları*

## Arxitektura hám kórkem óner

Kushanlar dáwirinde qurılıs hám arxitektura joqarı dárejede ra-wajlandı. Dalvarzintóbe hám Eski Termiz sıyaqlı qalalar qam gerbishten qurılǵan bekkem qorǵanıw diywalları menen qorshalǵan. Qalalardıń ózi bolsa ónermentshiler kóshelerine hám turaq jay orınlarına ajıratılǵan edi.

*Xalshayandaǵı* kushan húkimdarları sarayı, Eski Termiz (*Qaratóbe, Fayaztóbe*) hám Dalvarzintóbedegi buddalıq ibadatxanalarınan sol dáwirdegi diywal súwretleri hám músinshiliktiń joqarı kórkem óner úlgileri tabılǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shaxzadalar, saray maliykaları, jawıngerler súwreti, Budda háykeli, sonday-aq, sırnay shalıp atırǵan qızlar súwretlengen belgili Ayritam frizi bolıp tabıladı.

Temir hám súyekke oyıp islengen súwretler de joqarı dárejege erisken edi. Dalvarzintóbede pil súyeginen jasalǵan shaxmat tasları tabıldı. Kushan kórkem-ónerinde jergilikli dástúrler, Áyyemgi Shıǵıs hám Qadimgi Greciya elin kórkem óneri usılları rawajlanıwın dawam etken.



**Dombırashı. Ayırtam esteliklerinen úlgi**

### *Tayanısh konspekt*

Kushan mámleketi (b.e.sh. I ásir – eram. III ásiri)

- → B.e.sh. 140–130-jıllar – yueshjilar basqınshılıǵı
- → yueshjiler → kushanlar
- → Baktriyaǵa jaylasıwı
- → Dalvarzintóbe, Ayrıtam, Xalshayan
- → Kudzula Kadfiz
- → Vima Kadfiz
- → Kanishka
- → jazıwlar
- → zardushtiylik, buddalıq



**Túyedegi shabandoz háykeli**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Yuechjilar Baktriyaǵa qashan basıp kirdi?
2. Kanishka dáwirinde Kushan imperiyasında qanday ózgerisler bolǵan?
3. Qaysı patsha dáwirinde húkimdar ismi jazılǵan teńgeler quyıp shıǵarıla basladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 36-§. Ullı Jipek jolı

### Payda bolıwı hám tarmaqları

**Este saqlań!**

**Ullı Jipek jolı** b.e.sh. II ásirde payda bolǵan. Ol «Ullı meridianal jol» dep atalǵan. Bul jolǵa «Jipek jolı» degen at 1877-jılı nemis geografı **F. Rixtgofen** tárepinen berilge.

Eramızdıń XVI ásirine shekem Shıǵıs penen Batıs xalıqları ortasındaǵı tariyxıy-mádeniy hám sawda qatnasıqlarınıń rawajlanıwında áyyemgi dúnyada belgili bolǵan *Ullı Jipek jolı* áhmiyetli orın tutatuǵın edi. Bul **b.e. shekemgi II ásirde** payda bolǵan hám «*Ullı meridianal jol*» dep atalǵan. Bul jolǵa «Jipek jolı» degen at 1877-jılı nemec geografi *F. Rixtgofen* tárepinen berilgen.




**Ullı jipek jolı**



**Pil súyeginen islengen shaxmat tasları**



**Gúlal ıdıslar**

Ullı Jipek jolı dúzilmesten burın Orta Aziya hám Áyyemgi Shıǵıs aymaǵında sawda hám mádeniy jaqtan almaslaw ushın hár qıylı jollar bolǵan.

Ullı Jipek jolı 12 mıń kilometrge shekem uzınlıqta bolǵan. Ol Sarı teńiz jaǵalıǵınan baslanıp, Shıǵıs Túrkstan, Orta Aziya, Iran, Mesopotamiya arqalı Jer Orta teńizi jaǵalarına shekem barǵan. Bul jolda Sian, Dunxuan, Yarkent, Samarqand, Buxara, Termiz, Marv hám basqa bir qansha áyyemgi qalalar jaylasqan edi.

Sogdiyanadan Qıtayǵa jún gezleme, gilem, bezeniw buyımları hám qımbat baha



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

taslar alıp barılǵan; Baktriyadan túyeler, Ferǵanadan tuqım atlar, Badaxshannan yaqıt, Hindistannan Orta Aziyaǵa jip-gezlemeler hám paxta shigiti júklengen kárwanlar kelgen; Qıtaydan gúrish alıp kelingen; Orta Aziyadan Qıtayǵa júzim, ǵoza, ánar hám basqa diyqanshılıq ónimleri tasılǵan.



**Ullı Jipek jolı boylap**

## Ullı Jipek jolı Shjan Syan táriplewinde

**Eramızǵa shekemgi 138-jılı** Qıtay imperatorı U-Di elshi Shjan Syandı kóshpelı xunn qáwimlerine qarsı gúreste awqamlas hám doslar tabıw ushın jiberedi. Xunnlar Qıtaydıń arqa rayonların talan-taraj etetuǵın edi. Elshi xunnlar qolına tutqın bolıp túsedi hám on jılǵa shekem qamaqta jatadı. Ol qamaqtan qashıp, Ferǵana alabına keledi. Bul jerde ózi ushın alaptaǵı qalalardı úyrenedi. Bul qalalar Ferǵana patshalıǵına qaraslı ekenligin bilip aladı.

**Este saqlań!**
**Shjan Syannıń** júrgen jolı Ullı Jipek jolına tiykar boldı.

Shjan Syan Alay alabınan ótip watanına qaytadı. Elshi Qıtay imperatorına kórgen-bilgenlerin aytıp beredi. Ol Qıtayǵa Ferǵana atlarınan birewin hám jońıshqa tuqımınan alıp kelgen edi. Bul attı qıtaylılar *"dúldúl"* dep ataǵan. Imperator U-Di óz sarayı janında jońıshqa ektiredi. Keyin ala ol Qıtaydıń pútkil arqası boylap egiletuǵın boladı.

Shjan Syan júrgen jol boylap Qıtay elin Oraylıq hám Batıs Aziya menen baylanıstırıwshı jer júzilik áhmiyetke iye Ullı Jipek jolı dep atalıwshı karwan jolı ótetuǵın boldı.



**Shóldegi qum tóbelikleri**

## Ullı Jipek jolınıń áhmiyeti

Ullı Jipek Jolınıń tariyxı Shıǵıs hám Batıs xalıqlarınıń keń kólemdegi mádeniy



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

baylanısları hám sawda almaslawı tariyxı bolıp esaplanadı. Bul tariyx ózara baylanıs hám mádeniyatlar bayıtılıwı tariyxı bolıp, tınıshlıq hám rawajlanıw tiykarın quraǵan.

Orta Aziya bul joldıń tiykarǵı baǵdarları kesip ótetuǵın orayda jaylasqan. Bul jerde hár qıylı mámlketlerden sawdagerler, ónermentler, alımlar hám muzıkantlar keletuǵın edi.

**Este saqlań!**

Ullı Jipek jolı Shıǵıs hám Batıs mámleketleri xalıqların óz ara mádeniy baylanıslardan paydalanıw imkaniyatın berdi.



**Jipek qurtınıń pillesi**



**Ullı Jipek jolı**

### *Tayanısh konspekt*

Ullı Jipek jolı (b.e.sh. II ásir – eramızdıń XVI ásiri)

- 1877 – F. Rixtgofen
- 12 mıń km.
- Qıtay, Orta Aziya, Iran, Mesopotamiya, Aldınǵı Aziya
- óz ara tasir: mádeniy hám sawda

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Dúnyanıń kóplegen ellerin baylanıstırıp turıwshı kárwan jolları tarmaqların birinshi bolıp kim “Jipek jolı” dep ataǵan?
2. Ullı Jipek jolınıń uzınlıǵı qansha?
3. Ózbekistannıń qaysı qalaları Ullı Jipek jolında jaylasqan edi?
4. «Ullı Jipek jólı» boylap sayaxat etiń. Alıs eller hám qalalar haqqında qısqasha gúrriń dúziń.
5. Sawdagerler Ullı Jipek jolı boylap qaysı ellerden nelerdi alıp kelgen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# V - BÓLIM
# ÁYYEMGI RIM

## 37-§. Áyyemgi Italiya

### Aymaǵı hám tábiyiy sharayatı

*Apennin* yarım atawında klimatı jıllı bolıp, jıl boyı bir qálipte jawatuǵın edi. Yarım atawdı tolıq iyelegen *Italiya* elinde qurǵaqshılıq ta, qattı suwıq ta bolmaydı. Azıq-awqat ónimleriniń kópligi hám topıraq ónimdarlıǵı sebepli kóp ásirler dawamında Áyyemgi Italiya xalqınıń tiykarǵı kásibi diyqanshılıq hám sharwashılıq bolǵan. Apennin yarım atawında hám túrli qawimler jasaǵan. *Liqurlar* Italiyanin áyyemgi qawimlerinen biri bólip, sharwashılıq penen shuǵullanǵan.



**Rimlilerdiń áyyemgi mákanı**

«*Italiya*» sóziniń ózi bolsa greksheden «*buzawlar úlkesi*» dep awdarılǵan. **E.sh. VIII–VI ásirlarde** Italiya jaǵalawlarında Koloniya qurǵan grekler bul elde, sıyırlardı otlatıw ushın ájayıp otlaq jerdi birinshi bolıp tapqan edi.

Apennin yarım atawınıń eń úlken suw deregi *Po* dáryası. Apennin yarım atawınıń bárshe qáwimleri *italiylar* dep atalǵan. Italiyanıń arqa-batıs bóliminde *etrusklar* jasaǵan. Olardıń tiykarǵı kásibi diyqanshılıq bolǵan. **B.e.sh. VIII ásirge** etrusklar Italiyada 12 qala-mámleket awqamın dúzgen. Etrusklar Shıǵıs elleri menen erkin sawda-satıq etiw ushın grek koloniyaları menen gúres basladı. Afrikanıń arqa jaǵalawında jaylasqan Finikiya koloniyasi Karfagen qala-mámleketi ham Olarga qósıldı. Daslep karfagenlikler hám etrusklar ǵalaba




**Áyyemgi Italiya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Áyyemgi Rim xalqı.** *Pompeydegi diywalǵa islengen súwret*

kóterildi, biraq kóp ótpey Grek áskerleri olardı qurǵaqlıq hám teńizı kúl-talqon etti.

***Ózińizdi sınań!***

| |
|---|
| ***Italiylar – ... Etrusklar – ...*** |
| ***«Italiya»nıń mánisi – ...*** |

**Este saqlań!**

Eramızǵa shekemgi 753-jılı Rimge tiykar salınǵan sáne dep qabıl etilgen.

## Rimge tiykar salınıwı

Rim qalası *Tibr* dáryası boyındaǵı diyqanshılıq mákan jaylarınan baslanǵan. Tibr boylap jaylasqan kishi qonıslar birlesip, úlken qalaǵa aylandı. Rim jeti tóbelikte jaylasqan. Tibr tasqan waqıtlarda tóbelikler arasındaǵı oypatlıq adam óte almaytuǵın batpaqlıqqa aylanıp qalatuǵın edi. Qalanıń jaylasıwı áskeriy kózqarastan júdá qolay bolǵan. Dárya hám batpaqlıq latınlardı qońsı qáwimlerdiń hújimlerinen qorǵaytuǵın edi.

Ráwiyatqa qaraǵanda, **eramızǵa shekemgi 753-jılı** Rim qalasına aǵa-inili *Romul* hám *Rem* tárepinen tiykar salınǵan*. Dúnyaǵa kelgennen soń bóbeklerdi sebetke salıp sahámtga solib, Tibr dáryası boyında taslap ketedi. Dárya boyında olardı Ana qasqır tawıp aladı, emizedi hám baǵadı. Keyin aǵa-inililerdi bir shopon tawip alıp tarbiyalaydı.*

*Er jetkennen soń bolsa Tibr boyında qala qurıwǵa bel baylaydı. Biraq aǵa-inililer jánjellesip qalıp, Ramul óz inisin óltirip qoyadı, qalaǵa bolsa óz atın beredi.* Búgingi kúnde de, ápsanada aytılǵanday, egizeklerdi emizgen ana qasqır Rimniń tımsalı esaplanadı. **Eramızǵa shekemgi VI ásirde** Rim xalqı kóp bir qalaǵa aylandı. *Kapitoliy* tóbeliginde



**Rem hám Romuldı tawıp alǵan Ana qasqır tımsalı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolsa dushpanlardan qorǵanıw ushın qorǵan qurıladı.

## Áyyemgi Rimdi basqarıw

Dáslep rimliler óz húkimdarların saylaytuǵın edi. Húkimdarlar hám áskeriy baslıq, hám sudya, hám ruxaniy bolǵan. **B. e. sh. 509-jılǵa** shekem usı túrde dawam etti, laqabı "*Takabbır*" bolǵan *Tarkviniy* degen adam saylap qoyılǵan húkimdardı óltirip hákimiyattı iyelep aldı.

Ǵázebi kelgen xalıq qozǵalań kóterip, Tarkviniydi qaladan quwıp jiberdi. Qala xalqı pútkil hákimiyat bir adam qolında jámleniwine jol qoymaytuǵın basqarıw formasına ótiwge qarar etti. Patsha hákimiyatınıń awdarılıwı Rim respublikasınıń tiykarın jarattı.



**Tarkviniydiń qaladan quwǵın etiliwi**

**Este saqlań!**

Tákabbir Tarkviniy quwıp jiberilgennen keyin, **b.e.sh. 509-jılı** Rim respublika dep daǵazálandı.

## *Tayanısh konspekt*

- Appenin yarım atawı
- Italiya – «buzawlar úlkesi»
- ligurlar, italiklar
- b.e.sh. VIII ásir – 12 qala-mámleket awqamı
- b.e.sh. 753-jıl – Tibr dáryası boyında Rim qalasına tiykar salınıwı

## *Soraw hám tapsırmalar*

1. Kartadan Italiya aymaǵın kórsetiń hám onıń geografiyalıq ózgesheliklerin aytıp beriń.
2. Italiyaǵanıń xalqı qalay atalǵan?
3. «Italiya» sózi qalay payda bolǵan?
4. Ne ushın Ana qasqır Rimniń tımsalı esaplanadı?



**Rim ibadatxanası.** *Tiklengen*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 38-§. Rim respublikası

### Respublikanı basqarıw



**Rimniń oraylıq bólimi**

Rim patshaları áhmiyetli máselelerdi sheshiw ushın *Xalıq májlisin* shaqıratuǵın edi. Xalıq májlisi urıstı daǵazalaǵan, shártnama dúzgen, nızamlar qabıl etken hám biykarlaǵan, zárúrli barlıq ámeldar adamlardı saylap tayınlaytuǵın edi. Bul májlistiń qararın *Senat* tastıyıqlaytuǵın edi, latınshadan awdarǵanda «senat» sózi «*aqsaqallar keńesi*» degen mánisti bildiredi. Rimning tub aholisi *patritsiyler*, Rimniń ápiwayı xalqı bolsa *plebeyler* dep atalǵan. Rim basqarıwında tek patritsiyler qatnasatuǵın edi. **B. e. sh. VI ásir** baslarınan Rim mámleketi *respublika* dep júritile basladı.

Latın tilinen awdarǵanda «respublika» sózi «*xalıq isi, ulıwma is*» degen mánislerdi ańlatadı («*res*» – is, «*publika*» – xalıq). Xalq majlisi patritsiylardan eki adamdı bir jıl múddetke hákim etip saylagan. Olar *konsullar* deb atalgan.

**Este saqlań!**

**B.e.sh. VI ásirdiń** aqırınan baslap Rim mámleketi **respublika** dep atala baslaǵan.

Bay qul iyeleri túrli jollar menen saylawshılardı óz tárepine awdırıp, biypul túslik uyımlastırıp, sawǵa-sálem tarqatıp hám oǵan uqsas islerdi ámelge asıratuǵın edi.

Saylaw kúni konsullıqqa óz kandidaturasın qoyǵan bay qul iyeleri «*kandida*» dep atalıwshı juqa aq-jipek lipas kiyip alǵan. Házirgi «kandidat», yaǵnıy qandayda bir lawazımdı iyelewge háreket etiwshi talaban adam mánisin beriwshi sóz de «kandida» dan kelip shıqqan. Aq reń kandidattıń hújdanı da onıń lipasınday taza hám pák ekenligin bildirip turatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Senat – ...*** | ***Patritsiyler – ...*** |
| ***Plebeyler – ...*** | ***Respublika – ...*** |

Senat elde úlken hákimiyatqa iye bolǵan. Bir de bir nızam Senatta dodalanbay turıp, Xalıq májlisi tárepinen qabıl etilmeytuǵın edi. Tiykarǵı lawazımlı adamlar – *konsullar* bolsa tikkeley mámleketti basqaratuǵın edi. Áyyem zamanlarda eń tájiriybeli hám húrmetli adamlar Senatta orın iyelegen bolsa, waqıttıń ótiwi menen konsullar hesh bir saylawsız Senatta orın iyelep alatuǵın hám onıń ómirlik aǵzasına – *senatorǵa* aylanatuǵın abırayǵa eristi.

Urıs baslanǵan jaǵdayda yaki xalıq qozǵalańı júz bergende *diktator* hám onıń orınbasarı – atlı áskerler baslıǵı etip tayınlanatuǵın edi. Diktator sheklenbegen hákimiyatqa iye bolǵan. Biraq ol hákimiyatta altı aydan kóp tura almaytuǵın edi.



**Konsullar**

**Este saqlań!**

**Senat 300** adamnan ibarat bolǵan. Birde-bir nızam Senatta talqılanbay turıp, **Xalıq májlisi** tárepinen qabıl etilmeytuǵın edi.

***Rim respublikasınıń basqarıwı***

**Xalıq májlisi** → **Xalıq tribunları** → **Konsul**, **Konsul** → **Senat**

Hár bir konsuldı 12 adamnan ibarat húrmetli qarawıl – *liktorlar* qorıqlaytuǵın edi. Konsul jınayatshılardı jazalaw múmkinshiligine iyelik etiw belgisi sıpatında liktorlar iyinleriniń ortasına balta shanshılǵan qayısqaq arqanlardan túyin taǵıp júretuǵın edi.



**Plebeyler kóterilisi**

Konsullar eki adam bolıp, olar áhmiyetli máselelerdi sheshkende bir-birleri menen másláhátlesip alıwı kerek edi. Konsullar jıl



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dawamında Rim respublikasın basqarıp, rimlilerdi sudlaytuǵın edi. Áskeriy jaǵdaylarda bolsa, olar áskerlerge áskerbasılıq etken. Hár jılı olar Xalıq májlisine esap beretuǵın edi. Rim respublikasında *xalıq tribunı* lawazımı da shólkemlestirildi. Xalıq tribunları kámbaǵal rimliler máplerin gózleytuǵın edi. Olar májlislerde barlıq puqaralardıń teń hám jasırın dawısları menen saylanatuǵın edi. Xalıq tribunı «*veto*» (qadaǵan etemen) sózin aytıwı múmkin bolǵan, bunday jaǵdayda nızam qabıl etilmeytuǵın edi.



**Nızam buzıwshılarǵa tán jazası qollanılatuǵın edi**

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Diktator – ...*** | ***Liktorlar – ...*** |
| ***Konsullar – ...*** | ***Xalıq tribunı – ...*** |

### «12 keste nızamları»

Áyyemgi Rim nızamshılıǵı awızeki nızamlarǵa tiykarlan-ǵan edi. Sudlarda kóbinese ádalatsız nızamlar shıǵarıwshı patritsiyler májlis qılatuǵın edi. Plebeyler talabıga kóre, patritsiyden ibarat keńes dúzilip, Olar ónlaǵan nizamlar jazba jıynaǵın dúziw kerek bólǵan. Biraq keńes bul iste aqırına jetkeza almaǵan.

Sol waqıtta tiykarınan plebeylerden ibarat bolǵan Rim áskerleri qozǵalań kóteredi. Olar Rim átirapındaǵı Muqaddes tawǵa ketip qaladı hám óz nızamlarına iye bolǵan jańa qala quramız dep eskertedi. Solay etip, patritsiyler 12 kesteden ibarat jańa nızamlardı hámme kóriwi ushın Rimniń oraylıq maydanı – *Forumǵa* jaylastırǵan. Patritsiyler 12 kesteden dúzilgen jańa nızamlar qabıl etiwge májbúr bólǵan.

**Este saqlań!**

**E.sh. III ásır** baslarına kelip Rimniń barlıq puqaraları, dárejesine qaramastan nizam aldında teń dep esaplanǵan nizamlar qabıl etilgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul nızamlar jeke múlikti hesh kimge qaraslı emes dep jáҡriyaladı, plebeyler hám patritsiylerdiń teńsizligin nızamlastırdı. Tek **b.e.shekemgi III ásir** baslarına kelip Rimniń barlıq puqaraları iyelegen ornına qaramastan nızam aldında hámme teń dep esaplanatuǵın nızamlar qabıl etildi.



**Nızamlar qullarǵa tiyisli emes edi. Olardı bazarlarda erkin satatuǵın edi**

### *Tayanısh konspekt*

- respublika joqarı hákimiyatı – Xalıq májlisi
- Senat – «aqsaqallar keńesi»
- patritsiyler
- plebeyler
- respublika – «xalıq isi»
- konsullar – respublikanıń bas lawazımlı adamları
- diktator – urıs jıllarında el húkimdarı
- xalıq tribunı – Senatta Rim kámbaǵal xalıq wákilleri
- veto – «qadaǵan etemen»
- «12 keste nızamları»

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Rimde respublika basqarıwı qanday formada ámelge asırılǵan?
2. “Respublika” sózi qanday mánisti ańlatadı?
3. Diktator degen kim? Qanday jaǵdayda ol Rim húkimdarına aylanǵan?
4. Rim nızamshılıǵı haqqında aytıp beriń. Onıń ózine tán ózgesheligi nede?
5. «12 keste nızamları» kimlerdiń máplerin qorǵaytuǵın edi?



**Forum – Rimniń oraylıq maydanı.**
*Tiklengen*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 39-§. Rim respublikasınıń turmısı

### Qalalardaǵı turmıs



Akveduk (aspalı suw trubaları)

Imperiya aymaǵı keńeyip barǵan sayın qalalar da kóbeydi. Rim qalaları aldınnan puqta islengen reje tiykarında qurılǵan. Qalalarda kóplep ájayıp jámiyetlik hám turaq jay imaratları, ibadatxanalar, monshalar, sawda orınları hám dárixanalar bolǵan.



Rimliklar kiyimi – toga

Kópshilik adamlar 2–3 qabatlı imaratlarda jasaǵan. Bay adamlar ózlerine dábdebeli imaratlar qurǵan. Bunday úylerde oraylıq ısıtıw tarmaqları bolǵan: pollar ısıtıladı, trubalar arqalı úylerge suw ótip turadı. Úy *mozaikalar* – shiyshe yamasa tas bóleklerinen islengen súwretler menen bezelgen. Saltanatlı *villalardıń* diywalların *freskalar* – kewmegen sıbawǵa islengen súwretler bezep turar edi. Hár bir qala orayındaǵı *Forumda* bazar maydanı, xalıq jıynalısları ushın keń orın hám oraylıq ibadatxana bolǵan. Suw qalaǵa bir neshe qabatlı kópirge uqsaytuǵın *akveduk* arqalı aǵıp keletuǵın edi.



Merkuriy – sawda-satıq qudayı

Rim bazarlarında eń bazarı shaqqan tovar – qullar edi. Hár bir qalada qullar sawdaǵa shıǵarılatuǵın bazar bolǵan.

Adamlar kiyip júretuǵın lipaslar olardıń jámiyettegi bildirip turatuǵın edi. Mısalı, er balalar 14 jasqa tolǵanǵa shekem qızǵısh jolaq «toga» kiygen. 14 jasqa tolǵanda olar er jetken jigit bolıp esaplanadı hám appaq toga kiyip baslaydı. Tap usınday juqa jipek toganı senatorlar da kiyetuǵın edi. Rimli hayallar túrli reńdegi kóylekler kiyip, bas hám iyinlerine oramal oranatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Mozaika – ...*** | ***Akveduk – ...*** |
| ***Freska – ...*** | ***Toga – ...*** |

## Áyyemgi rimlilerdiń qudayları

Kúndelik turmısta rimliler óz qudaylarına kúsh hám qáwenderlik sorap kóp múrajat etetuǵın edi. Qudaylar ushın ullı ibadatxanalar qurıldı. Rimliler qudaylarınıń kópshiligi greklerdiń qudayların eske túsiredi. Áhmiyetli isti baslawdan aldın rimliler bul iste kúsh-quwat beriw ushın qudaylarǵa qurbanlıqlar baǵıshlaytuǵın edi.

Hár túrli qudaylar turmıstıń túrli tárepleri basqaratuǵın edi. Mısalı, sawashta jeńiliske ushıraytuǵın bolsa, demek, qaysı bir is penen urıs qudayı *Marstıń* ashıwına tiydik degen oyǵa barǵan.

Rimniń bas qudayı, aspan, gúldirmama hám jasın patshası *Yupiter* Rim mámleketiniń qáwender. Rimde qudaylarǵa sıyınıw keń en jayǵan *Neptun* teńiz qudayı, uyqı qudayı *Morfey*, aw qudayı *Diana*, ot hám temirshiler qudayı *Vulkandı,* báhár hám muxabbat qudayı *Venera,* sharap qudayı *Baxus,* ádil sudlaw qudayı bolsa *Yustitsiya*, táǵdir qudayı bolsa *Fortuna* bolıp esaplanǵan.

Ibadatxanada Rimniń bas qudayı *Yupiterdiń* úlken músini ornatılǵan. Ibadatxananıń qasında *altar* – qurbanlıq baǵıshlaytuǵın kóterme jay bolǵan. Ádette ógizler, qoylar, shoshqalar yamasa eshkiler qurbanlıq qılınǵan.



**Neptun – teńiz qudayı**



**Yupiter – shaqmaq hám gúldirmama qudayı**



**Vukan – ot hám temirshiler qudayı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Yustitsiya – adil sudlaw qudayı



Fortuna – taǵdir qudayı



Rim ibadatxanası

### *Ózińizdi sınań!*

***Áyyemgi rimlilerdiń qudayları – ...***
***Altar – ... Ibadatxana – ...***

## Diniy máresimler

Diniy máresimler qatań belgilengen qaǵıydalar boyınsha ótkizilgen. Diniy máresimler ótkiziliwin ruwxaniylar – *pontifikler* – Rim ruwxaniyları baqlap barǵan. Olar bayramlar kalendarın, máresimler saltanatlarınıń tártibin dúzedi. 5 adamnan 15 adamǵa shekemgi ruwxaniylerdi bildiriwshi pontifikler jámáátine Ullı pontifik basshılıq qıladı.Ullı pontifik qudaylar menen keńesip, úzil-kesil juwmaq beredi, dep esaplaǵan.

Rimliler barlıq zárúr islerin pal ashıwdan baslaǵan. Pal ashıw ruwxaniylar – *avgurlar* járdeminde ámelge asırılǵan. Avgurlar quslar párwazına, gúldirmamaǵa, shaqmaqqa, muqaddes quslarǵa sebilgen dánlerge, jańǵırıqqa hám taǵı basqa zatlarǵa qarap pal ashatuǵın edi. Egerde belgiler kewildegidey bolmasa, isler belgili waqıtqa keshiktiriletuǵın edi.

Shańaraq oshaǵı qudayı *Vesta* ibadatxanasında muqaddes ot saqlanatuǵın edi. Muqaddes ottı saqlaw hayal ruwxanıylar *vestalkalar* wazıypasına kiretuǵın edi. Ot janıp turǵan bolsa, mámleket bar dep esaplaǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Tayanısh konspekt*

- mozaika
- freskalar
- forum
- akveduk Mars
- qudaylar → Yupiter, Neptun, Morfey, Vulkan, Yustitsiya, Fortuna
- Ruwxanıylar – pontifikler, ruwxanıylar – avgurlar, ruwxanıylar – vestashılar



**Rim áskerleri sawash maydanında**

### Soraw hám tapsırmalar

1. Rim qalası xalqınıń turmısı haqqında sóylep beriń.
2. Rimlilerdiń kiyimleri nesi menen ajıralıp turatuǵın edi?
3. Rim qudayların sanap beriń. Olar grek qudaylarınan nesi menen parq qıladı?
4. Pontifik ruwxanıyları hám avgur ruwxanıyları degen kimler?
5. Vestashı ruwxanıylardıń tiykarǵı wazıypası ne bolǵan?



**Jaradar Rim áskeri**

## 40-§. Jer Orta teńizinde ústemlik ushın gúres

### Rim armiyası

Rimniń kúshlı áskeri sırtqı dushpanlardan qorǵaw hám qońsı mámleketlerdiń jerlerin basıp alıw uchun zarur edi. Dáslep ásk-



**Rimdegi G'alaba – triumf arkası**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Oq atıw quralı – katapulta



Rim áskerleriniń qorǵanıw quralları



Gannibal

erge adam jer-múlkke iye bolǵan rimliklerden olınǵan. Keyinirek jawınger askeriy kúshke aylangan. Armiyada 17 jastan 46 jasqa shekem bolǵan er adamlar xızmet etetuǵın edi. 80 adamnan ibarat bolǵan jawıngerler toparı *senturiyalar* dep júritilgen. Bir neshe senturiyler *kogortanı*, 10 laǵan *kogorta legiondı* quraytuǵın edi. Jawıngerlerdiń kópshiligi jaqsı bilim alǵan áskerler bolıp, Olar is haqı aliwdan tasqarı kiyim hám qural-jaraqlar menen táminlengen. Xızmet múddeti 25 jıl bolǵan. Sonsha múddettegi xızmeti esesine legioner úy-jay, jaqsı aylıq is haqı alıw hám basqa Rim aymaǵındaǵı turli úlkelerdi kóriw imkaniyatlarına da iye bolǵan.

Rimliler ózine tán sawash alıp barıw taktikasın islep shıqqan: aldın ala qala qorshap alınar, keyin bolsa *katapulta* degen qamal quralınan paydalanıp diywallardı tesip hám qalalarǵa bastırıp kiretuǵın edi. Pisken metall taqtayshalardan tiklengen uzın qamal minaraları járdeminde biyik diywallardan ótetuǵın edi.

Áskeriy toparlar imperiya aymaǵı boylap tezirek háreketleniwi ushın elde tegis jollar tarmaǵı qurıldı, bul jollar menen imperiyanıń hár qanday úlkesine jetip alıwǵa bolatuǵın edi. Imperiya shegaralarında bolsa tas qorǵanlar qurılǵan edi.

Jeńisten soń Senat qararına muwapıq Rim áskerleri jeńis (*triumf*) tı saltanatlı belgileytuǵın edi. Máresimde Áskerler aldında tórt aq tulpar qosılǵan arbada basına *lavr gúlsheńberin* qadap alǵan jeńimpaz áskerbası baratuǵın edi. Áskerbasınıń izinen oljalardı alıp baradı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Ózińizdi sınań!*

| | |
|---|---|
| ***Senturiyalar – ...*** | ***Legion – ...*** |
| ***Kogorta – ...*** | ***Triumf – ...*** |

## Puni urısları

**Biziń eramızǵa shekemgi III ásirdiń ortalarına** kelip Rim áskerbasıları pútkil Italiyanı basıp alıwǵa eristi. Solay etip Rim mámleketiniń aymaǵı keńeyip barǵan.

Bul waqıtta *Arqa Afrikaniń* jaǵalawları, *Sardiniya, Korsika* atawların óz ishine alǵan bir qúdiretli mámleket – *Karfagen* Siciliya atawınıń batıs bólimin iyelep alǵan edi. Sol Siciliya máselesi Rim hám Karfagen arasındaǵı urıslar sebebine aylanıp ketti.

Rimliler Karfagen menen úsh mártebe urıstı. Bul urıslar tariyxqa *Puni urısları* atı menen kirgen, Nelikten de rimliler karfagenlilerdi puna dep ataǵan. Birinshi urısta rimliler jeńiske eristi hám Siciliyanı basıp alıp, karfagenlilerdiń ózlerine jer salıǵın tólewge májbúr qıldı.

Karfagen qul iyeleri Ispaniyanıń úlken bir bólimin basıp aldı. Karfagen armiyasına tájiriybeli áskerbası *Gannibal* basshılıq etetuǵın edi.

**Este saqlań!**
Karfagen Armiyasına tájiriybeli sárkarda **Gannibal** basshılıq etetuǵın edi. Al Rim armiyasın sarkarda **Csipion** basqarǵan.



**Gannibal jawıngerleri**



**Rim piyadaları sawashta**

### *Ózińizdi sınań!*

***Karfagen – ... Gannibal – ... Punlar – ...***

## Karfagenniń wayran etiliwi

Gannibal áskerleriniń Ispaniyadan Italiyaǵa qarsı urısları sebebli ekinshi Puni urısı baslandı. Karfagen armiyasi *Alp* tawları eteklerine jetip baradı. Ótip bólmaslıq tu-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yulǵan tawlardan asqan Gannibal Italiya aymaǵına basıp kirdi hám **biziń eramızǵa shekemgi 216-jılı** *Kann janındaǵı* sawashta rimliler armiyasın kúl-talqan etip tasladı. Bul sawashta 70 mıń rimli legioner nabıt boldı.

**Este saqlań!**

**B.e.sh. 202-jılı** Zama qalasına jaqın jerde Gannibal armiyası Rimliler tárepinen qıyratılǵan.

Jeńilisten keyin rimliler sheshiwshi sawashlardan ózin tıya basladı. Italiya xalqı Gannibaldı qollap-quwatlamadı, sebebi Karfagen jallanba áskerleri eldi talan-taraj etip taslaǵan edi. Rimli sárkarda *Csipion* kútilmegende áskerleri menen Afrika jaǵasına kelip túskende Gannibal Karfagendi qorǵawǵa asıqtı, biraq **biziń eramızǵa shekemgi 202-jılda** onıń láshkeri *Zama* qalasına jaqın (Arqa Afrika) jerde rimliler tárepinen qıyratıldı.



**Karfagenniń wayran etiliwi**

Karfagen Rimge boysınıp ulken dárejede baylıq penen taban tólewı kerek edi. Biraq hám waqt ótip Karfagen óz qúdiretin tiklewge háreket etti.

Úshinshi Puni urısında Rimliler Karfagendi qamal etti. Qalası xalqı eki jıl Karfagenni qorǵadı, qalada ashlıq baslandı. Rimli legionerler úylerdi birme-bir basıp alıp, jolda ushıraǵan nárseni talap hám ot qoyatuǵın edi.



**Rim armiyasınıń «Tasbaqa» dep atalǵan qorǵanıw qalqanı**

Solay etip, **biziń eramızǵa shekemgi 146-jılda** Karfagen ulıwma qarabaxanaǵa aylandı. Rim áskerleri jeńis, talanǵan olja hám mıńlaǵan qullar menen Italiyaǵa qaytıp keldi.

## Rim tárepinen basıp alınǵan aymaqlar

Puni urıslarınan keyin Italiya shegarasınan ádewir uzaqta bolǵan úlken-úlken aymaqlar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da Rim hákimiyatı iyeligine ótti. Basıp alınǵan jerlerdi rimliler *provintsiya* dep ataǵan. *Sitsiliya, Korsika, Sardiniya, Ispaniya,* hám basqa aymaqlar áne usılardıń qatarına kiretuǵın edi. Provintsiyalardı basqarıwǵa nayıplar – *prokonsullar* tayınlanatuǵın edi.

Olar sheklenbegen hákimiyatqa iye bolǵan. Prokonsullar ádette bir jılǵa saylanıp. Provintsiyalar Rimge qarsı gúreske birlespewi ushın rimliler «*Bólip taslap ústemlik et*» printsipine tiykarlanıp is júrgizgen. Rimliler ayırım qalalarǵa basqaları olardı kóre almawı hám olar bir-biri menen jánjellesiwi ushın qasaqana jeńillikler beretuǵın edi.

**Este saqlań!**
Basıp alǵan jerlerin rimliler **provinciya** degen. Provintsiyalardı basqarıwǵa nayıplar – **prokonsullar** tayınlanatuǵın edi.

### *Tayanısh konspekt*

- senturiy → kogorta → legion
- Triumf
- Puni urısları: Karfagen → Gannibal; Rim → Csipion
- b.e.sh. 216-jıl – Rim imperiyasınıń kúl talqan etiliwi – Kann sawashı
- b.e. shekemgi 146-jıl – Karfagenniń wayran etiliwi
- provinciyalar
- prokonsullar
- «Bólip taslap, ústemlik et!»



**Rim atlı áskerleri**

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Triumf degen ne? Qaysı jaǵdaylarda triumf belgilengen?
2. Rim áskerleri kimlerden dúzilgen edi?
3. Puni urıslarınıń tiykarǵı sebebin aytıń.
4. Kartadan Gannibal júrisi baǵdarın kórsetiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 41-§. Qullar hám gladiatorlar

### Rimde qulshılıq



**Tas jonipatırgan qullar**

Jeńisli urıslar nátiyjesinde Rimde qullar sanı kóbeyip ketti. Erkin rimlilerdiń pikirinshe, qul pútkilley qul iyeleriniń ıqtıyarında bolǵan, bir buyım sıyaqlı edi. Qullardıń qádiri bolmaǵan, sebebi olar júdá arzan turatuǵın edi.

Rim mámleketindegi qullarda miynetten mápdarlıq sezimi hasla bolmaǵan. Olarga haq tólanmas edi. Shonıń uchun qullar mumkin bolǵanınsha az hám jamanıraq isledi. Bara-bara qullar miynettiń ónimdarlıǵı kemeyip ketgen.

Qullar miyneti qul iyeleri ushın paydalı emesligi málim boldı. Kóplegen qul iyeleri qullardı jer ijarashılarına aylandıra basladı. Qullar qozǵalańınan qorıqqan, ónimdarlıqtı asırıwǵa umtılǵan jer iyeleri óz ushastkaların kishi-kishi múlklerge bólip tasladı, erkin kámbaǵallarǵa ijaraǵa tarqatıp bere basladı.



**Rim qul iyeleri**

Áne usı ushastkalarda ijarashılar diyqanshılıq penen shuǵıllandı. Olar jerge qansha islew berse, ónimnıń sonsha kóp úlesin ózlerine qaldıratuǵın edi.

Mayda jer ijarashıları *kolonlar* dep atalǵan. Jerden paydalanıw ushın olar jer iyesine ózleri jetistirgen ónimler menen tóleytuǵın edi.

Bara-bara ulıwma qullar sanı kemeydi. Ayırım jer iyeleri xojalıq júrgiziw ushın qullarǵa kishi jer ushastkasın erkin islewge miynet qurallarин, uruwı, shańaraǵı menen birge jasawǵa ruqsat beretuǵın edi. Bunday qullar «*ılashıqlı qullar*» yaǵnıy úy-jaylı qullar dep atalǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Ózińizdi sınań!*

***Kolonlar – ... «Ilashıqlı qullar» – ...***

**Este saqlań!**

*«Ilashıqlı qullar»* – bul qul iyelewshiler tárepinen kishkene jer, miynet quralları, tuqım menen támiyinlengen qullar. Olarǵa shańaraq hám turaq jay qurıw ushın da ruqsat berilgen.

### Gladiatorlar urısları

Rimlilerdiń súyikli tamashalarınan biri *gladiatorlar* sawashı bolǵan. Kóbinese gladiatorlar qullar yamasa jınayatshılar bolǵan. Olarǵa arnawlı jabıq mektepte bilim beretuǵın, sońınan bir-birleri menen alısıwǵa, tamashagóyler kewlinen shıǵıwǵa májbúr etetuǵın edi.

Hár bir gladiatordıń júrimi hám ólimi tamashagóylerdiń qálewine baylanıslı edi. Hár bir sawash sońında tamashagóyler jeńilgen gladiator tiri qalıw-qalmaslıǵın sheshetuǵın edi. Eger tamashagóylerdiń kópshiligi oń qolınıń bas barmaǵın joqarıǵa kóterse – jeńilgen gladiator tiri qalǵan, kerisinshe, tómenge qaratılsa – onı tamashagóyler kóz aldında óltirip taslaydı. Sawashlar úlken tas stadionlar yamasa *amfiteatrlarda* bolıp ótetuǵın edi. 50 mıń tamashagóy sıyatuǵın *Kolizey* eń úlken amfiteatr bolǵan.



**Kolizeydiń sırtqı kórinisi**

Bazıda gladiatorlar úlken-úlken toparlarda sawash qılǵan, sonda saxna sawash maydanına uqsap qalatuǵın edi: óltirilgen, jaralanǵan hám jan berip atırǵan gladiatorlar hámme jerde awnap, jayrap, shashılıp jatatuǵın edi. Jáne de qızıqlı bolıwı ushın gladiatorlar sawashları kúshi teń qarsılaslar ortasında ótkizilgen. Birewinde tek qılısh hám qalqan bolsa, basqasında tor hám shanıshqı (úsh tisli nayza) bolǵan. Tor hám nayza menen qurallanǵan gladiator ózin hesh nárse menen qorǵay almasa da, ol qarsılasın tor menen orap taslawı hám shanıshqı menen óltiriwi múmkin edi. Gladiatorlardıń jabayı arıslanlar,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ashıwshaq ógizler menen gúresleri de ótkizilgen.

***Ózińizdi sınań!***

***Gladiator – ... Kolizey – ...***
***Amfiteatr – ... Shanıshqı – ...***





Gladiatorlar



Kolizey

## Spartak kóterilisi (b.e.sh. 74-71-jıl)

**B.e. shekemgi 74-jılı** baslanǵan *Spartak* basshılıǵındaǵı qullar qozǵalańı áyyemgi dúnyada eń ǵalaba hám uyımlastırılǵan kóterilislerdiń biri bolǵan.

Rim armiyasında xızmet etiwden bas tartqanı ushın Kapuya qalasındaǵı gladiatorlıq mektebine satıp jiberilgen frakiyalıq qul Spartak qullardı kóteriliske shaqırdı.

Biraq kimdur bul haqqında rimlilerge xabar jetkizedi. Sonda Spartak hám onıń 200 ge jaqın tárepdarları qarawıllarǵa hújim jasaydı hám túrmeden qashıp shıǵıp ketedi. Olar Vezuviy tawındaǵı jıralarǵa shıǵıp aladı. Áste-aqırın iyesinen qashqan basqa qullar olarǵa kelip qosıla basladı hám qozǵalań kótergenler toparı keńeyip bardı. Kóp ótpey olar 10 mıń adamǵa jetti.

Qozǵalań kótergen qullardı qıyratıwǵa jónetilgen úsh mıń áskerlik armiya Vezuviy tawları janında áskeriy lager qurdı.



**Rim búrkiti. Rim húkimdarlarınıń simvolı esaplanǵan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qamal baslandı. Biraq Spartak kútilmegen hám batıl rejeni ámelge asırdı. Qullar júzimniń jas paqallarınan zańgi toqıp, kórinbeytuǵın tárepten biyikten páske túsip aldı. Rimliler toparınıń arqasınan soqqı bergen Spartak olardı qıyratıp tasladı. Biraq kóp ótpey kóterilisshiler arasında alawızlıq payda boldı. Qullardıń bir bólimi Rimdi taslap, óz jurtlarına qaytıwdı maqul kórdi. Kóplegen qullar elden shıǵıp ketpewge, Rimdi qıyratıwdı hám óz qul iyelerinen ósh alıwdı maqset etti.

Spartakqa qarsı tájiriybeli áskerbası *Mark Krass* basshılıǵında kóp mıń sanlı ásker jiberildi. **B.e. shekemgi 71-jıldıń** báhárinde júz bergen sheshiwshi sawashta Spartak áskerleri qıyratıldı, onıń ózi bolsa sol sawashta nabıt boldı. 6 mıńnan aslam tutqınlar Rim-Kapuya aralıǵındaǵı jol boylarında darǵa mıyıqlap tashlandı.



**Spartak kóterilisi**

**Este saqlań!**

Spartak qozǵalańı **b.e.sh. 74–71-jıllar** dawamında bolıp, qozǵalań qullardıń jeńiliwi menen juwmaqlanǵan.

### *Tayanısh konspekt*

- qullar miyneti paydalı emesligi belgili boldı
- kolonlar – mayda jer ijarashıları
- «ılashıqlı qullar»
- gladiatorlar
- Kolizey amfiteatrı
- b.e. shekemgi 74-jıl – Spartak kóterilisi
- Vezuviy tawındaǵı lager
- b.e. shekemgi 71-jıl – Spartak armiyasınıń qıyralıwı

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Rimde qullardıń sanı kimlerdiń esabınan kóbeydi?
2. Qullar, kolonlar hám «ılashıqlı qullar» ornı bir-birinen qanday parıq qıladı?



**Spartaktıń qazalanıwı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Rimliler qullarǵa qanday qatnasta bolǵan?
4. Spartak basshılıǵında kóterilgen qullardıń qozǵalań orınları hám baǵdarların kartadan kórsetiń.



Rim áskerleri dem almaqta

## 42-§. Rim respublikasınıń qulawı

### Sebepleri

Qullar kóterilisi quliyelerin qattı qorqıwǵa salıp qoyadı. Quliyeleri aldında kúshli hákimiyat bolıp esaplanǵan *áskeriy diktaturanıń* ornatılıw zárúrligi haqqında másele kóldeneń turar edi. Senatorlar hám az sanlı lawazımlı adamlar úlken mámleketti kewildegidey basqarıwdı támiyinley almaytuǵın edi.

**B.e. shekemgi I ásirde** turaqlı jallanba áskerlerge tayanıwshı áskeriy baslıqlar real kúshke aylandı. Jallanba áskerlerdi Rimniń áskeriy kúsh-qúdireti hám mámlekettiń kúsheyiwi emes, al tek olja qızıqtıratuǵın edi. Jallanba áskerler ushın kimler menen sawash júrgiziw yamasa kimlerdi talawdıń parqı bolmaǵan.

Rimde bolsa mámleket baslıǵı bolıwdı qálewshi bir qansha áskerbasılar bolǵan.



Rimlilerdiń bayraqları

### Cezar hákimiyatınıń ornawı

Spartak kóterilisin bastırıp, qıyratqannan keyin *Krass* hám *Pompey* hákimiyat ushın uzaq waqıt gúres alıp bardı, biraq Rim imperiyası alıp baratırǵan gúreslerdiń birinde Krass nabıt boldı. Endi Pompey ushın *Cezar* birden-bir qáwipli qarsılas bolıp qaldı. *Galliya* urıslarındaǵı jeńisler sebepli Cezardıń tásiri hám abırayı ádewir artıp bardı.

Yuliy Cezar **b.e. shekemgi 49-jılı** Galliyadaǵı jeńisli urısınan keyin Rimge baratuǵın jolda *Rubikon* dáryasınan keship óte otırıp, jeke hákimlik ushın ashıq gúresti



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

baslap jiberdi. Cezar sol waqta bılay degen: *«Shek taslandı!»*.

Rim xalqınıń qollap-quwatlawı sheshiwshi áhmiyetke iye boldı. Pompeydiń áskerleri Ispaniyada edi. Cezar jeńiske eristi. Ol Rim *imperatorına* hám *diktatorıǵa* aylandı. Cezardıń qálew-erkinligi Rim ushın nızam kúshine iye edi.



**Cezar – Rim imperatorı**

Bul jaǵday uzaq dawam etpedi. Cezardıń sheklenbegen hákimiyatınan narazı bolǵan senatorlar jasırın til biriktiriw shólkemlestirdi. Olar Cezardı óltiriwge hám Senattıń burınǵı abırayın qayta tiklewge ant etti. Til biriktiriwshilerge Cezardıń jaqın doslarınan bolǵan *Brut* basshılıq etedi. Senattaǵı májilis waqtında til biriktiriwshiler Cezardı qorshap aldı hám shártli kórsetpe tiykarında oǵan qanjarlar menen soqqı bere basladı.

**B.e. shekemgi 44-jılı** Cezar húkimdarlıǵı tamamlandı. Biraq onıń óltiriliwi respublikanın qayta tikleniwine alıp kelmedi. Sárkardalar arasında gúres hám mámlekette puqaralardıń urusi baslanıp ketti.



**Imperator Cezardıń óltiriliwi**

### *Ózińizdi sınań!*

***Krass, Pompey, Cezar – ...***
***Brut – ... Imperator – ...***

## Hákimiyat ushın gúres aqıbetleri

Cezar óltirilgennen keyin Brut respublikanı qayta tiklewge urınıp kóredi. Biraq senatorlar aldıńǵı tártip qaǵıydalarǵa qaytıwdı qálemeytuǵın edi. Olardıń kópshiligi óz baylıǵın Cezar húkimdarlıǵı waqtında qolǵa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kirgizgen edi. Brut hám onıń tárepdarları Greciyaǵa qashıp ketiwge májbúr boladı.

Sol waqıtta Rimde Cezardıń aqlıǵı *Oktaviy* payda boladı. Ol Brut hám onıń tárepdarlarına qarsı gures basladi.



Yuliy Cezar dinarı b.e.sh. 49–48 jj.

Arqa Gretsiyada Brut áskerler tóplap, Rimge qawıp saldı. Oktavian *Mark Antoniy* menen awqam dúzedi hám Brut baslıq respublikashılardı qıyratıp taslaydı.

Sonnan keyin Oktavian Rim mámleketiniń Batıs bólimin, Antoniy bolsa Shıǵıs bólegin basqarıwdı óz qolına aladı.

Mısrǵa kelgen Antoniy Mısr málikası *Kleopatraǵa* úylenedi. Neke sawǵası sıpatında Antoniy Kleopatraǵa Rimniń shıǵıs provintsiyaların beredi. Bul Oktaviannıń narazılıǵına sebep boldı.

**B.e. shekemgi 31-jılı** Greciya jaǵalawlarında Antoniy hám Oktavian flotları ortasında sawash boladı. Sawash qızǵan bir waqıtta Kleopatra hám Antoniy *Aleksandriya* qalasına qashadı. Armiya hám flot Oktavianǵa baǵınadı. Keyingi jılı Oktavian áskerleri menen Mısrǵa jetip keledi. Antoniy hám Kleopatra ózin-ózi óltiredi, Mısr bolsa Rim imperiyasınıń provintsiyasına aylanadı. Solay etip, Oktavian pútkil Rim imperiyasınıń jeke hákimi bolıp qaladı.



Kleopatra – Mısr málikası

**B.e. shekemgi 29-jılı** Oktavian Senattan imperator ataǵın hám *Avgust* laqabın aldı. Ol Rim imperiyasınıń tiykarın salıwshı edi, bir qatar reformalar ótkerdi. Imperator keń kólemde qurılıs jumısların alıp bardı. Onıń waqtında Rimde kóplegen saraylar hám ibadatxanalar qurıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Oktavian Avgust óliminen soń onıń miyrasxorı bolǵan *Kaligula* hám *Neron* húkimdarlıǵı waqtında imperiya krizisi baslandı. Faqat tek **eramızdıń II ásiriniń** ortalarında Rimniń kúsh-qúdireti qayta tiklendi. Bul dáwir Rim imperiyasınıń «Altın ásiri» dep atalǵan.

**Eramızdıń 98-jılında** *Trayan* Rim imperator taxtın iyeledi. Trayan zamanında Dunay dáryasınıń boylarında jasawshı daklar menen urıslar alıp barıldı. Bálentligi 40 metrlik *Trayan kolonnası* óresin bezep turǵan daklar menen urıs kórinisleri súwretlengen oyıp islengen súwretler bul haqqında gúrriń etedi. Assuriya hám Mesopotamiya aymaqları Rim imperiyasınıń quramına kirdi.



**Mark Antoniy**

**Este saqlań!**

Eramızǵa shekemgi 29-jılı Oktavian Senattan imperator ataǵın hám Avgust laqabın aldı. Oktavian Rim imperiyasınıń tiykarın salıwshı edi.

### *Ózińizdi sınań!*

***Oktavian Avgust – ...*** ***Cezar – ...***
***Kleopatra – ...*** ***Trayan – ...***

### *Tayanısh konspekt*

- hákimiyat ushın gúres: Krass ham Pompey
- b.e. shekemgi 49-jıl – Yuliy Tseraz – Rim imperatorı
- Cezardıń óltiriliwi → Brut
- b.e. shekemgi 31-jıl – Antoniy hám Oktavian sawashı
- Oktavian – imperator Avgust
- eramızdıń II ásir – Rim imperiyasınıń «altın ásiri»
- eramızdıń 98-jılı – imperator Trayan Trayan kolonnası



**Imperator Oktavian Avgust**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. Rimde respublika qulawınıń tiykarǵı sebeplerin aytıń.
2. Rimde Cezar hákimiyatınıń dúziliwi qalay júz berdi?
3. Yuliy Cezardıń óltiriliwin kim hám nege uyımlastırdı?
4. Yuliy Cezar óltirilgennen keyin Rimde qanday ózgerisler boldı?
5. Jeke hákimlik ushın gúreste nege Oktavian jeńip shıqtı?



Trayan sútini

## 43-§. Rim imperiyasınıń qulawı

### Imperiyanıń qulawı

Imperator Trayan dáwirinen baslap rimliler basqınshılıq urıslardı alıp barmadı.**Eramızdıń III ásirinde** Rim imperiyasınıń kúsh-qúdireti hálsizlene basladı. Imperatordı endi armiya saylaydı, armiyanıń ózinde de túrli toparlar arasında gúres baratuǵın edi.

Sol waqıtta imperiya shegaralarınıń arqa-batıs tárepinde kóshpeli qáwimler payda boldı. Rimliler olarǵa «*varvarlar*» degen laqab bergen, yaǵniy rimliklerge qaraǵanda mádeniy rawajlanıwdıń anaǵurlım tómengi basqıshında turıwshı xalıqlardı usılay ataǵan. Soniń ushın rimlikler shegaranı úlken armiya saqlap turıwǵa májbúr edi.




Rim piyadaları

### *Ózińizdi sınań!*

***«Varvarlar» ...***

### Batıs hám Shıǵıs Rim imperiyaları

Imperator Konstantin **zamanında eramızdıń 330-jılı** Rim imperiyasınıń paytaxtı dep *Bosfor* buǵazındaǵı *Vizantiy* qalası jariyalandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Imperatordıń buyrıǵı menen qaladaǵı barlıq eski imaratlardı buzıp tasladı hám jańa qala qurıldı, Qala imperatordıń húrmetine *Konstantinopol* dep atala basladı.

Úlken imperiyanı Konstantinopoldan turıp basqarıw múshkil edi. Imperator Feodesiy óliminen keyin **eramızdıń 395-jılı** Rim imperiyası onıń eki ulı ortasında *Batıs* hám *Shıǵıs* bólimlerge bólistirildi. Batıs bólimine Italiya, Yevropa hám Arqa Aprikadaǵı walayatlar, Shıǵıs bólimine bolsa Balkan yarım atawı, Kishi Aziya hám Mısr jerleri kirgen. Shıǵıs Rim imperiyasında imperatordıń jalǵız hákimiyatı saqlandı, Batıs Rim imperiyası óz aldına mámleketlerge bóline basladı.



**Rim bosaǵasındaǵı varvarlar**

## Gotlar Rimde

**Eramızdıń 410-jılı** Alarix basshılıǵındaǵı *gotlar* Rimdi qorshap aldı. Rimliler olar menen sóylesiwler alıp bara basladı, biraq túnde qullar dárwazalardı ashıp berdi, basqınshılar qalaǵa jalpılamay kirdi. Gotlar músinlerdi joq etip, bahalı kitaplardı órtep, anıq úsh kún Rimdi taladı. Talan-taraj etilgen Rim bosap qaldı.

Germanlar sawatsız bolıp, teatrlar, kitapxanalar barmaǵan edi. Rim imperiyası shegarasına kirgennen soń Rim imaratları, arxitekturası hám músinler gózzallıǵı hám ullılıǵın múnásip bahalay almadı. Olardıń bárin ayawsız joq etip tasladı. Germanlar qorǵanlardıń qorshap orap turǵan diywallardı bekkemlew ushın Rim ibadatxanaları hám kitapxanaları imaratlarınan tas taqtalardı kóshirip alıp ketetuǵın edi. Kitaplar, músinler hám basqa kórkem óner shıǵarmaları da nabıt boldı.

**Este saqlań!**

Imperator Feodosiy óliminen soń **eramizdıń 395-jılı** Rim imperiyası onıń eki ulı ortasında Batıs hám Shıǵıs bólimlerine ajıralıp yamasa bólinip ketti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Batıs Rim imperiyasınıń qulawı



Gotlar Rimdi talamaqta

**Este saqlań!**

**Eramızdıń 410-jılında Alarix** basshılığındağı gotlar Rimdi qıyratıp tasladı.



Vandal áskeri

Gotlardıń Rimdi basıp alıwı imperiya xalqın lárzege saldı. Júz jıllar dawamında rimliler ózleriniń barlıq qarsılasları ústinen jeńiske erisken, ózlerin bolsa dúnya húkimdarı esaplaytuǵın edi. Rimdi bolsa «*máńgi qala*» dep táriplegen.

Rim xalqınıń kópshiligi Rimniń hálsirewi menen pútkil dúnya joq bolıp ketiwine isenetuǵın edi. Biraq dúnya nabıt bolmadı.

Alarix ta óldi, biraq Rimniń onnan qorqınıshlıraq dushpanı – *Attila* basshılıǵında *xunn* qáwimleri payda boldı. Attila Shıǵıs Rim imperiyasına hújim shólkemlestire basladı. **Eramızdıń 452-jılı** xunnlar Italiyaǵa bastırıp kirdi.

**Eramızdıń 455-jılında** Rimge germanlardıń vandal qáwimleri hújim jasadı, olar eki hápte dawamında qalanı taladı. Vandallar ózleri menen alıp kete almaytuǵın hámme nárseni nabıt qıldı.

**Eramızdıń 476-jılı** german qáwimleriniń Rimdegi jallanba armiya sárkardası Odoakr sońǵı imperator Romuldı taxttan awdarıp tasladı hám imperator ataǵı nıshanın Konstantinopolge jiberdi.

Aldınǵı Batıs Rim imperiyası shegaraların german qáwimleri iyelep aldı. Solay etip, **eramızdıń 476-jılı** Batıs Rim imperiyasınıń qulawı hám Áyyemgi dúnya tariyxınıń juwmaqlanıwı sánesi sıpatında tariyxqa kirdi. Usı sáneden baslap sanadan boshlab Orta ásirler tariyxı baslanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Sawash kórinisi**

> **Este saqlań!**
> **Eramızdıń 455-jılı** Rimge germanlardıń vandal qáwimleri hújim jasadı, olar eki hápte dawamında qalanı taladı.

## *Tayanısh konspekt*

- 330-jıl – Rim imperiyası paytaxtı – Vizantiya (Konstantinopol)
- 395-jıl – Rim imperiyası → Batıs / Shıǵıs
- 410-jıl – gotlar Rimdi qarabaxanaǵa aylandırdı – Alarix
- 452-jıl – xunnlardıń Italiyaǵa bastırıp kiriwi – Attila
- 455-jıl – german vandal qáwimleriniń basıp kiriwi
- 476-jıl – Batıs Rim imperiyasınıń qulawı



**Rimlilerdıń vandal qawimleri menen sawash kórinisi**

## *Soraw hám tapsırmalar*

1. Rim armiyası haqqında sóylep beriń.
2. Rimliler kimlerdi «Varvarlar» dep ataǵan? Rimliler hámrhámrlardıń qaysı qáwimleri menen soqlıǵıstı?
3. Rim imperiyasınıń Batıs hám Shıǵıs imperiyalarına bóliniw sebebi nede?
4. Rimniń basıp alınıwı haqqında aytıp beriń.
5. Batıs Rim imperiyasınıń qulaw sebeplerin aytıń.

> **Este saqlań!**
> **Eramızdıń 476-jılı** – Batıs Rim imperiyasınıń qulaǵan sánesi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 44-§. Áyyemgi Rim mádeniyatı

### Rim qul iyeleri hám qullardıń turmısı



**Bay rimliniń úy-qorǵanı**

Áyyemgi zamanlarda rimliler aristokratlar bolǵan patritsiyler bir qabatlı ápiwayı úylerde jasaytuǵın edi, xojalıqta qullar da onsha kóp bolmaǵan.

Hámqt otib rimliler turmısında keskin ózgerisler júz berdi. Bay adamlar jasaytuǵın tóbelikler qushaǵında tamasha baǵları hám sharbaqlar kóp, hawası bolsa tegis orınlarǵa qaraǵanda salamat hám taza bolǵan. Imperatordıń jaqın adamları qolaylı, ájayıp imaratlarǵa iyelik etetuǵın edi.

Bay bolmaǵan rimliler tóbelikler ortasındaǵı tegis orınlarda jasaytuǵın edi. Bul jerlerde kósheler tar hám patas bolǵan: taslandı zatlar da tuwrı kóshege taslanǵan.



**Rim termleri.** *Zamanaǵoy súwret*

Onnan qalaberse, Rim xalqınıń sanı da tez artıp bardı, sebebi Italiyanıń tórt tárepiniń úyleri wayran bólgan diyqanları paytaxtqa kóship kelgen edi.

Rimli kámbaǵallardıń mehrine erisiw ushın umtılǵan imperatorlar paytaxt xalqı ushın «*termler*» dep atalǵan kórkem monshalar qurdırǵan edi (grekshe «ıssı» sózinen, «termos» sózi de sonnan kelip shıqqan). Arzımaǵan tólem esesine hár bir rimli termlerge túsiw imkaniyatına iye bolǵan. Bul jerde júziw ushın basseynler, sport zalları bar edi. Termler qasında bilim alıw hám pánler menen shuǵıllanıw ushın kitapxana bolǵan.



**Mum menen qaplanǵan jazıw taxtası**

### Bilimlendiriw

Mádeniyattıń tiynárǵı belgisi bolǵan bilimlendiriw Rimde ózine tán edi. Balalardıń mektepte bilim alıwı ata-analardıń bilim alıw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ushın haqı tólew imkaniyatlarına baylanıslı bolǵan. Kambaǵal rimlilerdiń balaları xojalıq jumıslarında ata-analarına járdem bergenlikleri sebepli mekteplerde oqımaytuǵın edi.

Bay shańaraq perzentleri bolsa 6 jastan mektepke qatnar edi. Jazıwdı úyrenip atırǵan balalar *stil* degen metall ruchka menen háriplerdi mumiya menen qaplanǵan taqtayshalarǵa qıtırlatıp oyıp jazatuǵın edi.

**Este saqlań!**

*Stil* – mum menen qaplanǵan taxtaǵa jazıw ushın mólsherlengen temir tayaqshalar.






**Latınsha (Rim) sanlar**

Oqıw, jazıw hám esaplawdı úyrengennen keyin kópshilik bilim alıwdı tamamlaytuǵın edi. Ayırımlar grammatikada (orta mektepte) bilim alıwdı dawam etken. Ol jerda tariyx, geografiya, geometriya, muzıka hám astronomiya oqıtılatuǵın edi.

Grek tilin úyreniwge ayrıqsha itibar qaratılǵan, sebebi pánniń túrli tarmaqlarına tiyisli kitaplardıń kópshiligi grek tilinde jazılǵan edi. Siyasiy xızmetker bolıwdı qálegen hár bir adam oratorlıq *ritorikanı* – sheber sóylewdi ózlestirgen.



**Rimdegi jol qurılısı**

## Arxitektura hám músinshilik

Rim imperiyasında qurılıs isleri joqarı rawajlanǵan edi. Amfiteatrlar, cirkler, teatrlar, ibadatxanalar, saraylar, triumfal arklar hám kóp qabatlı jaylar qurıldı. Qalanı biyik diywallar qorshap turatuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Akveduk qurılısı**



**Panteon – barlıq qudaylardıń ibadatxanası**

Rim arxitekturası grek arxitekturasınan imaratlardıń ráńbáreńligi hám sulıwlıǵı menen ózgeshelenedi. **Eramızdıń I ásirinde** Rim eń iri hám xalqı kóp qala bolǵan. Sol waqıttıń ózinde mınaday naqıl sózler payda bolǵan: «*Barlıq jollar Rimge baradı*». Toǵaylar, tawlar hám batpaqlıqlar arqalı jollar saldı. Jollar menen bir qatarda Rim *vodoprovodları* – suw ótkizgishleri qaldıqları da házirge shekem saqlanıp qalǵan.

Quvurlar nishablik asosida qurılǵan bolıp, tawlardaǵı bulaqlardan suwdıń ózi aǵıp keletuǵın edi. Suw ótkizgish tarmaqların jarlar, jıralar hám alaplardan ótkeriw ushın *akveduklar* – joqarı bóliminen kanallar ótkizilgen kópirler qurılǵan.

Úlken kópirlerdi pútkilley tastan qurıw qımbatqa túser hám uzaq dawam etetuǵın edi. Rimliler jańa qurılıs materialı bolǵan *betondı* oylap tabadı.

**Este saqlań!**

Barlıq qudaylar ibadatxanası – Panteonǵa Rim imperiyasında jasap atırǵan hár bir adam kelip ózi sıyınatuǵın qudayǵa sıyınıw imkaniyatına iye bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Arxitekturalıq usıllar. Sútinler**

Rim tariyxshıları:



Kvint Kursiy Ruf



Plutarx



Tit Liviy

Qatqannan keyin ol tastan da bekkem bolıp qalǵan. Betonnıń qollanılıwı rimlilerde tez hám bekkem imaratlar qurıwǵa múmkinshilik berdi.

Beton oylap tabılǵannan keyin jaydıń tóbesi gúmbez formasında sútinlersiz qurılatuǵın boldı. Rimdegi *Panteon* (grek tilinen «barlıq qudaylar ibadatxanası» mánisinańlatadı) shu taxlitda qurilgan.

Rimniń eń úlken amfiteatrı bolǵan *Kolizey* ótmishtegi ájayıp waqıyanıń gúwası sıpatında házirge shekem saqlanǵan.

Ayyemgi Rimde ataqlı tariyxıy shıǵarmalar jaratılǵan. Tariyxshı *Tit Liviy* «Rim tariyxın» jazǵan. Plutarx grek-rim sarkardaları ómiri haqqında kitap jazıp qaldırǵan. Kvint Kursiy Ruf «Makedoniyalı Aleksandr tariyxı» shıǵarmasın jaratqan. Usı shıǵarmalar bizlerge shekem jetip kelgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Xristianlıqtıń payda bolıwı



Xristianlardıń dástlepki ibadatxanaları

Eramızdıń I ásiri baslarında Rim hákimiyatı qol astında bolǵan Palestina jerlerinde *Vifleem* qalasında «Qudaydıń ulı» ataǵın alǵan *Isus* (Isa) tuwılǵanı haqqında ráwiyatlar tarqala basladı.

*Rawayatlarǵa kóre, 30 jasında Isa on eki nafar shakirtleri (apostolları) menen Palestina boylap sayaxat etip, Quday ayatları haqqında gúrriń aytıp beredi, túrli káramatlar kórsetedi – ólilerdi tiriltedi, jasawdan úmitin úzgen dúzelmeytuǵın awırıwlardı emleydi.*

*Evrey ruwxaniyları Iysa payǵambardı bar diniy haqıyqatlardı buzıp talqılawda ayıplap, onı ólim jazasına buyıradı. Rim nayıbı Pontiy Pilat bul húkimdi tastıyıqlawı shárt edi.*



Isanıń atanaqqa qaǵıp qoyılıwı

*Rawiyatta aytılıwınsha, Isustı Golgofa tawında atanaqqa tartadı, bul jerde, jer júzindegi dáslepki insan – Adam ata jerlengen.*

*Ólgennen keyin onıń denesin bir úńgirge qoyadı, úshinshi kúni jerlew ushın kelgenler Isa Masix denesi qoyılǵan orında joqlıǵın kóredi.*

Odamlar Isa payǵambar qayta tirilip, aspanǵa kóterilgen hám Jer júzine qaytıp keliwine isengen.

Isa Masih haqqındaǵı ráwiyatlar *Evangeliya (Injil)* atın alǵan, grek tilinen awdarǵanda bul sóz «Xoshxabar» mánisin ańlatadı. Isa payǵambar tálimatınıń dawam etiwshileri *xristianlar* bolıp tabıladı. Shákirtleri apostollar (hovoriylar) bolıp tabıladı. Xristian-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lar jámáátlerine episkoplar ustazlıq etedi **Eramızdıń I ásiri** – xristianlıq júzege kelgen sáne esaplanadı.

Rim húkimdarları xristianlardı quwdalaydı, jırtqısh haywanlar pánjesine taslaydı, túrli-azaplarǵa saladı. Bul bolsa adamlardıń nazaziliǵına sebep bolatuǵın edi.

**Eramızdıń 313-jılında** imperator Konstantin xristianlardı basqa dinler menen teń bir din dep járiyalaǵan párman shıǵardı. Párman xristianlarǵa ibadatxanalar quriw hám ashıq ibadat etiwge múmkinshilik berdi.



**Imperator Konstantin**



**Ráwayatlarda aytılıwınsha, imperator Konstantin xristianliq tımsalın óz áskerleriniń qalqanlarında sızıwǵa buyurǵan hám jeńislerge erishen**

**Este saqlań!**

Xristian dini **eramızdıń I ásirinde** payda bolǵan.

12 – Tariyx, 6-sinf.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Tayanısh konspekt

- termlar
- ritorika
- arxitekturalıq usıllar
  - Korinf
  - Ion
  - Doriy
- betonnıń oylap tabılıwı
- Panteon
- tariyxshılar
  - Kvint Kursiy Ruf
  - Tit Liviy
  - Plutarx
- Isa Masix
  - Pontiy Pilat
  - Golgofa
  - I ásir
  - Evangeliya

**Este saqlań!**

**Eramızdın 313-jılında** imperator Konstantin xristianlıq basqa dinler menen teń bir din dep dağazalanğan pármán shığardı.

### Soraw hám tapsırmalar

1. Rimliklerdiń turmıs tárızi haqqında waqıya dúziń.
2. Rim mámleketinde bilimniń qaysı túrleri payda bolğan, nelerdi oqıtqan?
3. Rim músinshiliginiń ózgesheliklerin aytıń.
4. Rimdegi eń úlken qurilıstıń atın aytıń.
5. Rim Panteonı haqqında nelerdi bilesiz?
6. Isa payğambar kim? Xristianlıq haqqında nelerdi bilesiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JUWMAQLAW

Adamlar áyyemnen jaratılǵan izertlewshilik hám oylap tabıwshılıqtan paydalanıp keledi. Bular zúráátshilik usılları, dóńgelek, suw trubaları, álipbe, kalendar, sanlar, arxitektura sıyaqlı jetiskenlikleri bolıp tabıladı.

Biz házir áyyemgi qúniya xalıqları jaratqan mádeniy es-teliklerden hayran qalamız. Áyyemgi avtorlardıń kóplegen shıǵarmaları bizlerdi mártlikke, miynet súyiwshilikke, watandı qásterlewge, ádiwlewgw shaqıradı.

Watan súyiwshilik bárqulla qádirlenip kelingen. Hátte áyyemgi dáwirlerde de alıs áwladlarımız ómiri qáwip-qáter, qıyınshılıqlarǵa tolı bolıwına qaramastan insaniyat dúniyanı tanıwǵa háreket etip kelgen. Bul óz gezeginde adamlardıń ruwhıy mádeniyattıń rawajlanıwı ushın tiykarın salıwǵa xızmet qıladı.

Grek hám Rimliliklerdiń Shıǵıs mádeniyatı menen óz-ara baylanısı ilim hám óndiristiń jetiskenliklerin tezlestiriwge, dúniya mádeniyatınıń rawajlanıwına alıp keldi.

Endi siz, áyyemgi dúniya tariyxı hám Ózbekistan tariyxı neshe mıń jıllarǵa barıp taqalǵanlıǵın jaqsı bilesiz. Áyne, usı uzaq ótmishte biziń elimizde bay mádeniy miyras rawajlanıwı ushın tiykar salınǵan edi. Bul jerde áyyemgi mámleketler hám eski qalalar payda bolǵan. Zúráátshiler, ónermentshiler hám qurılısshılar ózleriniń dóretiwshilik miyneti menen úlke dańqın álemge taratqan.

Watanǵa muxabbat kóp sanlı basqınshılarǵa qarsı gúresken xalıq qaharmanları mártliklerinde belgili bolǵan. Tumaris, Shıraq, Spitaman hám basqa da kóplegen mart qaharmanlar el azatlıǵı, erkinligi ushın qurban bolǵan.

Eń dáslepki jazba derek-«Avesto»da eń jaqsı mámleket sıpatında Ózbekistannıń áyyemgi diyxanshılıq aymaqları atap ótiledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ámiwdárya jaǵalawlarında áyyemgi Xorezm jerlerinde, surqan, Qashqadárya hám Zarapshan oazislerinde zarduyshilik ulamaları jawızlıq hám jaqsılıq arasındaǵı máńgi gúres haqqındaǵı muxaddes qosıqtı atqarǵan. Olar adamlardı tınıshlıqqa, ádillik hám jaqsılıqqa jetelegen. Adamlar shańaraqqa,úyge, suw hám jerge húrmet penen qaraǵan, perzentlerine insannıń jámiyettegi joqarı ornı haqqındaǵı túsiniklerin sińdirip barǵan.

Áwladlarımızdıń tariyxtaǵı dóretiwsheńlikke umtılıwı hám mártlikleri watansúyiwshilik sezimlerine tárbiyalaydı, óz Watanınıń máplerin qorǵawǵa úyretedi.

Ózbekistan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islom Karimov milliy ǵárezsizlik ideyasınıń mazmunın ashıp bere turıp, mámleketimizdiń rawajlanıwshı milleti, tili dininen qattı názer, pútkúl Ózbekistan puqaralarınan ibarat jámiyettiń ruwhıy gúllep jasnawı hám kámil insandı tárbiyalaw menen baylanıslı ekenligin, áwladlarımızdan qalǵan bay mádeniy miyraslarımızdı qádirlew hám asırap saqlaw kerekligin túsindirip ótti.

Xalqımız. Hámiyshe jaqsılıqqa, tınıshlıq hám dóretiwsheńlikke umtıladı. Bul umtılıs bay ruwxıy-aǵartıwshılıqqa tiykarlanǵan hám mámleketimizdiń búgingi hám keleshektegi rawajlanıwı, gúllep jasnawı menen baylanıslı.

Biz, Watanımızdıń materiyallıq hám ruwxıy mádeniyatın qásterlep saqlaw, toplanǵan ruwxıy esteliklerdi kóbeyttirgen halda áwladlarımızdıń islerin dawam ettiriwimiz kerek.

Mánawiyatımızdı jetilistiriw barısındaǵı máqset hám waziypalardı ámelge asırıw ushın hár bir insan óz mámleketiniń haqıyqıy puqarası dep seziniwi bolıp tabıladı. Áyyemgi, dúniya tarixtı, ullı awladlarımızdıń bay miyrasın hám mádeniyatın tereń úyrenemiz. Búgingi kúndegi dúniya tańqalarlıq ózgerislerge bay máńgilikti sanalı túrde órnek qıla biliw. Jámiyetimizdiń hám mámleketimizdiń rawajlanıwına ózimizdiń de juwapker ekenligimizdi seze biliwimiz kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TARYIXÍY ATAMALAR SÓZLIǴI

*Avstralopitek* – eń áyyemgi adamnıń túri.

*Akveduk* – Rim dáwirinde ústinde qalaǵa suw alıp keletuǵın kanalı bolǵan biyik kópir.

*Altamir* – Ispaniyadaǵı sońǵı paleolitge tiyisli súwretler tabılǵan úńgir.

*Amfiteatr* – Sahna átiparında tamashagóyler otırıwına arnalǵan qurılmalar menen qorshalanǵan, ústi ashıq úlken aylanba imarat.

*Animizm* – Insanlardı qorshap turǵan ortalıqta tiri janlar hám ruwxlardıń barlıǵına iseniw. Latınsha «anima» sózi «jan», «ruwx» túsiniklerin ańlatadı.

*Antik tarix* – Áyyemgi Greciya hám Áyyemgi Rim dáwiri tariyxı.

*Argonavtlar* – altın terini (sıyqırlı qoshqar terisi) izlep, «Argo» degen kóp eskekli kemede teńiz sayahatına shıqqan Ellada qaharmanları.

*Arxeologiya* – Grekshe «arxayos» – áyyemgi,«logos» – ilim, degen mánilerdi bildiredi, ápsanalardı úyreniwshi hám olar boyınsha tariyxıy ótmishti qayta tiklewshi ilim; ótmish haqqında ili.

*Budda* – Siddhartha Gautamanıń ekinshi atı, laqabı; «Bilimlengen» túrinde awdarma etiledi.

*Buddalıq* – biziń eramızǵa shekemgi VI ásirde Hindistanda Siddhartha Gautama tárepinen tiykar salınǵan diniy táliymat.

*Gilgamish* – Mesopotamiyadaǵı ápsanalıq qaharmanı, tariyxıy shaxs, Uruk qalasınıń patshası.

*Goplit* – Áyyemgi Greciya hám Greciya-Makedoniya armiyalarınıń awır qurallanǵan piyada áskerleri.

*Demokratiya* – Grekshe «xalıq hákimiyatı», hár bir puqara óz mámleketin basqarıw máselesi boyınsha óz pikirlerin bayan etetuǵın, sonday-aq, mámleket basqarıwında qatnasa alatuǵın jámiyetlik dúzim.

*Zikkurat* – joqarısında ibadatxanası bolǵan teksheleri úlken hám bálent bolǵan imarat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Ibadatxana* – muqaddes dep járiya etilgen, adamlar qudaylarǵa sıyınatuǵın imarat yamasa orın.

*Koloniyalar* – áyyemgi dáwirlerde óz jurtın tárk etip ketken adamlar tárepinen jańa jerlerdiń ashılıwına tiykar salınǵan qonıslar hám dalalar.

*Konsul* – Respublika waqtında joqarı siyasiy lawazım. Hár jılı saylawdan eki konsul Senat hám armiyaǵa basshılıq etken.

*Papirus* – paqalıınıń maǵıızı jazıw jazıwǵa material tayarlaw ushın paydalanılatuǵın qamıs.

*Patriciylar* – Rimniń túpkilikli turǵıları.

*Piramida* – firaunlar maqbarası, saltanatlı tas imarat.

*Plebeyler* – Rimge kóship kelgen adamlar hám olardıń áwladları.

*Respublika* – «ulıwmalıq jumıs» mánisin ańlatadı; dúzim atı.

*Senat* – «Aqsaqallar keńesi» mánisin ańlatadı.

*Sfinks* – denesi arıslan hám bası adamdiki bolǵan, piramidalardı qorǵawshı úlken háykel-ápsanalıq maqluq.

*Termler* – Áyyemgi Rim qalasındaǵı jámiyetlik monshalar.

*Falanga* – awır qurallanǵan áskerlerdiń bir neshe,ádette 9 yamasa 16 qatarma-qatar sap tartıwı.

*Firawn* – Mısr húkimdarlıǵı; «ullı shańaraq» mánisin aılatadı.

*Forum* – Rimde jıynalıw ornı hám sawda-satıq maydanı bolıp xızmet etken qala orayı.

*Xronologiya* – ásirler, dáwirler, waqıt ólshemi haqqóndaǵı ilim; hár túrli waqıyalar sánesei xronologiya járdeminde anıqlanadı hám anıqlastırıladı.

*Civilizaciya* – áyyemgi jámiyet rawajlanıwınıń bir qansha joqarı dárejesi (qalalar, jazıw hám mámleketlerdiń rawajlanıwı).

*Ellinler* – áyyemgi Grekler; áyyemgi Greciyanıń barlıq jasawshı xalıqları usılayınsha atalǵan.

*Qul* – óziniń bir adamlıq múlki bolǵan hám jumısshı adam sıpatında jallanatuǵın erksiz adam («sóylewshi miynet quralı»); quldı satıp alıw hám satıp jiberiw múmkin bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JUWMAQLAWSHI TÁKIRARLAW

Áyyemgi dúnya tariyxın úyrenip atırǵanda tariyxqa baylanıslı atamalar hám atlardı qanshelli wózlestirgenińizdi bir tekserip kóriń. Nabada, qıynalatuǵın bolsańız, kórsetilgen betlerdegi teksten paydalanıń.

*avgurlar – 154*
*avstralopitek – 13*
*agora – 93*
*akveduk – 152*
*akinak – 124*
*akropol – 87*
*altar – 153*
*amfiteatr – 161*
*animizm – 15*
*antropologlar – 8*
*aristokratiya – 93*
*arxeologlar – 8*
*buddashılıq – 66*
*gladiatorlar – 161*
*giksoslar – 32*
*goplitlar – 86*
*demokratiya – 93*
*doriylar – 85*
*jazba derekler – 6,9*
*zardushtiylik – 80*
*zikkurat – 45, 47*
*zinjantrop – 13*
*ierogliflar – 40*
*ilotlar – 89*
*imperator – 165*
*ózlestiriwshi xojalıq – 20*
*kasta (varna)lar – 63*
*koloniyalar – 91*
*kolonlar – 160*
*konsul – 148*
*kromanyon – 14,18*
*gúlalshılıq – 44*
*liktor – 149*
*legion – 156*
*liqurlar – 145*
*lingvistler – 8*
*matriarxat – 11*
*metekler – 87, 94*
*mezolit – 12, 18*
*mikrolitler – 20*
*mixxat – 44, 51, 60*
*mozaika – 152*
*mumiyalaw – 38*
*neandertal – 13*
*neolit – 12,20*
*«nom»lar – 30, 31*
*numizmatika – 5*
*oromiy jazıwı – 139*
*ossuariy – 82*
*paleolit – 12, 23*
*palestra – 88*
*papirus – 28, 40*
*patriarxat – 12*
*patritsiylar – 148,*
*perieklar – 90*
*pitekantrop – 13*
*plebeylar – 149*
*polislar – 86*
*pontifik – 154*
*prokonsullar – 159*
*provinciyalar – 159*
*jartas súwretleri – 20*
*sagaris – 124*
*sarkofag – 37*
*sanskrit – 66*
*satrap – 120, 125*
*sfinks – 38*
*sinantrop – 13*
*ılaydan jasalǵan ıdıs-tabaqlar – 21, 77*
*stil – 88, 173*
*strateg – 95*
*termler – 172*
*triyera – 100*
*urıw – 11*
*urıwlıq jámááti – 11*
*filosof – 112*
*falanga – 87, 99, 102*
*fetishizm – 16*
*firaun – 30*
*civilizaciya – 5, 28*
*shıǵır – 138*
*shopperlar – 14*
*ellinler – 92*
*ellinlestiriw – 129*
*epigrafika – 5*
*etnograflar – 8*
*ózlestiriwshi xojalıq – 15*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍNA TIYISLI TARIYXÍY HÁM GEOGRAFIYALÍQ ATAMALAR


*Ayritom – 139*
*Akkad – 43, 47*
*Aleksandriya Esxata – 126*
*Altamir – 16*
*Apennin – 90,145*
*Afina – 87, 93*
*Afrasiyab – 78,124*
*Baqtra (Zariasp) – 125,126*
*Baqtriya – 76*
*Behistun – 9, 60*
*Bobil – 49, 51*
*Vezuviy – 162*
*Vizantiy – 169*
*Gang – 61*
*Golgofa – 176*
*Dovon – 135*
*Dajla – 43*
*Dalvarzintóbe – 139*
*Yerqo'rg'on – 78*
*Jarqo'ton – 24*
*Janbasqala – 133*
*Zamanbaba – 23*
*Zarautsay – 19*
*Zartóbe – 139*
*Zinj – 13*
*Eki dárya aralıǵı – 43*
*Italiya – 145*
*Karfagen – 146,157*
*Kózaliqir – 78*
*Konstantinopol – 168*
*Korinf – 103*
*Korsika – 157*
*Koshala – 65*
*Krit (Knoss) – 85*
*Kurushkat (Kiropolis) – 126*
*Lagash – 45*
*Lakonika – 89*
*Lasko – 16*
*Liviya – 32*
*Magadha – 65*
*Makedoniya – 102*
*Malla – 65*
*Marafon – 98*
*Margiyana – 118*
*Maroqanda – 126*
*Maurya – 65*
*Mashay – 19*
*Memfis – 30*
*Mesopotamiya – 43*
*Midiya – 58*
*Miken – 85*
*Misr – 28*
*Mitanni – 54*
*Moxenjodaro – 62*
*Nil – 28*
*Nineviya – 53*
*Nubiya – 32*
*Obishir – 19*
*Oks (Ámudarya) – 125*
*Olviya – 91*
*Olimpiya – 106*
*Assuriya – 53*
*Oshshur – 53*
*Pantikapey – 91*
*Parfiya – 130*
*Pataliputra – 65*
*Peloponnes – 84*
*Persepol – 59*
*Pirey – 88*
*Rim – 146*
*Rozett – 40*
*Sardiniya – 157*
*Selungur – 14*
*Sidon – 55*
*Sóǵdiyona – 76*
*Sopollitóbe – 23*
*Sparta – 89*
*Suza – 59*
*Suriya – 32*
*Teyshebaini – 55*
*Tesiktash – 14*
*Tir – 55*
*Troya –107*
*Tushpa – 55*
*Uzunqır – 78*
*Ur – 45*
*Urartu – 54*
*Uruk – 45*
*Palestin – 55*
*Finikiya – 53, 55*
*Fiva – 31*
*Frot – 43*
*Xarappa – 62*
*Xattusa – 54*
*Xersones – 91*
*Xolchayon – 140*
*Xuanxe – 68*
*Shumer – 43, 47*




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍNDAǴÍ ATAMALAR


*Alarix – 170, 171*
*Antiox – 129*
*Antoniy – 166, 167*
*Aristofan – 109, 110*
*Arrian – 9, 10*
*Arximed – 112, 113*
*Attila – 170*
*Ashoka – 65*
*Bess – 124*
*Brut – 165, 166*
*Budda – 66, 67, 68*
*Vima Kadfiz – 138*
*Gannibal – 157, 158*
*Geraklit – 111, 112*
*Gerodot – 9, 96, 112*
*Gilgamish – 46*
*Gomer – 107, 108*
*Demetriy – 130*
*Demokrit – 112*
*Demosfen – 102, 103*
*Diodot – 130*
*Diogen – 111, 112*
*Doro I – 9, 57, 58, 59, 60, 98, 119*
*Doro III – 124*
*Drakont – 93*
*Dyuperron A. – 81*
*Zardusht – 80, 81*
*Isa Masih – 176*
*Kaligula –167*
*Kambiz II – 34, 58*
*Kanishka – 138, 140*
*Kiaksar – 58*
*Kir II – 34, 58, 118*
*Kleopatra –166*
*Konstantin – 168*
*Krass – 163, 164*
*Kserks – 100, 121*
*Kudzula Kadfiz – 138*
*Kvint Kursiy Ruf – 9*
*Leonid – 100*
*Lyu Ban – 73*
*Aleksandr Makedonskiy – 9, 54, 59, 65, 112, 124, 125, 128*
*Menes – 30*
*Menkaura – 37*
*Miltiad – 99*
*Miron – 88*
*Mitridat I – 131*
*Neron – 167*
*Oktavian Avgust – 167*
*Oshshur-banapal – 54*
*Perikl – 96, 97*
*Platon – 113*
*Poliyen – 120*
*Pompey – 164*
*Pontiy Pilat – 176*
*Rixtgofen F. – 141*
*Romul – 146, 170*
*Salavk – 129, 130*
*Sargon I – 47, 48*
*Cezar – 164, 165*
*Shixuandi – 71, 72*
*Sofokl – 109*
*Sokrat – 113, 114*
*Solon – 94, 95*
*Spartak – 162, 163*
*Spitaman – 125, 126*
*Strabon – 9*
*Ssipion – 157, 158*
*Tarkviniy – 147*
*Tit Liviy – 175*
*To‘maris – 118*
*Trayan – 167, 168*
*Tutanxamon – 26, 32, 38*
*Tutmos II – 33*
*Tutmos III – 33*
*U-Di – 73, 143*
*Feodosiy – 169*
*Fidiy – 96, 110*
*Filipp II – 102, 103*
*Frada – 119*
*Xammurapi – 49, 50*
*Xafra – 37*
*Xufu (Xeops) – 37*
*Chandragupta – 65*
*Shampolyon J.F. – 40*
*Shiroq – 120*
*Yevtidem – 130*
*Yaxmos – 33*




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍ SÁNELERDE

**b.e.sh. I mln–100-mıń jıllıqlar** – Orta Aziyada dáslepki paleolit dáwiri.
**b.e.sh. 100–40-mıń jıllıqlar** – Orta paleolit dáwiri.
**b.e.sh. 40-12-mıńjıllıqlar** – sońǵı paleolit dáwiri.
**b.e.sh. 12-7-mıńjıllıqlar** mezolit dáwiri.
**b.e.sh. 4-3-mıńjıllıqtıń** wortaları – eneolit dáwiri.
**b.e.sh. 4-mıńjıllıq** – Mesopotamiyada shumer hám akkadlardıń. mákan jayları, Uruk, Eridu, Lagash, Ur qalalarınıń payda bolıwı.
**b.e.sh. 4-mıńjıllıq** – Nil jaǵalawlarında mákan jaylardıń payda bolıwı.
**b.e.sh. 2600-jıl** – Mısrda Xeops – (Xufu) piramidası qurılısı.
**b.e.sh. 3-mıńjıllıq** – Elam mámleketiniń payda bolıwı.
**b.e.sh. 3-2-mıńjıllıqlar** – Qıtayda tsivilizaciyanıń payda bolıwı.
**b.e.sh. 3-mıńjıllıq** – Moxenjadoro hám Xarappa qalalarınıń payda bolıwı.
**b.e.sh. 3-mıńjıllıqtıń wortaları** – 2-mıńjıllıq-qola dáwiri.
**b.e.sh. 3-2-mıńjıllıq** «Lal jolı»nıń rawajlanıwı.
**b.e.sh. 2-mıńjıllıq** – Aldıńǵı Aziya aymaǵında dáslepki iri mámleketlerdiń payda bolıwı. Xelt, Mitanni, Assuriya.
**b.e.sh. 2-mıńjıllıq** – Bobıl patshalıǵınıń dúziliwi.
**b.e.sh. 2-mıńjıllıq** – Zamanbaba, Sopollitepa hám Jarqorǵan sıyaqlı iri diyqanshılıq mákan jaylarınıń dúziliwi.
**b.e.sh. 2-mıńjıllıq** – Miken hám Krit mámleketleriniń dúziliwi.
**b.e.sh. XVIII ásir** – Bobil húkimdarı Xammurapi (b.e.sh. 1792-1750-j) Mesopotamiyanı bir mámleketke birlestirdi.
**b.e.sh. 1500-jıl** – Firaun Tutmos II nıń iri basqınshılıq atlanısları.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**b.e.sh. XIII ásir** – Assuriya mámleketi patsha Salamanasar dáwirinde wo'z gúlleniwiniń joqarı shıńına erisken.
**b.e.sh. XIII ásir** – «teńis xalıqları» Xattusani búlginshilikke ushırattı.
**b.e.sh. 1200-jıl** – Miken mámleketiniń doriylar tárepinen búlginshilikke ushırawı.
**b.e.sh. XII ásir** – doriylar Lakonikanı basıp aldı hám Sparta qalasına tiykar saldı.
**b.e.sh. XI ásir** – Izrail mámleketiniń dúziliwi.
**b.e.sh. IX ásir** – parsılardıń Irannıń túsligine jaylasıwı.
**b.e.sh. IX ásir** – Urartu mámleketiniń eń gúllegen dáwiri.
**b.e.sh. VIII-VI ásirler** – Ullı Grek koloniyaları.
**b.e.sh. VIII-VI ásirler** – Xersones, Pantikapey, Tanais, Fasis, Trapezund koloniyalarınıń payda bolıwı.
**b.e.sh. 1-mıńjıllıq** – zardushtiyliktiń Orta Aziya aymaǵında tarqalıwı.
**b.e.sh. IX-VIII ásirler** – Orta Aziyada temir ásirge wo'tiw dáwiri.
**b.e.sh. VIII ásir** – Italiyada 12 qala-awqamınıń payda bolıwı.
**b.e.sh. 776-jıl** – Olimpiada woyınlarınıń birinshi ret wo'tkeriliwi.
**b.e.sh. 753-jıl** – Rimniń dúziliwi.
**b.e.sh. VII ásir** – Mısrdıń jáne bir mámleketke birlesiwi.
**b.e.sh. VII ásir** – A'yyemgi Baktriya patshalıǵınıń dúziliwi.
**b.e.sh. VII ásir** – Xorezmde Gúzeliqır qalasınıń payda bolıwı.
**b.e.sh. VII-IV ásirler** – Qızıltepa, Afrosiyob, Uzınqır, Jerqorǵan, Gúzeliqır qalalarınıń rawajlanıwı.
**b.e.sh. VII-VI ásirler** – Hindstanda Magadha, Koshala, Malla mámleketleriniń payda bolıwı.
**b.e.sh. VII-V ásirler** – Qıtayda «ko'p patshalıq» dáwiri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**b.e.sh. 621-jıl** – Drakont nızamlarınıń qabıl etiliwi.
**b.e.sh. 605-jıl** – Assuriya patshalıǵınıń qulawı.
**b.e.sh. 594-jıl** – Afinada Solon reformalarınıń wo'tkeriliwi.
**b.e.sh. 558-jıl** – Parsı patshalıǵınıń dúziliwi (Kir II).
**b.e.sh. 545-540-jıllar** – Parfiya, Marǵiyona hám Baktriyanıń Kir II tárepinen basıp alınıwı.
**b.e.sh. 539-jıl** – Bobildıń parsılar tárepinen basıp alınıwı.
**b.e.sh. 530-jıl** – Kir II niń Orta Aziyada nabıt bolıwı (Tomaris).
**b.e.sh. 525-jıl** – Mısrdıń áyyemgi parsı patshası Kambiz tárepinen basıp alınıwı.
**b.e.sh. 522-jıl** – Dara I – saltanattıń satraplıqqa bo'liniwi.
**b.e.sh. 522-jıl** – Dara I ge qarsı Frada qozǵalańı.
**b.e.sh. 519-jıl** – Sak qáwimlerine qarsı Dara II niń basqınshılıq atlanısları (Shıraqtıń erligi).
**b.e.sh. 509-jıl** – Rimde Pespublikanıń jariyalanıwı.
**b.e.sh. V-IV ásirler** – Orta Aziya aymaǵında dáslepki teńgelerdiń tarqalıwı.
**b.e.sh. 490-449-jıllar** – Grek-parsı urısları.
**b.e.sh. 490-jıl** – Marafon woypatındaǵı sawash.
**b.e.sh. 480-jıl** – Fermopil sawashı (úshjúz Spartalı erligi).
**b.e.sh. 480-jıl** – greklerdiń parsılar menen alıp barǵan Salamin sawashı.
**b.e.sh. 479-jıl** – Plateya qalası janındaǵı sawash – greklerdiń jeńisi.
**b.e.sh. 443-429-jıllar** – Afinada strateg Perikl húkimranlıǵı.
**b.e.sh. IV ásir** – xorezmiyler, saklar hám massagetlerdiń Ahamaniylar zulımınan azat bolıwı.
**b.e.sh. 338-jıl** – Xeronya janındaǵı sawash – makedoniyalılar tárepinen greklerdiń qıyratılıwı.
**b.e.sh. 337-jıl** – grek qalalarınıń qala-mámleketler awqamına birlesiwi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**b.e.sh. 334-jıl** – Aleksandr Makedonskiydiń Shıǵısqa atlanısı.
**b.e.sh. 330-jıl** Aleksandr Makedonskiy tárepinen Ahamaniylar saltanatınıń basıp alınıwı.
**b.e.sh. 329-jıl** – Aleksandr Makedonskiydiń basshılıǵındaǵı grek-makedonlar tárepinen Maroqandtıń basıp alınıwı.
**b.e.sh. 329-jıl** – Zarafshan dáryası jaǵalawlarındaǵı sawashta grek-makedon áskerleriniń qıyratılıwı (Spitamen).
**b.e.sh. 328-jıl** – Aleksandr Makedonskiy armiyası menen sawashta Spitamenniń jeńiliwi.
**b.e.sh. 327-jıl** – Aleksandr Makedonskiy tarepinen Hindstannıń basıp alınıwı.
**b.e.sh. 323-jıl** – Aleksandr Makedonskiydiń ólimi.
**b.e.sh. 318-jıl** – Shandragupta tárepinen grek-makedonlardıń Hindstannan quwıp shıǵarılıwı.
**b.e.sh. 312-jıl** – Salavka húkimranlıǵınıń baslanıwı – Salavkiyler mámleketiniń tiykarın salıwshı.
**b.e.sh. 280-jıl** – Salavkiyler mámleketiniń húkimdarı Antiox.
**b.e.sh. III ásir** – Birden-bir Sin mámleketiniń dúziliwi.
**b.e.sh. 250-jıl** – Grek-Baktriya patshalıǵınıń dúziliwi.
**b.e.sh. 250-jıl** – Parfiya mámleketiniń dúziliwi.
**b.e.sh. III ásir** – Zardusht tálimatınıń barlıq tekstleri 21 kitapqa jámlengen.
**b.e.sh. III ásir** – Qańha mámleketiniń dúziliwi.
**b.e.sh. III ásir** – Dovon mámleketiniń dúziliwi.
**b.e.sh. III ásir** – Xorezmdegi Janbasqala hám Qoyqırılǵan qalalar.
**b.e.sh. 246-210-jıllar** – Qıtayda Sin Shixuandi húkimranlıǵı.
**b.e.sh. 216-jıl** – Kann janında Rim armiyasınıń qıyratılıwı.
**b.e.sh. 206-jıl** – Qıtayda Sin dinastiyasına qarsı qozǵalań.
**b.e.sh. 202-jıl** – Zama qalası janında rimliler tárepinen Karfagen armiyasınıń qıyratılıwı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**b.e.sh. 140-87-jıllar** – Qıtayda U-Di húkimranlıǵı.
**b.e.sh. II ásir** – Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi.
**b.e.sh. 146-jıl** – rimliler tárepinen Karfagenniń búlginshilikke ushırawı.
**b.e.sh. 140 yaki 130-jıl** – Grek-Baktriya mámleketiniń yueshji (kushan)lar tárepinen basıp alınıwı.
**b.e.sh. I ásir** – Parfiya mámleketiniń gúlleniwi.
**b.e.sh. I ásir** – Qıtayda qaǵazdıń woylap tabılıwı.
**b.e.sh. 74-jıl** – Spartak qozǵalańı.
**b.e.sh. 71-jıl** – Spartak armiyasınıń qıyratılıwı.
**b.e.sh. 55-jıl** – Karra qalası janında Krass armiyasınıń qıyratılıwı.
**b.e.sh. 49-jıl** – Yuliy Cezar – Rim imperatorı.
**b.e.sh. 29-jıl** – Oktavianǵa Senat tárepinen imperator dárejesi hám Avgust laqabınıń beriliwi.
**eramızdıń 98-jılı** – Rim imperatorı Trayan dáwırınde mámlekettiń krizisten shıǵıwı.
**eramızdıń 330-jılı** – Rim imperiyasınıń paytaxtı – Vizantiya (Konstantinopol).
**eramızdıń 394-jılı** – Olimpiada woyınları wo'tkeriliwiniń toqtatılıwı.
**eramızdıń 395-jılı** – Rim imperiyasınıń bo'liniwi: Batıs hám Shıǵıs.
**eramızdıń 410-jılı** – Alarix basshılıǵındaǵı gotlar tárepinen Rimniń qıyratılıwı.
**eramızdıń 452-jılı** – Italiyaǵa Xunnlardıń bastırıp kiriwi – Attila.
**eramızdıń 455-jılı** – Rimniń vandallar (german qáwimleri) tárepinen basıp alınıwı.
**eramızdıń 476-jılı** – Batıs Rim imperiyasınıń qulawı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**ANATOLIY SAGDULLAYEVICH SAGDULLAYEV**
**VASILIY ANUFRIYEVICH KOSTETSKIY**

*O'quv nashri*

# TARIX
# QADIMGI DUNYO

*Umumiy o'rta ta'lim maktablarining 6-sinf o'quvchilari uchun darslik*

*(Qoraqalpoq tilida)*

*Tuzatilgan va to'ldirilgan qoraqalpoqchada oltinchi nashr*

Toshkent – «Yangiyo'l poligraf servis» – 2017
Nashriyot litsenziyasi AI №185, 10.05.2011 y.

Awdarǵan *M. Embergenova*

Redaktor *R. Baretova*

Texnik redaktor *M. Riksiyev*

Basıwǵa ruqsat etildi 20.08.2017. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$.
«Arial» garniturası. Kegli 12,11. Ofset baspa usılında basıldı.
Esap baspa tabaǵı 12,0. Shártli baspa tabaǵı 14,04.
Nusqası 11 171.
Buyırtpa № 17-305.

«O'zbekiston» NMIU bosmaxonasida bosildi.
100129, Toshkent sh., Navoiy k., 30.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## İjaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste

| № | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırıl-ǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqaba pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıratılǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıq joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, biraz sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betler qayta islengen, ayırım betler sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan tiykarǵı bólimnen ajratılǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsız islengen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklewge bolmaydı. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE